Альфа ҳәм Омега

# НЫЗАМНЫҢ ҚАЙТАЛАНЫЎЫ

14 сабақлықта



Реджеп ҳәм Лейла Айдын

Альфа ҳәм Омега

# НЫЗАМНЫҢ ҚАЙТАЛАНЫЎЫ

14 сабақлықта



Реджеп ҳәм Лейла Айдын

© 2025 Альфа ҳәм Омегадан. Барлық хуқықлар сақланған.
*alphaomegasilkroad@gmail.com*

© 2025 Қарақалпақ тилинде басып шығарылыў.
Рухсат пенен аўдарылған. Барлық хуқықлар сақланған.

Барлық сүўретлерди Джим салды.
© 2025 Джим. Барлық хуқықлар сақланған.

Барлық авторлық хуқықлар сақланған. Барлық аятлар Мухаддес Китаптан алынған.
Мухаддес Китап © КркМК22 2022

# Кирисиў

**Усы курстың таярлығында бизлер төмендеги авторларға миннетдаршылық билдиремиз:**

Кристофер Райттың *Нызамның қайталаныўы* (New International Biblical Commentary, Hendrickson, 1996)
Рэймонд Браунның *Нызамның қайталаныўы хаты* (The Bible Speaks Today, IVP,1993)
Алек Мотьердың *Нызамның қайталаныўы* (10Publishing, 2016)
Белгиленген аятлардан басқалары Барлық аятлар Мухаддес Китаптан алынған.
Мухаддес Китап © КркМК22 2022

Курстың қалған бөлими бизлердиң жеке илимий жумысымызға, Лейланың Мухаддес Китап бойынша дипломына, бизлердиң еситкен сансыз ўазларымызға, оқыған китапларымызға ҳәм мусылман халқынан келип шыққан исениўшилер менен ислесиў бойынша отыз жыллық тәжирийбемизге тийкарланған. Бул курс мусылман халқынан келип шыққан исениўшилердиң тәлим мүтәжликлерин қанаатландырып, оларда ушырасатуғын сораўларға жуўапларды өз ишине алады. Бул сабақлықты әпиўайы исениўшилер басқа исениўшилер менен бирге Қудайдың Сөзин түсиниўде ҳәм Оған болған сүйиспеншиликте өсиў нийетинде ушырасқанда пайдаланыўы мүмкин.

# Не ушын Нызамның қайталаныўы китабын үйрениў керек?

Нызамның қайталаныўы китабы пүткил Ески Келисимниң тийкары болған тәлимди өз ишине алады.

Бизлер усы китаптың Ески Келисимдеги ҳәр бир пайғамбарға (әсиресе Еремия), Израилдың патшаларына (мысалы 4 Патшалар 22:8), Забур китабына ҳәм Сулайманның ўазларына болған тәсирин көрип атырмыз.

Ийса Масийх Нызамның қайталаныўы Китабының аятларын Ески Келисимниң басқа китапларына қарағанда жийи пайдаланған (мысалы Матта 4:1–11; 5:33; 19:18–19).

Жаңа Келисимде усы китаптан алынған көп аятлар ҳәм силтемелер бар.

Усы китап тек ғана Ески Келисимдеги Израил халқына емес, ал бүгинги күнде ҳәр биримизге жиберилген. Оны үйренип атырғанда, бизлердиң әжайып Қудайымыздың ким екенин ҳәм Ол бизлер ушын не қылғанын жақсырақ түсинемиз.

Усы 14 сабақ сол әжайып китап пенен танысыўға сизлерге жәрдем береди!

Егер сиз «Альфа ҳәм Омега: Мухаддес Китапты шолыў» деген курсты үйренип шықпаған болсаңыз, сиз ушын усы курсты басламастан алдын оны үйренгениңиз пайдалы болады.

Ҳәр бир сабақта сиз жуўап бериў керек болған көплеген сораўлар бар. Ҳәр бир сораўлардың соңында қаўыслардың ишиндеги санлар сабақтың ақырындағы жуўапларға жетелейди. Бирақ сол жуўапқа қарамастан алдын сораўға өзиңиз жуўап бериўге ҳәрекет етиң!

Ҳәр бир сабақта Мухаддес Китаптың басқа жериндеги аятларға да тийкарланады. Егер олар **қалың шрифт** пенен белгиленген болса, оларды излеп таўып, оқыў керек. Егер олар қалың шрифт пенен белгиленген болмаса, ўақыт болғанда оларды излеп таўып оқып көриўиңизге болады.

«Қосымша» деген бөлимлер, усы китап ҳаққында көбирек билгиси келгенлер ушын арналған. Оны сабақ даўамында ямаса үй тапсырма сыпатында пайдалансаңыз болады.

Усы әжайып китапты үйрениўди унатыўыңыз ҳәм буны басқалар менен бөлисиўиңиз ушын дуўа етемен!

Нызамның қайталаныўы 1-Сабақ:

# Пайғамбар ҳәм Ўәде



## Кирисиў

### Улыўма мағлыўмат

Нызамның қайталаныўы китабында Қудайдың Өз хызметкери Муўса арқалы Өзиниң халқына айтқан қымбат-баҳалы сөзлери бар. Муўса буларды Қудайдың ўәде еткен жерине, яғный Қанан жерине кирмесинен алдын айтты.




Усы китаптағыдан алдынғы болған ўақыяларды Жаратылыс, Шығыў ҳәм Санлар китапларынан табасыз.

Төменде жазылған тастыйықлаўларды оқың ҳәм оларға қарамай қайталап көриң:

- Жаратқан Ийе ҳәмме нәрсени жақсы қылып жаратты: дүньяны ҳәм биринши еки адамды, Адам-ата менен Ҳаўа-енени.
- Олар Қудайға бойсыныўдың орнына, шайтан тәрепинен азғырылып, Қудайға бойсынбады.

- Сол себептен олар Қудайдың алдынан қуўып жиберилген еди. Солай етип, олар мәңги өмирден ибарат болған Қудайдың жарылқаўынан айырылып қалды.

- Көп жыл өткеннен соң, Қудай Қанан жеринен шығыс тәрепинде жайласқан жеринде жасап атырған, қартайған, жерсиз ҳәм бийперзент болған Ибрайымға былай деди:
  - ол уллы халықтың әкеси болады.
  - оның урпақлары Қанан жеринде жасайды.
  - ол арқалы барлық халықлар жарылқанады!

- Бирақ Ибрайымның урпақлары қорқынышлы ашлықтан қашып, Мысырға көшип кетти. Бул оларға Қудайдың ўәде еткен жери ЕМЕС еди.

- Сонлықтан оларды қуллықтан алып шығыў ушын Қудай Муўсаны шақырды. Бул қутқарыў — Қудайдың халқы ушын Ески Келисимдеги ең әҳмийетли ўақыя. Бизлер оны **Шығыў** деп атаймыз.

Усы ўақыялар ҳаққында сиз Шығыў китабының 1–19 бапларына шекем оқып көрсеңиз болады.

Енди, Нызамның қайталаныўы китабында Қудай Өз халқын Ўәде етилген жерине алып келмекши!

## 1. Келисим

Нызамның қайталаныўы китабы ески замандағы патшалардың басып алған адамлары ҳәм өзлериниң арасында дүзилген келисимине уқсайды. Сол келисимлер әдетте бес тийкарғы бөлимнен ибарат болған:

1. Тарийхый кирисиў (Нзм. 1:1–4:49).

2. Келисимниң улыўма талаплары (Нзм. 5–11 баплары).

3. Жеңилген халықтың не қылыўы керек болғаны ҳаққында толық көрсетпе (Нзм. 12–26).

4. Жарылқаўлар ҳәм нәлетлер (Нзм. 27–28).

5. Гүўалар (Нзм. 30:19; 31:19; 32-баплар).

Сондай-ақ, Нызамның қайталаныўы китабы Жаратқан Ийениң Өз халқы менен дүзген келисимине уқсайды. Жаратқан Ийе олардың жаңа Патшасы (Нзм. 33:5). Усы китапта Қудайдың халқы олардың Патшасы нени күтип атырғанын билип алады.

## 2. География

Биринши үш бапта Қудайдың халқы саяхат қылып жүр. Көп жерлердиң атлары айтылды. Бул бизлерге ырасында да болған ўақыя ҳаққында оқып атырғанымызды билдиреди. Сизлерге усы аятлар не нәрсени үйрететуғынын билиў ушын усы жерлер қай жерде жайласқанын билиў шәрт емес. Бизлер әҳмийетли болған жерлерди карталарда көрсетемиз.

Енди курсты баслаўға таярмыз!

# Пайғамбар ҳәм Ўәде

Бириши сабақта бизлер төмендегилерди көрип шығамыз:

- Ески Келисимдеги ең әҳмийетли пайғамбар ҳәм Жаратқан Ийениң Ўәдеси.

- Жаңа Келисимдеги ең әҳмийетли Пайғамбар ҳәм Жаратқан Ийениң Ўәдеси.

Енди, Ески Келисимнен баслаймыз.

## Ески Келисимдеги ең әҳмийетли пайғамбар бул — Муўса

**Нзм. 1:1–5** оқың.

Бул жерде бизлер Муўсаның қәсийетиниң үш айырмашылығын көремиз. Ол:

### 1. Жаратқан Ийеге үмит етти

Муўса **Шығыў 4:10**-аятта өзи ҳаққында не деп атыр? [1]

Ал **Шығыў 4:11–12**-аятларда Қудай не деп атыр? [2]

Усы китапта бизлер нәтийжени көрип турмыз! Жаратқан Ийе Муўсаны Өз Сөзин анық түсиндирип, үйрете алатуғын садық дилўар қылды. Муўсаның ҳәлсизлигине қарамастан, Өз халқын қуллықтан алып шығыў ҳәм Ўәде етилген жерде жасаўға таярлаў ушын Жаратқан Ийе оны жүдә кең пайдаланды. Бирақ Муўса Қудайға ғәрезли екенин ҳеш қашан умытпаған (Нзм. 34:10).

### 2. Жақсы муғаллим болды

Биринши аятта Муўса ким менен сөйлести? [3]

Усы сөзлерди Муўса тек ғана жетекшилерге емес, ал **барлық** Израил халқына айтты. Бул сөзлер ҳәмме ушын! Солай етип, Нызамның қайталаныўы китабы тек ғана жетекшилер ушын емес, ал ҳәмме исениўшилер үйрениўи керек болған тийкарғы китап болып есапланады.

Муўсаның тәлими қаяқтан келип атырғаны ҳаққында бизлер үшинши аяттан нени билип аламыз (3 аят)? [4]

Мухаддес Китаптың басқа китаплары сыяқлы, бул адамның даўысы, бирақ сол ўақыттың өзинде бул Жаратқан Ийеден шығып атыр.

Бесинши аятта Муўса не қылды? [5]

Муўса тек ғана Қудайдың Сөзин адамларға айтып берген жоқ, оларды түсиндирип берди. Қудайдың халқы тек билиў емес, ал түсиниў керек. Муўса жақсы муғаллим болған еди!

### 3. Жаратқан Ийениң Патшалығы ҳаққында жәриялайтуғын садық хабарлаўшы

Қудайдың пайғамбары сыпатында Муўсаның ўазыйпасы Жаратқан Ийениң халқын өзлерин қутқарған Патшаға бойсыныўға шақырыўдан ибарат еди (Нзм. 33:5). Бойсыныў — Нызамның қайталаныўы китабының әҳмийетли темасы. Енди олар Жаратқан Ийеге тийисли еди. Соның ушын, олардың Оған болған бойсыныўшылығы жүдә әҳмийетли еди!




Халық Нзм. 1:1 қай жерде еди? [6]

Сол жерди жоқарыдағы картада көрсетиң.

Муўса усы сөзлерди Мысырдан шыққаннан неше жыл өткеннен кейин айтып атыр (3 аят)? [7]

Әдетте Хореб таўынан Қадеш-Барнияға дейин қанша ўақыт жол еди (2 аят)? [8]

Солай етип, он бир күнлик жол қырық жылға созылды! Бойсынбаўшылықтың қуны сондай! Бойсынбағаны себепли олар қырық жыл шөлде адасып жүрди.

**Нзм. 30:16** аятты оқың. Жаратқан Ийениң сөзи бойынша егер Оның халқы Оған бойсынса, нәтийжеси қандай болады? [9]

**Нзм. 30:17–18** аятларда оқың. Жаратқан Ийениң сөзи бойынша егер Оның халқы Оған бойсынбаса, нәтийжеси қандай болады? [10]

Ески Келисимниң барлығы — бул өзгеше тарийх! Ески Келисимниң даўамында бизлер кейинги нәрселерди оқыймыз:

- Қудайдың халқы ҳәр дайым Оған бойсынбады
- Жаратқан Ийе оларды Өзине қайтарыў ушын көп жумыс иследи!

Жаратқан Ийе мийримли ҳәм шәпәәтли Қудай болғаны сондай әжайып! Усы ҳаққында Муўса Нызам қайталаныўы китабында Қудайдың халқына бир неше рет еслетеди.

Ол шын жүректен Қудайдың халқы өзиниң Патшасына бойсыныўын ҳәм Жаратқан Ийениң Патшалығында садық халық болыўы кереклигин жәриялады.

## Қудайдың ең әҳмийетли Ўәдеси — бул Ўәде етилген жер

**Нзм. 1:6–8** аятларын оқың.




Усы картаға қарап кейинги жерлерди табың:

Хореб таўы
Амор халқының таўлы жери
Батыстағы таў етеклери
Негеб
Лебанон
Евфрат дәрьясы

Муўса туўылмасынан 500 жыл бурын Жаратқан Ийе Ибрайымның урпақларына Қанан жерин бериўге ўәде етти (Жар. 15:18–21). Енди, ақырында Қудай усы жерди Өзиниң халқына бериўге таяр.

6-аятта Қудайдың Өз халқы менен Хореб таўында көрискен ўақтын Муўса еслейди. Усы китаптағы сөзлерди айтпасынан 40 жыл алдын болған.

40 жыл бурын оларға Қудай не деди (7-аятта)? [11]

Қырық жыл бурын Қудай халқына Ўәде етилген жерине кириўди буйырды. Бирақ, ол жерге кириўден олар бас тартқанын кейинги сабақта оқыймыз! Жаратқан Ийе оларға әжайып жерди ўәде етти, бирақ оған қарамастан, Оның халқы ўақтында сол жерге киргиси келмеди!

# Жаңа Келисим

Усы жерге дейин сабақта бизлер кейинги нәрселерди көрип шығып атыр едик:

- Ески Келисимдеги ең әҳмийетли **пайғамбар** — бул Муўса. Оның ўазыйпасы Жаратқан Ийеге бойсыныўға халықты шақырыў еди.

- Ески Келисимдеги ең әҳмийетли **ўәде** — Ўәде етилген Жер еди. Бул ўәде тек олар Қудайға бойсынса ғана әмелге асырылатуғын еди.

Енди, Жаңа Келисимдеги болған ең әхмийетли Пайғамбарды ҳәм ең әҳмийетли Ўәдени көрип шығамыз.

## Жаңа Келисимдеги ең әҳмийетли Пайғамбар

**Евр. 1:1—2** аятларын оқың. Жаңа Келисимдеги ең әҳмийетли пайғамбар ким? [12]

Муўса сыяқлы Ол Қудайдың Пайғамбары еди (Марк 6:4). Ол:
- Әке үйреткен сөзлерди айтты (Юхан 8:28),
- жүдә жақсы Устаз болды (Матта 7:28),
- Қудайдың Патшалығын жәриялады (Лука 8:1).

Ийса, Муўса пайғамбаршылық еткениндей, Қудай тәрепинен жиберилген Пайғамбар еди:

*«Қудайыңыз Жаратқан Ийе сизлер ушын араңыздан, өз туўысқанларыңыздан мен сыяқлы бир пайғамбар шығарады. Оған қулақ салыңлар»* (Нзм. 18:15).

Елиўинши күни байрамында елши Петр өзиниң сөзинде Муўса арқалы ўәде етилген Масийх бул Ийса екенлиги ҳаққында жазылған аятты қайталайды (Елш. 3:20—22).

Юхан жазған Хош Хабарда Ийса өзине исенбегенлерге былай деди: *«Егер сизлер Муўсаға исенгениңизде, Маған да исенген болар едиңиз, себеби ол Мен ҳаққымда жазған»* (Юхан 5:46).

Муўса арқалы Қудай Өзиниң халқына жүдә әҳмийетли Биреў жақынлап киятырғаны ҳаққында айтты. Бул Ески Келисимниң бизлерди Ийса Масийхтың келиўине таярлап атырғанының бир мысалы. Ол басқалардан да ең әҳмийетли Пайғамбар.

## Жаңа Келисимдеги ең әҳмийетли Ўәде

**1 Юхан 2:25** аятын оқың. Қудай Жаңа Келисимде бизлерге ең әҳмийетли болған қандай ўәде берди? [13]

Жаратқан Ийе Өзиниң мәңгиге ўәде еткен жеринде, Жаңа Ерусалимде бизлерге үй ўәде етеди!

**Юхан 1:12** аятын оқың. Қудай ўәде еткен мәңгилик өмирге ийе болыўыңыз ушын не қылыўыңыз керек? [14]

Тек ғана Ийса арқалы бизлер Аспандағы Әкемизге бара аламыз (Юхан 14:6).

Бирақ бизлер қабыл етпегенше саўға бизлердики емес. Бизлер Қудайдың берген әжайып усынысын Израил халқындай бийкарламаўымыз тийис.

Ески Келисимде Қудай Өз халқын Ўәде етилген жердиң шетине алып келиў ушын Муўсаны пайдаланды, ал кейин болса ол қайтыс болды. Басқа жетекшилер халықты Ўәде етилген жерге алып келип, кейинги жыллары олардың үстинен басқарды. Бир күни Жаңа Келисимде Ийсаның Өзи бизлерди Ўәде етилген жерине алып кирип бизлердиң үстимизден мәңги басқарады! (Юхан 14:1—6) Муўсадан айырмашылығы Ийса Ўәде етилген мәңги өмирде ажыралмайды, ал бирге болады!

Израил халқына уқсап бизлер Ўәде етилген жердиң жолындамыз! Бирақ Израил халқына қарағанда, бизлер баратырған жер — бул минсиз ҳәм мәңги жер! (Аян 21:1—4)

Бизлердиң Ўәде етилген жерге баратырған саяхатымыздың Израил халқының өзине ўәде етилген жерине саяхатынан не парқы бар? [15]

## *Қосымша:* Не себептен Қудайдың халқына ўәде етилген жерине кирместен алдын көп ўақыт күтиў керек болды?

1. Юсуп дәўиринде Қудайдың халқынның (Ибрайымның урпағының) саны неше еди (**Жар. 46:27**)? [16]

   Пүткил мәмлекетти толтырыў ушын бундай адам саны жетерли емес еди!

   Мысырдан шығып кеткен Қудайдың халқының (Ибрайымның урпағының) саны неше болды (**Санлар 1:46**)? [17]

   Егер ҳаяллардың ҳәм перзентлердиң санын қоссаң, олар 2 миллионның әтирапындай болады! Енди оларда Ўәде етилген жерде жасаўға жетерлише адам бар!

2. Не себептен Амор халқы Қанан жерин жойтып алды (**Жар. 15:16**)? [18]

   Қудай сол жердиң халқына таң қаларлық дәрежеде сабырлы болды. Қудай оларға тәўбе етиў ҳәм өз өмирин өзгертиў ушын көп ўақыт берди. Тек ғана олар толық ҳәм шынында да жаўыз болғанда, Қудай оларды жоқ қылды.

## Шақырыў

Муўса бизлер ушын жақсы өрнек! Ол сөзге шебер емеспен деп айтып еди, бирақ әжайып устаз болды. Әлбетте бизлердиң сөзимиз Мухаддес Китаптың бир бөлеги болып қалмайды. Қудайдың Сөзи минсиз ҳәм оған ҳеш нәрсе қосылмайды. Бирақ адамлар Қудайдың әлле қашан айтқан сөзин еситиў керек. Бизлер адамларға Хош Хабарды айтыўымыз ушын сөзге шебер болыўымыз шәрт емес.

Ҳәттеки Жаңа Келисимдеги елши Павел өзине исенбейтуғын еди! Ол Коринфлилерге былай деди: «*Мен сизлерге ҳәлсизлик ҳәм қорқыныш пенен қалтырап бардым. Сөйлеген сөзим ҳәм айтқан ўазым исендириўши даналыққа емес, ал Мухаддес Руўхтың Өз қүдирети менен көрсеткен дәлилине тийкарланған еди*» (1 Кор. 2:3–4).

Соңынан ол былай деп жазды: «*Сол себептен Масийх ушын ҳәлсизликлерге,...мен қуўанышлыман. Өйткени мен қашан ҳәлсиз болсам, сонда күшлимен*» (2 Кор. 12:10).

Келиң Муўса ҳәм елши Павелден өрнек алып жигерленемиз!

Бизлердиң ўазыйпамыз:

- **Қудайға үмит етиў.** Мухаддес Руўх ағайин ҳәм досларымыздың көзлерин ашыўы ушын бизлер дуўа етиўимиз керек.
- **Жақсы устаз болыў.** Қудай Өзин Ийса Масийхта көрсеткени ҳаққында бизлер оларға айтып бериўимиз керек.
- **Қудайдың Патшалығын жәриялаў.** Олар Аспан Патшалығының жақсы пуқаралары болалыўы ушын, бизлер оларға Қудайдың Сөзин оқыўды жақсы көриўге ҳәм оған бойсыныўға жәрдем бериўимиз керек.

Адамларға әжайып Қудай ҳаққында айтып берип атырғанда, Хош Хабар жәриялаўды ҳәм устазлық сыйларын Қудайдың Өзи өсирсин!

Муўса ҳәм елши Павел қалайынша бизлерге өрнек болыўы мүмкин? [19]

Усы сабақларды сиз кимге үйретиўиңиз мүмкин?

## Усы сабақта Қудайдан не нәрсе алдыңыз?

## Бүгин сиз ол ҳаққында ким менен бөлисиўиңиз мүмкин?

# Үйге тапсырма

Кейинги сабақтан алдын **Нзм. 1:6—3:11** аятларын оқып шығың.

# Жуўаплар

1 – Ол: «Мен сөзге шебер емеспен», — деп айтты.
2 – Мен саған сөйлеўге жәрдем беремен ҳәм не нәрсени айтыў керек екенин үйретемен.
3 – Муўса барлық Израил халқына сөйледи.
4 – Муўсаның сөзлери Қудайдан келген еди.
5 – Муўса Қудайдың Нызамларын айтып берди.
6 – Иордан дәрьясынан шығыс тәрептеги шөлде.
7 – Мысырдан шыққаннан қырық жылдан кейин.
8 – Әдетте саяхат он бир күнлик жол еди.
9 – Қудай оларға сол жерде жасап, көбейиўин ҳәм оларды Ўәде етилген жерде жарылқайтуғынын айтып ўәде етти.
10 – Қудай олардың жоқ қылынатуғынын ҳәм Ўәде етилген жерде көп жасай алмайтуғынын айтты.
11 – Барыңлар ҳәм Ўәде етилген жерге ийелик етиңлер.
12 – Қудайдың Улы Ийса Масийх.
13 – Жаратқан Ийе бизлерге мәңги өмирди бериўди ўәде етти!
14 – Бизлер Ийса Масийхты қабыл етип, Оның атына исениўимиз керек!
15 – Ийса Өзи бизлерди сол жерге алып барып, бизлер менен мәңгиге болады! Оннан басқа, бизлер баратырған Ўәде етилген жер минсиз ҳәм мәңгиге бар болады!
16 – 70 адам.
17 – 600.000 нан көбирек еркек болған.
18 – Олар жаўыз болғаны себепли Қанан жерин жойтып алды.
19 – Олар адамларға Қудай ҳаққында айтыўға қорққан еди. Бирақ Қудай оларды күшли устаз қылды.

# Нызамның қайталаныўы 2-Сабақ:
# Жетекшилер ҳәм шәкиртлер



Усы сабақта бизлер кейинги нәрселер ҳаққында ойланып көремиз:

- Қалайынша жақсы жетекши болатуғынымызды
- Қалайынша жақсы шәкирт болатуғынымызды
- Бойсыныўды үйренгенимизде, қандай болатуғынын

## Жетекшилер

**Нзм. 1:9–18** аятларын оқың.

10–15 аятларында Муўсаның машқаласы неден ибарат еди ҳәм оны шешиў ушын ол не қылды? [1]

Бул жерде бизлер 3 түрли жетекшилер ҳаққында оқыймыз:

> **Басшылар** (15 аят): олар әскерий офицерлер болған, және де белгили бир жумысларды ислейтуғын ҳәр түрли топарларға басшылық қылған.
>
> **Қадағалаўшылар (ақсақаллар)** (15 аят): олар халықты уйымластырыўға жәрдем беретуғын пуқаралық жуўапкер адамлар болған.
>
> **Қазылар** (16 аят): олар жынаятшылық болған ўақытта, ҳәр дайым әдиллик болыўы ушын жуўапкер адамлар болған.

Бесинши ҳәм кейинги бапларда Муўса халыққа Қудайдың нызамлары ҳаққында еслетип өтеди. Жаратқан Ийе оларға сол буйрықларды 40 жыл бурын Хероб таўында берген еди. Даналық пенен басқарыў ҳәм әдиллик пенен ҳүким етиў ушын жетекшилер **сол нызамларды үйренип, оларды орынлаўы тийис еди**. Олар кәмбағал ҳәм қорғаўсыз болғанларға ғамхорлық қылыўы керек еди (Нзм. 15:7; 24:14). Олар парадан аўлақ болыўы тийис еди. Олар жалған ҳүким етиўин қәлейтуғын үлкен тәсирге ийе болған адамлардан қорқпаўы керек (Нзм. 16:19).

Өз ислерин дурыс ислеў ушын **Басшылар, Қадағалаўшылар ҳәм Қазылар** не нәрсени қылыўы керек еди? [2]

# Шәкиртлер

**Нзм. 1:19–28** аятларын оқың.




Халық қай жерге келди ҳәм 19–21 аятларында олар қай жерге барыўы керек еди? [3]

22–28 аятларында не болды? [4]

28 аятта қандай мәселе еди? [5]

**Нзм. 1:29–46** аятларын оқың.

29–30 аятларында Муўса израил халқына не деди? [6]

31 аятта Муўса Жаратқан Ийениң халыққа болған ғамхорлығы ҳаққында айтып атырғанда, Оны ким менен салыстырып атыр? [7]

Израил халқы Қудайға исене алатуғынын билетуғын еди. Ол усы 2 миллионлық халыққа Мысырдан шыққанлы берли шөлде ғамхорлық қылды!

Солай болса да халық 32 аятта буған қандай жуўап қайтарды? [8]

Бул ҳайран қаларлық болды! Жаратқан Ийе Өз халқы ушын көп нәрселерди исследи: Қудай кәраматлы түрде оларды қорқынышлы қуллықтан қутқарды. Ол кәраматлы түрде оларды жетеледи. Ол кәраматлы түрде оларды шөлде аўқатландырды. Солай болса да, олар Оған сыйыныўдан бас тартты! Оның орнына олар өзиниң қорқынышына қулақ салып, бойсынбаўды шешти.

Қудай 35–38 аятларда оларға не деди? [9]

Адамлар Қудайға биринши мәрте қулақ салмаса, оларға екинши мәрте бойсынбаў аңсат болады. Бир гүна израил халқын қалайынша басқа гүнаға алып келгенине қараң.

Қудайдың халқы 41–46 аятларында қандай шешим қабыл етти ҳәм ол қандай жуўмаққа алып келди? [10]

Олар тек ғана жеңилип қоймай, жүдә қапа болды, себеби олар оннан да жаманы, қүдиретли Қудай менен болған қарым-қатнасын бузып алды.

Бизлер Ески Келисимде Қудайдың халқының басшылары менен избасарлары садық басшылар ҳәм избасар жетекшилер болыўы кереклигин көрдик. Жаңа Келисимде де солай дейди!

# Жаңа Келисимдеги жетекшилер

Қудайдың халқының басшылары бурынғыдай Қудайдың Сөзин жақсы билиўи, оған бойсыныўы ҳәм оны дурыс үйретиўи керек (2 Тим. 2:2).

**Марк 10:42–45** аятларын оқың. Жетекшилик ҳаққында Ийса Өзиниң шәкиртлерине және не деди? [11]

**1 Петр 5:2–3** аятларын оқың. Исениўшилер жәмәәтиниң ақсақалларын Петр қалайынша тәрийиплеп атыр? [12]

## 1-Шақырық



Исениўшилер жәмәәтиниң жетекшилери патшалар сыяқлы басқармаў керек. Оның орнына олар жәмәәтиниң ҳәр бир ағзасы Қудайды билиўде ҳәм сүйиўде өсиўи ушын ҳәмме нәрсени ислейтуғын ғамхоршы шопан сыяқлы болыўы керек.

Муўса ҳәммесин бир өзи ислей алмайтуғынын түсинди. Сол сыяқлы жәмәәт басшылары да ҳәмме нәрсени өзлери ислеўге ҳәрекет етпеў керек. Коринфлилерге жазылған биринши хатының 12-бабында Павел исениўшилердиң жәмәәтин ҳәр қыйлы бөлеклерден ибарат болған бир дене қылып тәрийиплейди. Жақсы жетекши жәмәәтиниң ағзаларына Қудай қандай сый бергенин көреди. Ол исениўшилердиң жәмәәти ҳәм қоршаған жәмийет жарылқаныўы ушын өз сыйларын пайдаланыўға оларды жигерлендиреди.

Егер сиз жетекши болсаңыз:

- Сиз Қудайдың Сөзин үйрениўге, оған бойсыныўға ҳәм үйретиўге өзиңизди бағышлап атырсыз ба?
- Сиз жәмәәт ағзаларына ғамхоршы ҳәм реҳимли шопан сыпатында хызмет етип, өзиңизди пәс тутасыз ба?
- Жәмәәт ағзаларына Қудайдың оларға берген сыйларын раўажландырыўға жәрдем бересиз бе? Ямаса сиз ҳәмме нәрсени өзиңиз ислеўге ҳәрекет етесиз бе?
- Сиз бир тәрепке болыспай ҳәммени жигерлендиресиз бе? (1 Тим. 5:21)

Қайсы пункттың үстинен сиз көбирек ислеўиңиз керек?

# Жаңа Келисимдеги шәкиртлер

**Марк 8:34** аятын оқың. Ийса Өзине шәкирт болғысы келип турғанларға не дейди? [13]

Исениўшилер жәмәәтиниң ағзалары өзиниң емес, ал Ийсаның даңққа бөлениўин излеў керек. Олар жәмәәттиң биргеликте Ийсаның садық гүўалары болыўы ушын барлық зәрүр болған нәрселерди ислеў керек. Бизлер ҳәр биримиз хызмет етиўге таяр болыўымыз керек!

## 2-Шақырық

Егер сиз исениўшилер жәмәәтиниң ағзасы болсаңыз:

- Сиз қорқынышта ма ямаса исенимде жүрсиз бе? Сизиң өмириңизде бул қалай көринеди?
- Сизлердиң жетекшилериңиз жәмәәтти жақсы жетелеўи ушын дуўа етип жүрсиз бе? Ямаса сизге олар ҳаққында даўа етиў унай ма?
- Сиз өз сыйларыңызды жәмәәттиң ҳызметиниң пайдасына ықтыярлы түрде пайдаланасыз ба?

Сиз усылардың ишинен қайсысының үстинен көбирек ислеўиңиз керек?

# Бойсыныўды үйренемиз

Қудирети күшли Қудай израил халқының Қанан жерин басып алыўын қәледи.

## Не себептен Қудайдың халқы Қанан жерин басып алыўы керек болды

Жаратылыс китабында Қудай Ибрайымды Өзине өзгеше болатуғын халықтың әкеси болыўы ушын таңлағаны ҳаққында оқыймыз. Қудай оның урпақлары бир күни Қанан жеринде жасайтуғынын айтып, оған ўәде етти. Ал мине, 500 жылдан соң, Қудай өзиниң ўәдесин орынлап атыр!

Қанан жеринде жасап атырған адамлар жаўыз болған. Керек болса, өз қудайларына ул-қызларын қурбанлық қылып, отқа жандырған (Нзм. 12:31). Қудай сол халықларды жаўызлықлары ушын жоқ қылғысы келди.

Жаратқан Ийе Өз халқының пүткил дүньяға өрнек болыўы ушын, Қанан жерин оларға бериўди қәледи. Олар басқа халықларға Қудайдың қаншелли жақсы ҳәм дана екенин ҳәм Қудайға қалай мақул болыўды көрсетиўи керек еди (Нзм. 4:6–8).

Бирақ Қудайдың оларға сол жерди бериўге және де басқа себеп бар еди. Ўәде етилген жерде жасап атырған Өз халқы арқалы Ол дүньяны Өзиниң Улы, Масийхтың келиўине таярлаған еди. Тек ғана Масийх дүньяны гүна, өлим ҳәм шайтаннан қутқара алады. Ўәде етилген жерде Қудайдан берилген нызамлар менен жасап атырған халық болмағанда, ҳеш ким Масийх не ислеп атырғанын түсинбеген болар еди.

Қананлылардың жоқ қылыныўы дүньяның тарийхында басқа қайталанбайтуғын ўақыя еди. Сол ўақыяға еликлеп, бизлер ҳәзирги күни басқа мәмлекетлерди басып алалмаймыз!

Физикалық Ўәде етилген жер бүгинги ўақытта жоқ. Бизлер гүресиўимиз керек болған жер жоқ. Исениўшилер ҳәзир бир географиялық жерде жасамайды, оларды дүньяның барлық мәмлекетинде табыўға болады!

Бизлер Ийсаның қайта келип, бизлер менен бирге Ўәде етилген Жерде, яғный Жаңа Ерусалимде жасаў ушын алып кететуғын күнин сабырсызлық пенен күтип атырмыз!

Кейинги аятларды оқымастан алдын, мына картаға қарап кейинги жерлерди излеп табың:

- Эдом (Эдом жериниң халқы бул Яқыптың әжағасы Эсаўдың урпақлары).
- Моаб (Моаб жериниң халқы бул Ибрайымның иниси Луттың урпақлары).
- Аммон (Аммон жериниң халқы да бул Ибрайымның иниси Луттың урақлары).
- Зеред дәрьясы
- Арнон дәрьясы




**Нзм. 2:1–13** аятларын оқың.

Муўса халықтың 40 жыл адасып жүргендеги ўақыяларын еслетип атыр.

40 жыл өткеннен соң, израил халқы Қудайға бойсыныўды үйренди!

**Нзм. 2:24–37** аятларын оқың.

Ўәде етилген жер қорғанлы қалаларда жасайтуғын күшли халыққа толы еди.

25 аяттан бизлер израил халқының ўәде етилген жерге қалай киргени ҳаққында нени билип аламыз? [14]

24 аятта израил халқы ўәде етилген жерге кириў ушын, не қылыў керек еди? [15]

Ўәде етилген жер — бул Қудайдан болған сый. Бирақ олар сол жерди басып алыў ушын еле гүресиў керек еди.

26–30 аятларда Хешбон патшасы Сихонға Муўса қандай хабар жиберди ҳәм қандай жуўап алды? [16]

32–33 аятларда не жүз берди? [17]

Бул израил халқының Ўәде етилген жерди басып алыў ушын биринши саўашы еди! Бул саўашта егер олар Қудайға исенип ҳәм бойсынып жүрсе, сонда Ол ырасында да ўәде етилген жерди беретуғынын оларға көрсетти!

**Нзм. 3:1–11** аятларын оқың.

Кейинги мәрте Қудай Израил халқына кимниң үстинен жеңис берди (3 аят)? [18]

Олар қанша қалаларды басып алды (4 аят)? [19]

Бул әжайып жетилис еди!

Олар не нәрселерди жоқ қылып, не нәрселерди сақлап калды? [20]

Сол жерде жасайтуғынлар жүдә жаўыз еди. Жаратқан Ийе Өз халқын гүнаға батырмаўы ушын оларды жоқ қылғысы келди (Мууса бул ҳаққында Нзм. 7:3–4 аятларында айтады).

Олжа бул Қудайдан болған саўға еди. Усы арқалы халықтың жолында Жаратқан Ийе оларды тәмийинлеп жүрди.

Бул саўашлар егер Израил халқы Қудайға бойсынып жүрсе, Ол оларға ўәде етилген жеринде жеңис беретуғынын көрсетиўди даўам етти.

## *Қосымша:* Патша Ог



Патша Ог Рефа халқынан еди (3:11). Олар жүдә үлкен ҳәм күшли адамлар еди. (Нзм. 2:20–21 аятларына қараң.)

Сол дәўирде темир тек ғана бай адамларда болған. Ал Огға болса үлкен жатақ жер керек болған. Израил халқы жүдә бәлент ҳәм қудиретли патшаны жеңди!

# Жаңа Келисимде бойсыныўды үйренемиз

Ески Келисимде Қудай Өз халқын жетеледи. Олар бойсыныўға үйренип атырғанда, Қудай олардың ўәде етилген жерде жасай алыўы ушын оларға жеңис берди. Солай етип, Жаратқан Ийе бизлерди бүгин жетелейди. Бизлер бойсыныўға үйренип атырғанда, минсиз болған Ўәде етилген жерге кире алыўымыз ушын, Ол бизлерге гүнаның үстинен жеңис береди! Жақын арада Ийса келип, Өзи менен бирге мәңги жасаўымыз ушын бизлерди алып кетеди!

Мәңги Өмир — бул Қудайдан берилген сый, бирақ бизлер арқайын болып қалмаўымыз керек. Бизлер де саўаштамыз ҳәм ҳәр күни ҳәр сәтте бизлер Патшамызға бойсыныўымыз тийис!

## 3-Шақырық

**Эфс. 6:10–18** аятларын оқың.

Бизлер ким менен гүресиўге мәжбүрмиз (12 аят)? [21]

Израил халқы ўәде етилген жерде жасап атырған жаўыз адамлар менен гүресиўге мәжбүр болды. Қудай бизлерге солар сыяқлы гүна, шайтан ҳәм оның жаўыз руўхлары менен гүресиўге буйрық берди.



Қандай еки усыллар менен бизлер шайтан ҳәм оның жаўыз руўхлары менен гүресе аламыз (11 ҳәм 18 аятлар)? [22]

Ҳәр бир саўыт-сайманлар ҳәм олар не қылатуғыны ҳаққында ойланып көриң. Егер исениўши адам Қудайдың сол саўыт-сайманларды бергенлиги ҳаққында умытып кетсе, бул нени билдиреди?

- Бизлерде ҳақыйқат белбеўи барлығы ҳаққында умытып кетсек, не жүз береди? [23]
- Бизлерде ҳақлық саўыты барлығы ҳаққында умытып кетсек, не жүз береди? [24]
- Бизлерде Ийса туўралы айтыўға таяр болған аяқ кийим барлығы ҳаққында умытып кетсек, не жүз береди? [25]
- Бизлерде исеним қалқаны барлығы ҳаққында умытып кетсек, не болады? [26]
- Бизлер Қудайдың Сөзин беккем услаўымыз кереклигин умытып кетсек, не болады? [27]
- Бизлерде қутқаралыў дуўлығасы барлығы ҳаққында умытып кетсек, не болады? [28]

Қайсы саўыт-сайманлар ҳаққында сиз көбинесе умытып кетесиз?

Бизлер шайтанға ҳәм оның жаўыз руўхларына қарсы тура алыў ушын, не ислей аламыз? [29]

## Жаратқан Ийе усы сабақ арқалы сизге не деп атыр?

## Сол туўралы сиз бүгин ким менен бөлисиўиңиз мүмкин?

# Үйге тапсырма

**Нзм. 3:12–29** аятларын кейнги сабақтан алдын оқып шығың.

# Жуўаплар

1 – Муўса адамлардың жәнжеллерин бир өзи шеше алмады, себеби олар көбейип кетти.
2 – Олар Қудайдың Нызамларын үйренип, оларға бойсыныў керек еди.
3 – Олар Қадеш-Барнияға жетип келди ҳәм амор халқының таўлы үлкесине барыўы керек еди.
4 – Олар сол жер ҳаққында хабар алып келиўи ушын жансызларды жиберди. Жансызлардың көбиси ол жердиң жүдә жақсы, бирақ адамлары күшли ҳәм бойлары бәлент деп айтты. Ал қалалары болса аспанға тийер дийўаллар менен қоршалған деп айтты. Сол себептен израил халқы ол жерге бармай, Қудайдың сөзине қулақ салмаўды шешти.
5 – Олар қорқып қалған еди.
6 – Халық Мысырдан шығып атырғанда, Қудай олар ушын гүрескени сыяқлы, бул рет те Қудай халық ушын гүресетуғынын Муўса айтып өтти ҳәм сонлықтан да халықтың қорқпаўы кереклигин ескертти.
7 – Ол Қудайды өз баласын жетелеп атырған Әке менен салыстырды.
8 – Олар Жаратқан Ийеге үмит етпеди.
9 – Калеб ҳәм Нун улы Ешуадан басқа, усы әўладтың ҳеш бири Ўәде етилген жерди көрмейди.
10 – Жаратқан Ийе айтпаса да, олар барып гүрести. Сонда олар жеңилип қалды.
11 – Ийса сондай қылып хызмет иследи ҳәм Өзиниң өмирин бизлер ушын қурбан қылды. Солай етип, жетекшилер де басқарыўшылардай емес, ал қулдай болыўы керек.
12 – Қадағалаўшылар Қудайдың падасының шопанлары болыўы керек.
13 – Шәкиртлер өзлеринен бас кешип, өз атанақ ағашын алып баратырған адамға уқсаўы ҳәм Ийсаның изинен ериўи керек.
14 – Қудай басқа халықларды Израил халқының алдында титирейтуғын қылды.
15 – Олар саўашты баслаў керек еди.
16 – Өзиңниң елиңнен тынышлық пенен өтиўге бизлерге рухсат бер. Ол рухсат бермеди.
17 – Сихон патшасының үстинен Қудай израил халқына жеңис берди.
18 – Патша Ог
19 – Алпыс!
20 – Олар пүткил халықты жоқ қылды, бирақ олардың мал-мүликлерин өзлерине олжа етип алды.
21 – Бизлер адамларға қарсы емес, ал шайтан ҳәм оның барлық жаўыз күшлерине қарсы гүресемиз.
22 – Бизлер Жаратқан Ийе берген руўхый қурал ҳәм саўыт-сайманларын алыўымыз керек. Ҳәм де **ҳәр** жағдайда Руўхта дуўа етиўимиз тийис!
23 – Бизлер жалғанға исениўге аңсат азғырылыўымыз мүмкин.
24 – Бизлер жаман ис ислеўге аңсат азғырылыўымыз мүмкин
25 – Ийса туўралы айтыўды қәлемеймиз.
26 – Егер бир жаман нәрсе болса Қудай бизлерди жақсы көрмейди ҳәм ғамхор қылмайды деп ойлаймыз. Бизлер қорқып, қәўетерленип қаламыз.
27 – Қудай Өз сөзи арқалы бизлерге үйретежақ болған нәрселерин қолдан жиберип аламыз.
28 – Бизлер қутқарыў бул бийпул сый екенин умытып кетеберемиз. Қудай бизлерди тән алыўы ушын өзимиздиң жақсы ислеримиз бенен мүнәсип болыўымыз керек деп ойлаймыз.
29 – Руўхый саўыт-сайманларды кийип жүриўди даўам етиў ушын, бизлер биргеликте жыйналып, бир-биримиз ушын дуўа етип, жигерлендириўимиз керек. Сизде және қандай пикирлер бар?

Нызамның қайталаныўы 3-Сабақ:

# Бирлик ҳәм Жаңа жетекшилик



Усы сабақта бизлер Бирликтиң әҳмийетлиги ҳәм Жаңа жетекшилерди таярлаў ҳаққында ойланып көремиз.

## Бирлик



**Нзм. 3:12–13** ҳәм **18–20** аятларын оқың.

Иордан дәрьясы арқа тәрепте жайласқан Галила көлинен баслап қубла тәрепте жайласқан Өли теңизине қуяды. Иордан дәрьясын картадан табың.

Усы аятларда айтылған жерлер Иордан дәрьясының шығыс тәрепинде жайласқан. Олар Ешуа китабының 6-бапында жазылғанындай, Ерихоны басып алмасынан алдын дәрьяның тап усы жағасына биринши гезекте келген.

**Санлар 32:1–5** аятларын оқың. Рубен ҳәм Гад урыўлары Мууўсадан нени сорады? [1]

**Санлар 32:16–22** аятларын оқың. Олар Иордан дәрьясының шығыс тәрепинде жасаўға Мууўсадан қалай рухсат алды? [2]

**Санлар 32:33** аятын оқың. Иордан дәрьясының шығыс тәрепинде және кимлер үлес жер алды? [3]

Мууўса усы еки ярым урыўдың адамлары Иордан дәрьясының шығыс тәрепинде жасаўына ыразы болды. Ол тек ғана бир шәрт қойды: усы урыўлардың еркеклери басқа урыўларға Иордан дәрьясының батыс тәрепинде жасап атырған Қанан халқының үстинен жеңиске ерисиўине жәрдем бериўи керек еди.

Олардың басқа урыўлар менен бир пүтин болыўы жүдә әҳмийетли еди. Егер Рубен, Гад ҳәм Менашше урыўының ярымы Израил халқы менен Иордан дәрьясын кесип өтиўден бас тартқанда, Қудайдың халқының аралары үзилген болар еди. Шын душпан менен гүресиўдиң орнына, олар бир-бири менен гүресетуғын еди.

# Жаңа жетекшилик

**Нзм. 3:23–29** аятларын оқың.

25 аятта Мууўса Жаратқан Ийеден не сорап атыр? [4]

Бул оның ақырғы 40 жыл даўамындағы болған қәлеўи еди! Қудайдың адамларының ең уллыларының да, ҳәтте Ески Келисимдеги пайғамбарлар да усындай қапагершиликке дуўшар болған!

**Санлар 20:1–13** аятларын оқың. Қудай Мууўсаға халықты Ўәде етилген жерге киргизиўге не ушын жол қоймады? [5]

Ҳәтте Ески Келисимниң ең уллы адамлары да Қудайдың жолынан бас тартқан ўақытлар болған. Бирақ Қудай Мууўсаға жерди узақтан көриўге жол қойғанда, бизлер Қудайдың мийримин көриўимизге болады (Нзм. 3:27).

Израилдың кейинги жетекшиси ким болады (Нзм. 3:28)? [6]

Нун улы Ешуаға Мууўса не деди (Нзм. 3:21–22)? [7]

Ўәде етилген жерди басып алыў бул көплеген саўашларға толы жүдә үлкен ўақыя болыўы керек еди. Халықтың Жаратқан Ийе олар ушын гүресетуғынын билиўин Қудай қәлеген еди. Тек ғана Қудай усы саўашта жеңиске ийе болатуғын еди. Себеби тек ғана Жаратқан Ийе — олардың Қудайы ҳәм Патшасы еди! Бирақ Өзиниң халқын Ўәде етилген жерге алып келиў ушын, Қудай Өзи таңлаған жетекшини, яғный Нун улы Ешуаны пайдаланды (28 аят).

Муўса Ешуаны кейинги жетекши болыўы ушын қалай таярлаў керек еди (Нзм. 3:28)? [8]

Муўса оны қалайынша жигерлендирип, беккемлеўи мүмкин еди? [9]

Таўрат (биринши 5 китап) — бул Муўсаның жазған китаплары. Бул Муўсаның Нун улы Ешуа ҳәм Қудайдың халқына болған саўғасы еди.

**Ешуа 1:8** аятында Қудай Өз сөзин оқыўы туўралы Ешуаға не деди? [10]

## Инжил (Жаңа Келисим)

Келиңлер усы бирлик ҳәм жаңа жетекшилик деген әҳмийетли темалар ҳаққында Инжил не айтатуғынын көрейик.

### Бирлик

Бирлик тек ғана Ески Келисимдеги Қудайдың халқы ушын әҳмийетли емес еди. Ол Инжилдеги (Жаңа Келисимдеги) Қудайдың халқы ушын да әҳмийетли еди.

**Юхан 17:20–21** аятларда Ийса масийхыйлар ушын қалай дуўа еткен еди? [11]

Ийса Өзиниң изинен ерип жүрген адамлардың арасындағы бирлик ушын дуўа етти.

Бүгинги күнде масийхыйлар жәмәәти гүна ҳәм шайтанға қарсы гүресте биригиўи керек. Жаратқан Ийе бизлердиң **бирге** хызмет етиўимизди, Оның жәмәәтиниң өсиўин қәлейди. Бизлер жәмәәтимизде ҳәм басқа жәмәәтлер менен бирликте болыўымыз ушын қолдан келгенше ҳәрекет етиўимиз керек.

## 1-Шақырық

Қандай усыллар менен бизлер бирлигимизди ўайран етемиз? [12]

Бизлердиң бирлигимиздиң беккемлениўи ушын не ислей аламыз? [13]

## Жаңа жетекшилик

Жаратқан Ийе израил халқының ҳақыйқый Қудайы ҳәм Патшасы болды. Анық солай етип, Қудайдың Улы Ийса бизлердиң Қудайымыз ҳәм Патшамыз болып қалады (Аян 17:14).

Жаратқан Ийе Ески Келисимде Өз халқы ушын жетекшилерди көтерди. Жаратқан Ийе бүгинги күнде де Өз халқы ушын жетекшилерди көтереди.

2-Сабақтан билип алғанымыздай, жетекшилердиң алдында үлкен тапсырма турыпты! Булар мыналардан ибарат:

- Қудайдың Сөзин үйрениўге, бойсыныўға ҳәм оқытыўға толық бағышланыў.
- Өз жәмәәт ағзаларына ғамхорлық ҳәм реҳимли шопан сыпатында хызмет етип, кишипейиллик пенен басқарыў.
- Жәмәәт ағзаларына Қудай тәрепинен оларға берилген сыйларын раўажландырыўына жәрдем бериў.
- Ҳеш кимди артықша көрмей ҳәммеге теңдей мақтаў айтыў.

Бирақ жетекшилер өзлери жетекши болыўды тоқтататуғын ўақытқа таяр болып, шәкирти даўам етиўине жол қойыўы керек.

Бизлер Муўсаның Ешуаны жаңа жетекши болыўына таярлап атырғанын көрдик. Енди келиң Павел Тимофейге жаңа жетекшилерди таярлаў туўралы не айтқанын көрейик.

**2 Тим. 2:2** аятын оқың. Павел Тимофейге не деп мәсләҳәт берди? [14]

# Жаңа жетекшилерди таярлаў

**Ҳәр бир устаз өз шәкиртлерин басқаларды үйретиўге таярлаў керек.**

Муўса Нун улы Ешуаны Қудайдың халқының жетекшиси болыўына таярлады. Солай етип, масийхыйлар жәмәәтиниң жетекшилери өзлериниң орнына келешек жетекшилерди таярлаўы керек.

Дана жетекшилер өз өлиминен **алдын** кейинги жетекшиге жетекшиликти өз қолына алыўына жол қояды! Сонда жаңа жетекши алдынғы жетекшиден зәрүр болғанда мәсләҳәт сораўы мүмкин. Бирақ, бул тек ҳәмме (алдынғы жетекшини қосқанда) өзиниң жетекши емес екенлигин есинде тутқанда ғана жақсы ислейди! Ең әҳмийетлиси жәмәәт ағзалары жаңа жетекшини алдынғы жетекшини қоллап-қуўатлағанындай толығы менен қоллап-қуўатлаўы тийис.

Және де, жетекшилер жәмәәт ағзаларын еле жәмәәт жоқ жерлерде жаңа жәмәәтлер ашылыўға таярлағаны жақсы болады.

## Бизлердиң жетекшилерге болған қарым-қатнасымыз ҳаққында әҳмийетли ескертиў

Жәмәәт ағзалары жетекшилерге болған қарым-қатнасында көбинесе еки қәтеге жол қояды:

**1. Бизлер өз жетекшилеримизди минсиз адам деп ойлаймыз ҳәм ҳәр бир мәселени шешип бере алатуғындай қарым-қатнас қыламыз.**

Бизлер ҳәр дайым мыналарды есте сақлаўымыз керек:
- жетекшилер де адамлар, олар да қәтеге жол қояды!
- ҳәттеки Муўса да сәтсизликке ушырады
- Тек ғана Ийса минсиз. Тек ғана Ол бизлерди қутқарыўы ҳәм бизлердиң ҳәр бир мәселемизди шешип бериўи мүмкин!

**2. Адамлардың ислейтуғын екинши қәтеси — бизлер өз жәмәәтимиздеги жетекшилеримизге ҳүрметсизлик көрсетиўимиз.**

- Инжил китабында анық айтылған, бизлер өз жәмәәтимиздеги жетекшилик хызметин ислеп атырған адамларды сыйлап, оларға бойсыныўымыз керек (1 Сал. 5:12–13; Евр. 13:17).
- Бизлер жәмәәт жетекшилерин сыйламасақ ҳәм бойсынбасақ, жәмәәтимиз өз-ара бөлинип, хызметинде нәтийжесиз болып қалады.

Исениўши жәмәәтиниң ағзалары жетекшилерге болған қатнасында қандай еки қәтеге жол қояды? [15]

## 2-Шақырық



Бизлер жәмәәт жетекшилеримиз бе ямаса яқ па, оған қарамай Қудайдың Сөзин үйрениўге өзлеримизди бағышлаўымыз керек. Сизиң Қудайдың Сөзин оқыўыңыз Нун улы Ешуаға берилген Қудайдың тапсырмасына туўры келе ме (Ешуа 1:8)?

Қудайдың Сөзин көбирек оқып, пикир жүритиўиңиз ушын өзиңиздиң өмириңизде не нәрсени өзгерте аласыз?

Бирлик ҳәм жаңа жетекшилик темаларын бир-биринен айырыў мүмкин емес:

- Исениўшилер жәмәәтиндеги бирлик жетекшиликти жүдә аңсатластырады. Бөлиниў жетекшиликти қыйынластырады.

- Жақсы жетекшилик бирликке жетисиўди аңсатластырады. Ал жаман жетекшилик бирликке жетисиўди қыйынластырады.

Исениўшилердиң ҳәр бир жыйналысы көбирек сүйиспеншиликте ҳәм мухаддесликте өсиў жолында турады. Бул дүньядағы ҳеш бир исениўшилер жыйналысы минсизликке жетисе алмайды! Бирақ бизлер

өз жәмәәтимиз сүйиспеншиликте ҳәм мухаддесликте өсиўи ушын қолымыздан келгенше жәрдем бериўимиз керек!

Соның ушын жәмәәтимиз ушын өз ўақтында дуўа етиўимиз әҳмийетли:

- жетекшилеримиз жақсы басқарыўы ушын
- исениўшилер жәмәәтиниң Масийхқа ҳәм бир-бирине болған сүйиспеншиликте бир болыўы ушын

## Усы сабақта Қудай сизге қандай шақырық таслады?

## Үйге тапсырма

**Нзм. 4-бапты** кейинги сабақтан алдын толық оқып шығың.

# Жуўаплар

1 – Олар Иордан дәрьяның шығыс тәрепинде жайласыўды сорады. Олар Қудайдың Өз халқына ўәде еткен жерине қарай, яғный батыс тәрепке өтиўди қәлемеген еди.
2 – Еркеклер батыс тәрепте жайласқан ўәде етилген жерди басып алыўға жәрдем бериўге ўәде етти. Соннан кейин, шығыс тәрепке қарай, өз ҳаялларына ҳәм балаларына қайтып баратуғын болды.
3 – Менашше урыўының жартысы.
4 – Маған Ўәде етилген жерди көриўге рухсат бер.
5 – Ол Қудайды сыйламады ҳәм Оның буйырығына толық бойсынбады: ол тасқа сөйлеўдиң орнына оны урды.
6 – Нун улы Ешуа.
7 – Жаратқан Ийениң бул еки патшаға не ислегенин өз көзиң менен көрдиң. Жаратқан Ийе сен басып өтетуғын сол барлық патшалықларды да сондай аўҳалға салады.
8 – Ол оны жигерлендирип, руўхландырыў керек еди.
9 – Ол Қудайдың ислеген ҳәр бир исин оған еслетип, оны Қудайдың Сөзин оқыўға жигерлендириўи керек еди.
10 – Муўса жазған Нызам китабын оқың. Ол ҳаққында сөйлесиң. Оның үстинен күн ҳәм түн бойы пикир жүргизиң. Оған бойсының. Сонда ғана сизди табыс күтеди.
11 – Олар бир болыўы ушын.
12 – Мине, бир неше мысаллар: Бизлер көбинесе Масийхқа қарағанда, жәмәәт жетекшилерине итибар беремиз. Бизлер мақтаншақпыз. Бизлер Масийхтың Денесине керек болған нәрсени ойланыўдың орнына, өзимиз ҳәм өз мүтәжликлеримиз ҳаққында көбирек ойланамыз. Бизлер өсек тарқатамыз, басқаларға жаман сөзлер айтамыз, басқалар ҳаққында жаман сөзлер айтамыз, өзлеримизди басқалардан жоқары қоямыз. Бизлер өкпелеймиз ҳәм жыйналысларға барыўды тоқтатамыз.
13 – Мине, бир неше мысаллар: Бизлер жәмәәт жетекшилерине қарағанда, көбирек Масийхқа итибар беремиз. Бизлер киши пейилмиз ҳәм оқыўға уқыбымыз бар. Бизлер өзлеримиз ҳәм өз мүтәжликлеримиз туўралы ойланыўдың орнына, Масийхтың Денесине керек болған нәрселер ҳаққында көбирек ойланамыз. Бизлер өсекти тыңлаўдан бас тартып, басқаларға тек ғана жақсы сөзлер айтамыз, басқалар ҳаққында жақсы сөзлер айтып, басқаларды өзлеримизден жоқары қоямыз. Бизлер шаршап турсақ та, бәнт болсақ та ямаса биреў қапа қылған болса да жыйналысқа барамыз.
14 – Қудайдың Сөзин исенимли адамларға жеткиз, сонда олар да басқаларға үйрете алады.
15 – Олар өз жетекшилерин минсиз адамдай көреди ҳәм оларға ҳәр бир мәселесин шешип бере алатуғындай қарым-қатнаста болады. Адамлардың ислейтуғын басқа қәтелиги — өз жәмәәтиниң жетекшилерине болған ҳүрметсизлик.

Нызамның қайталаныўы 4-Сабақ:

# Өмирди таңлаң!



## 4-бап 1–40 аятлары (1 бөлим)

Усы сабақта бизлер бойсыныўшылық — бул өмир ҳәм өлим мәселеси екенлиги туўралы ойланып көремиз.

Бул Муўсаның Израил халқы менен бөлискен әжайып ўазы ҳаққында хат. Жаратқан Ийе бул халықты Өзиниң өзгеше халқы болыўы ушын қуллықтан алып шықты.

Усы ўазды оқымастан алдын, келиңлер оның үйрететуғын тийкарғы 3 пикирди көрип шығайық.

Ўазды бес бөлимге бөлиўге болады. Биринши ҳәм ақырғы бөлимлеринде уқсас нәрселер ҳаққында айтылып атыр. Екинши ҳәм төртинши бөлимлеринде де уқсас нәрселер ҳаққында айтылып атыр. Яҳудийлердиң басқа көп тақмақ, қосық ҳәм ўазларында ең әҳмийетли пикир ортаңғы бөлиминде жайласқан болады.

- 1–4 аят: **Бойсыныўшылық** — Израил халқы Қудайдың жарылқаўын алыўы ушын, Оның нызамларына бойсыныўы керек.
- 5–20 аят: **Израил өзгеше** — Израил халқы басқа халықлардан айырықша еди, себеби Жаратқан Ийе басқа қудайлардан өзгеше еди.
- 21–31 аят: **Ҳүким ҳәм реҳим** — Жаратқан Ийе — ҳүким ҳәм реҳим етиўши Қудай.
- 32–38 аят: (қайтадан) **Израил өзгеше.**
- 39–40 аят: (қайтадан) **Бойсыныўшылық.**

Ўаздың ең әҳмийетли бөлими қайсысы? (ортаңғы бөлиминде не ҳаққында айтылған?) [1]

Пүткил Мухаддес Китап бойынша бизлер Жаратқан Ийениң ҳүкимин ҳәм реҳимин көрип атырмыз. Бул Қудай ҳаққында түсиниў керек болған ең әҳмийетли пикирлер. Ол мухаддес ҳәм пәк, Ол ҳәр бир гүнаны ҳүким етеди. Ҳәттеки, Ол ҳүким ете турып, реҳимлилик көрсетип атыр.

Исениўшилер арасында болатуғын Қудай туўралы еки надурыс пикирлер:

- Қудай бизлердиң гүна ислеўимизге қарсы емес;
- Гүнадан кейин бизлерге кеширимге үмит жоқ.

Қудай не ушын Өз ҳүкимин ҳәм реҳимин анықлап бериўи тийис? [2]

Қудай Израил халқын қутқарғаннан кейин, олар қәлеген нәрсени ислеп жүре аламыз деп ойлайтуғын еди. Бирақ Жаратқан Ийе оларға Өзиниң минсиз Нызамын орынлаўға берди.

Усы сабақта бизлер Муўсаның ўазының биринши темасы менен танысамыз: Олар Қудайдың жарылқаўын алыўы ушын, Оның нызамларына бойсыныўы керек.

Қалған еки темаларды кейинги сабақта көрип шығамыз.

# Бойсыныўшылық

**Нзм. 4:1–4** аятларын оқың.

Усы аятларда бизлер бир-бирине қарама-қарсы болып турған еки пикирди көрип турмыз:

- Қудай Израил халқына жерди берди.
- Израил халқы сол жерди ийелеп алыў ушын, Қудайға бойсыныў керек.

Биринши аятта Жаратқан Ийе не ислемекши? [3]

Израил халқы сол жерди қалай ийелеп алмақшы (1 аят)? [4]

Сол жер сый болды ма ямаса олар оны бойсыныўшылығы арқалы соған мүнәсип болыўы керек пе?

Пүткил Мухаддес Китап бойынша бизлер усы еки пикирди көремиз. Олар бир-бирине қарама-қарсы келетуғындай болып көринеди: қуллықтан қутқарылыў ҳәм ўәде етилген жер **биймпул** (бул сый етип) берилген. Бирақ оларды алыў ушын Қудайдың халқы Оған **бойсыныўы** керек.

Қудай Израил халқын Мысырдан алып шықпастан алдын, Ол халықты өлим периштесинен қутқарды.

Израил халқы қутқарылыўы ушын не нәрсе қылыўы керек еди? **Нзм. 12:21–23** аятларын оқың. [5]

Қудай бойсынбаған адамларды қутқармады!

## Жаңа Келисим

Жаңа Келисимде де қутқарылыў бийпул сый, бирақ бизлер Қудайдың Нызамларына бойсынып жасаўымыз керек. Бизлер Ўәде етилген мәңги Жерге (Жаңа Жаратылыс) жеткенимизде, ҳәммемиз Қудайдың нызамларына минсизликте бойсынамыз!

**Рим. 6:17–18** аятларын оқың. Бурын исениўшилер не нәрсениң қуллары еди? [6]

Енди нениң қуллары болды? [7]

Бир ўақытлары олар үмитсиз болған ҳәм гүнадан өзлерин тыймаған. Бирақ Ийса оларды қутқарып, пәкледи ҳәм Мухаддес Руўхқа толдырды. Енди олар ийгиликке ҳәм сүйиспеншиликке толы өмирде Ийсаның изинен жүре алады!

## Шақырық

Адамларға сизиң ҳақлық жолында жүргениңиз көрине ме? Ямаса олар сизди өзлериндей гүнаның қулы деп есаплай ма?

Әтирапыңыздағы исениўши емес адамлардан сизиң өмириңиздиң айырмашылығы неден ибарат?

## Өмир



Нзм. 4:1 аят бойынша Израил халқының бойсыныўының нәтийжеси неден ибарат? [8]

40 аятқа қараң. Егер халық Жаратқан Ийеге бойсынса, Муўса оларға нени ўәде етип атыр? [9]

**Нзм. 8:7–9** аятларын оқың. Қудай Өз халқына ўәде етип берип атырған жер, ол қандай жер? [10]

Қудай ўәде етилген жерде оларға узақ дәўлетли өмир бергиси келип атыр! Бирақ егер олар Қудайға садық болмаса, оларды керисинше өмир күтеди.

**Нзм. 4:3** аятларын оқың.

Баал-Пеор Моаб халқының жемисли қылатуғын қудайы болған. Қанан халқы қорқынышлы ҳәм әдепсиз ислерди ислеп оған сыйынған.

Нзм. 4:3 аятларында Қудай Баал-Пеорға сыйынған адамларға не қылғаны туўралы не деп атыр? [11]

Нызамның қайталаныўы китабының ақырында Муўса халықты дурыс таңлаўға шақырып атыр.

**Нзм. 30:15–20** аятларын оқың. Муўса халыққа қандай таңлаў берип атыр? [12]

Қудайға бойсыныў ямаса бойсынбаў бул биринши дәрежедеги мәселе: себеби бул өмир ҳәм өлим мәселеси! Нызамның қайталаныўы китабында Қудай Өз халқын көп мәрте өмирди таңлаўға шақырады.

## Жаңа Келисим

**1 Юхан 5:11–12** аятларын оқың. Қудай бизлерге не берди? [13]

Кимде мәңгилик өмир бар? [14]

## Өмир

Нызамның қайталаныўы китабындағыдай «өмир» сөзи Ийса Масийхтың Хош Хабарында да әҳмийетли болып есапланады.

Мысалы:

> *Қудай бул дүньяны соншелли сүйгенликтен, Өзиниң жалғыз Улын берди. Оның Улына исенген ҳәр бир адам набыт болмай, мәңгилик* ***өмирге*** *ийе болады* (Юхан 3:16).
>
> *Ийса оларға былай деди: «Мен —* ***өмир*** *наныман. Маған келген адам ҳеш қашан аш болмайды ҳәм Маған исенген адам ҳеш қашан шөллемейди»* (Юхан 6:35).
>
> *Ийса оған былай деди: «Мен жол, ҳақыйқат ҳәм* ***өмирмен****. Мен арқалы болмаса, ҳеш ким Әкеге бара алмайды»* (Юхан 14:6).

**Мәңгилик өмирди тек ғана Ийсада табыўға болады, басқа ҳеш кимде емес!**

Мәңгилик өмир — бул Жаңа Келисимдеги Қудайдың Өз халқына беретуғын жарылқаўы. Бул Ески Келисимде Израил халқының Қудайға бойсынғанынан кейин, Ол беретуғын материаллық жарылқаўынан да жақсырақ. Усы ҳаққында бизлер 12-сабақта сөйлесемиз.

11-сабақта бүгинги күнлери бизлер қандай нызамларға бойсыныўымыз кереклиги ҳаққында сөйлесемиз. Және де, бизлер Қудайға ҳәм бир-биримизге болған сүйиспеншилик нызамын орынлап атырғанымызды анықлап алыўымыз керек! (Матта 22:37–39)

## *1 Дыққат етиң:* Қудайдың Сөзин өзгертпең!

**Нзм. 4:2** аятта Қудайдың Сөзине қандай қантаста болыў кереклиги ҳаққында не дейди? [15]

Базы адамлар Қудайдың Сөзин өзгерткиси келеди. Олар буны бизлердиң бойсыныўымыз аңсатлаў болыўы ушын ислейди. Олар Жаратқан Ийеден өзлери сыйыныўды қәлеген қудайды ислегиси келеди. Бирақ бизлер Қудайдың қайсы сөзлерине бойсыныўды, ал қайсы сөзлерин итибарсыз қалдырыўды таңлап алалмаймыз.

Қудайдың Сөзи минсиз ҳәм жуўмағына дейин жазылған. Бул сөзлерге бир нәрсе қосып ямаса бир нәрсе алып таслаўға болмайды. Бул сөзлерде бизлердиң ҳәзирги ҳәм мәңгилик өмиримиз ушын керек болған Қудай туўралы барлық мағлыўматлар бар!

**Аян 22:18–19** аятларын оқың. Қудайдың Сөзине қосыўды ямаса олардан жақтырмаған сөзлерди алып таслаўды қәлеген адамлар ҳаққында Қудай не дейди? [16]

**Талқылаң:** Қудайдың қайсы буйрықларына бойсыныў сиз ушын ең қыйын?

## *2 Дыққат етиң:* жаңа аянларды қабылламаң!

- Тарийх бойынша қарасаңыз, жаңа китаплар менен келген жүдә көп диний устазлар болған. Мухаддес Китап — бул Қудайдың толық сөзи. Ол бизлерге керек болған ҳәр бир нәрсени айтады: қалайынша қуткарыламыз, қалай мәңгилик өмирге ийе боламыз ҳәм қалайынша Қудай менен қарым-қатнаста боламыз.



- Мухаддес Жазыўды өзиниң жаңа пикирлерине тийкарланып өзгерткен адамлар да болған. Сизлердеги Мухаддес Китап — бул ески жазыўлардың анық аўдармасы!

Солай етип, егер сизге биреў: «Маған Қудай жаңа аян берди», — десе, бизлер оны қабыл етпеўимиз керек. Адамлардың үйретип, оқытқанларын Мухаддес Китапта берилген сөзлер менен ҳәр дайым **салыстырыўымыз** керек.

Және де, **Қудайдың барлық сөзин билиўимиз** керек. Әсирлер даўамында көп исениўшилер жәмәәтлери Мухаддес Китаптағы бир (ямаса бир неше) аятларға тийкарланып, олардан қағыйдалар ислеген. Сол ўақытта да олар Мухаддес Китаптың басқа жерлери менен бул қағыйдалар туўры келетуғынын я келмейтуғынын тексермеген.

**Талқылаң:** Сизлерде Қудайдан болған сөз жазылған, бирақ Жаңа Келисимнен өзгеше болған китабы бар танысыңыз бар ма?

### Усы сабақта Құдиретли Қудайдың сөзлери туўралы сиз нелерди үйрендиңиз?

### Сиз Масийхтың изинен ерип жүрмен деп, бирақ жаман өмир сүрип жүрген адамға не дейсиз?

### Келиңлер, бир-биримизге өмирди таңлаўымыз ушын дуўа етейик!

## Үйге тапсырма

**Нзм. 4:1–40** аятларын және қайталап оқып шығың. Бизлер оларды изертлеўди кейинги сабақта даўам етемиз.

## Жуўаплар

1 – Жаратқан Ийе — ҳүким етиўши ҳәм реҳимли Қудай.
2 – Қудай оларды атап, белгилеп өтеди, себеби Оның халқы:
- гүна ҳеш қандай мәниге ийе емес,
- гүнадан кейин бизлерде кеширимге үмит жоқ, — деп ойлайды.
3 – Қудай Израил халқына ўәде етилген жерди береди.
4 – Қудайдың қағыйдаларына ҳәм нызамларына бойсыныў арқалы.
5 – Олар қозыны сойып, оның қанын қапыларының жақлаўларына ҳәм кесе ағашына жағыўы керек еди.
6 – Гүнаның.
7 – Ҳақлықтың.
8 – Олар киреди, ўәде етилген жерди басып алып, сол жерде жасайды.
9 – Ўәде етилген жерде узақ өмир.
10 – Дәрьялары бар, жемисли ҳәм темирге толы әжайып жер еди.
11 – Ол оларды жоқ қылды.
12 – Өмир ҳәм гүллеп-жаснаў ямаса өлим ҳәм жаўызлық.
13 – Мәңгилик өмирди.
14 – Кимде Қудайдың Улы Ийса Масийх бар.
15 – Олар оған қосып ямаса алып тасламаўы керек.
16 – Олар жазаланып, Жаңа Ерусалимге кире алмайды.

Нызамның қайталаныўы 5-Сабақ:

# Жаратқан Ийениң ҳүкими ҳәм реҳими



## **4-бап 1–40 аятлары** (2 бөлим)

Усы сабақта Қудайдың халқы басқа халықлардан қандай айырмашылығы бар екенилиги туўралы ойланып көремиз. Ҳәмде бизлер әҳмийетли еки тема ҳаққында ойланып көремиз: Қудайдың әдил ҳүкими ҳәм таң қаларлық реҳими.

Өткен сабақта бизлер қалайынша **Қудайдың нызамларына бойсыныў кереклигин** көрдик. Қудай оларға ўәде етилген жерди бергиси келди. Ўәде етилген жерге кирип сол жерде қалыўы ушын, олар Қудайдың нызамларына бойсыныўы керек еди.

### *Қосымша:* **Көрип шығыў**

Бизлер ўазды (Нзм. 4:1–40) бес бөлимге бөлиўге болатуғынын көрдик. Биринши ҳәм ақырғы бөлимлерде уқсас жерлери туўралы айтылып атыр. Екинши ҳәм төртинши бөлимлеринде де уқсас жерлери ҳаққында айтылып атыр. Яҳудийлердиң басқа көп тақмақ, қосықларында ҳәм ўазларында ең әҳмийетли пикир қосық қатарлардың ҳәм ўазлардың ортанғы бөлиминде жайласқан болады.

- 1–4 аят: **Бойсыныўшылық** — Израил халқы Қудайдың жарылқаўын алыўы ушын Оның нызамларына бойсыныўы керек.
- 5–20 аят: **Израил өзгеше** — Израил халқы басқа халықлардан айырықша еди, себеби Жаратқан Ийе басқа қудайлардан өзгеше еди.
- 21–31 аят: **Ҳүким ҳәм реҳим** — Жаратқан Ийе — ҳүким етиўши ҳәм реҳимли Қудай.
- 32–38 аят: (қайтадан) **Израил өзгеше.**
- 39–40 аят: (қайтадан) **Бойсыныўшылық.**

Усы ўазда ҳәм пүткил Мухаддес Китапта қайсы пикир ең әҳмийетли болып есапланады (Ортанғы бөлим не ҳаққында айтып атыр)? [1]

Не себептен Қудай Өз ҳүким ҳәм реҳимин анықлап белгилеў керек? [2]

Қудай Израил халқын қутқарғаннан соң, олар енди қәлеген нәрсени ислеп жүре аламыз деп ойлайтуғын еди. Бирақ Жаратқан Ийе оларға Өзиниң минсиз Нызамын орынлаўға берди!

Енди, усы ўазда Муўса 3 нәрсени үйретеди. Бул неден ибарат? [3]

Усы сабақта бизлер ўаздың екинши ҳәм үшинши темалары туўралы сөйлесемиз.

# Израил өзгеше

**Нзм. 4:5–20** аятларын оқың.

Израил халқы басқа халықлардан айрықша болған, себеби Жаратқан Ийе басқа қудайлардан өзгеше.

Жаратқан Ийениң қайсы минези басқа халықлар табынған қудайлардан айрықша болған? (7, 8, 12 ҳәм 20 аятларына қараң.) [4]

7 аят:

8 аят:

12 аят:

20 аят:

Егер адамлар Қудайдың Сөзине бойсынса нәтийжеси қандай болыўы керек еди (6–7 аятлар)? [5]

Жаратқан Ийе Израил халқының тек ғана табыныўын емес, ал басқа халықлардың Жаратқан Ийеге табыныўды қәлеўи ушын, израиллылар Қудайдың жәриялаўшысы болыўын қәлеген еди!

Бул әўел бастан Қудайдың жобасының бир бөлеги еди. Ол Ибрайымға Өзиниң әжайып ўәделерин берип атырғанда оған, «Сен арқалы дүньядағы барлық халықлар жарылқанады», — деп айтты (Жар. 12:3).

Усылайынша бизлердиң де Қудайға болған сүйиспеншилигимиз ҳәм Оның сөзлерине болған бойсыныўшылығымыз барлық халықлар ушын әжайып жәриялаўымыз болады. Солай етип, басқа халықлар да Ийсаның изинен ериўди қәлесин!

## 1-Шақырық



Көп адамлардың Ийсаға келиўиниң себеплери:
- исениўшилер бир-бирин сүйеди.
- Қудайдың дуўаларымызға жуўап берип атырғанын көреди.

Бирақ адамлар усы нәрселерди көрсе Масийхқа келмейди:
- бизлер бир-биримизди сүймейтуғынымызды
- өзимиздикинен гөре басқада көп болса ҳәм оны қызғанатуғынымызды
- өсек тарқатқанымызды
- дуўа етпегенимизди

Көрсе, олар Ийсаға келмейди ҳәм мәңгилик өмирге ийе болмайды.

Егер бизлер Қудайдың сөзине бойсынсақ, бул исениўши емес адамларға қандай тәсир етеди? [6]

Егер бизлер Қудайдың сөзине бойсынбасақ, бул исениўши емес адамларға қандай тәсир етеди? [7]

Нзм. 4:10–14 аятларда 40 жыл бурын Қудайдың Өз халқына он буйрықты берген әҳмийетли күн ескертилип атыр. Муўса халыққа он буйрық ҳаққында еслетип атырғаны туўралы бизлер Нызамның қайталаныўы китабының 5-бабында оқыймыз. Еле ҳеш қашан халық сондай жақсы нызамларға ийе болмаған. Елеге дейин сол ўақыттан берли ҳеш ким оларды жақсырақ қыла алмаған!

Қудайдың халқы не ислемеўи керек (15–19 аят)? [8]

Жаратқан Ийениң бутлардан қандай айырмашылығы бар? Бутлар қыла алмайтуғын не нәрсени Қудай ислей алады? [9]

Қудай Өзиниң халқын бутқа табыныўшы халықлардан қутқарды. Енди Ол сол бутқа табынатуғын басқа халықлардың жерин Өз халқына берип атыр. Сол себептен Қудайдың халқы басқа халықлардың изинен қайталап, өзлерине бутлар ислемеўи ҳәм оларға табынбаўы жүдә әҳмийетли болды.

## 2-Шақырық

Нелер бизлердиң бутымызға айланыўы мүмкин? Бизлер не нәрселерди Қудайдан да әҳмийетли деп есаплаўымыз мүмкин? [10]

Қудай менен болған қарым-қатнасымыз кейинги нәрселерден де әҳмийетлирек пе:
- шаңарақ?
- өз үйимиз?
- жумысымыз?
- пулларымыз?
- телефонымыз?

- кийимлеримиз?
- экзамен нәтийжелери?
- өз абырайымыз?

Неге «табынсақ», күнделикли өмиримизде сол көрине ме? [11]

# Жаратқан Ийе — ҳүким етиўши ҳәм реҳимли Қудай

**Нзм. 4:21–31** аятларды оқың. Бул ўаздың ең әҳмийетли бөлими.

21–24 аятларда, Муўса, егер ол (Муўса) Қудайдың жазасынан қутыла алмаған болса, Қудайдың халқы анық қутыла алмайды деп айтады!

25–30 аятларда, Муўса халықтың Қудайға қарсы шығатуғыны, ўәде етилген жерден қуўып шығарылатуғыны ҳәм соңынан өзиниң жерине қайтып келетуғыны туўралы алдыннан айтып атыр. Ески Келисимниң кейинги жағында усындай болды.

Қудайдың сөзи бойынша, Оның халқы қандай гүналар ислеўи мүмкин (25 аят)? [12]

Усы гүналарды ислесе, Қудайдың сөзи бойынша халықты қандай жазалар күтип атыр (26–28 аят)? [13]

Жаратқан Ийе 29–31 аятларда қандай ўәде берип атыр? [14]

Усы ўақыялар ҳаққында Ески Келисимниң тарийхый китапларында оқысаңыз болады. (Ешуа, Бийлер, 1–4 Пат. 1–2 Жлн. Эзра ҳәм Нехемия.)

Таң қаларлық, Қудай Өз халқының қандай аўыр гүна қылатуғынын билетуғын еди. Олар қанша көп гүна ислесе де, Қудай оларды тәўбе еткен ўақытта кешириўге таяр еди. Жаратқан Ийе — Ол таң қаларлық реҳимли Қудай!

Мухаддес ҳәм Минсиз Қудайдың Өз халқына болған реҳимлилиги ҳәм садықлығы таң қалдырады!

Керек болса қорқынышлы қуллықтан кейин де Израил халқы Қудайға қулақ салмаўды тоқтатпады. Олар Қудайдың минсиз нызамларына бойсынбаўды тоқтата алмаған еди.

Пүткил Ески Келисим бойынша бизлер Қудайдың халқы қутқарылыўға мүтәж болып атырғанын көрип атырмыз. Олар тек басқа халықтың қол астындағы қуллықтан азат болыўға ғана емес, ал оннан да қорқынышлы болған гүнаның қуллығынан қутқаратуғын Биреўге мүтәж болды.

## Жаңа Келисим

Бизлер Жаңа Келисимде Қудай сондай Қутқарыўшыны жибергенин оқыймыз!

**Матта 1:20–21** аятларын оқың: Қудай Юсупке Мәриямның улы Ийса не қылатуғыны ҳаққында не дейди? [15]

## *Қосымша:* **Ийса — бизлерди тек ғана Ол қутқара алады.**

Ийса Қудайдың Улы. Бизлер оны билемиз, себеби:



- Ол Мухаддес Руўхтан — Оның физикалық әкеси болмаған;
- Ол ҳеш қашан гүна ислемеген;
- Ол көп кәраматлар ислеген, көплеген адамлар гүўа болған;
- Және де, атанаққа шегеленип өлгеннен кейин 3 күннен соң өмирге жаңа ҳәм мәңгилик денеде қайта тирилди.

Ийсаның атанақтағы өлими ҳаққында оқығанымызда, бизлер Қудайдың ҳүкимин ҳәм реҳимин көремиз. Ийса бизлердиң гүналарымызды Өзине алып, гүна ушын Қудайдың ҳүкимин қабыл етти. Сол себептен Қудай бизлерге реҳимин көрсетти, себеби Ийса гүналарымыздың қунын төледи!

Ийсаның қайта тирилиўи бизлерге Ол гүнадан, өлимнен ҳәм керек болса шайтаннан да қутқара алатуғынын көрсетеди!

Қайта тирилиўден 40 күн өтип, Ийса жоқары көтерилди ҳәм Қудайдың оң қолы тәрепинде отырды. Енди Ол бизлерге Өз реҳимин ҳәм кеширимин усынып атыр. Бирақ ўақыт аз! Ол жақын арада дүньяның Ҳүким етиўшиси сыпатында қайтып келеди!

Аспанға көтерилместен алдын, Ийса Өзиниң шәкиртлерине Нызамның Қайталаныўы китабындағы сөзлерди пайдаланып, ақырғы тапсырманы берип кетти. Ийса олардың Ол ырастан да Қудайдың Улы екенлигине толығынша исениўин қәледи!

**Нзм. 4:39–40** аятларын оқың. Аспандағы ҳәм жердеги пүткил бийлик кимге тийисли? [16]

Оның халқы не ислеў керек (40 аят)? [17]

Олар Қудайға бойсыныў керек!

**Матта 28:18–20** аятларын оқың. Кимге аспанда да ҳәм жерде де пүткил бийлик берилген? [18]

Оның халқы бүгин не ислеў керек (19 аят)? [19]

## 3-Шақырық

Бизлер барлық адамларды Ийсаға бойсыныўды үйретиўмиз керек. Тек ғана Ийса аспандағы ҳәм жердеги бийликке ийе! Ол — қайтып келетуғын дүньяның Ҳүкимдары!

Сиз басқаларды дүньяның Ҳүкимдарына бойсыныўды қалай үйретесиз?

Ақырғы ҳәпте Ийса туўралы ким менен бөлистиңиз?

**Усы сабақтағы 3 тапсырманың қайсы бирин орынлаўға Қудайдан жәрдем сорайсыз?**

## Үйге тапсырма

**Нзм. 5:1–15** аятларын кейинги сабақтан алдын оқып шығың.

## Жуўаплар

1 – Жаратқан Ийе — ҳүким етиўши ҳәм реҳимли Қудай.

2 – Қудай буларды анықлап, белгилеп атырғанының себеби Оның халқы арқайын:
- гүна ҳеш қандай мәниге ийе емес,
- гүнадан кейин бизлерде кеширимге үмит жоқ, — деп ойлаўы мүмкин.

3 – **Бойсыныўшылық** — Израил халқы Қудайдың жарылқаўын алыў ушын, Оның нызамларына бойсыныўы керек.
**Израил өзгеше** — Израил халқы басқа халықлардан айырықша еди, себеби Жаратқан Ийе басқа қудайлардан өзгеше еди.
**Ҳүким ҳәм реҳим** — Жаратқан Ийе — ҳүким етиўши ҳәм реҳимли Қудай.

4 – Қудай оларға жақын ҳәм олардың дуўаларын еситеди (7 аят).
Қудай Өз халқына орынлаўы ушын жақсы нызамлар берди (8 аят).
Қудай — сөйлейтуғын Қудай, бирақ халық Оны ҳеш қашан көрмейди (12 аят).
Қудай Өз халқын қорқынышлы қуллықтан қутқарды (20 аят).

5 – Ол даналықта өседи.
Олар ақыл ҳәм түсиникке ийе болады.
Адамлар оларға ҳәм Қудайдың нызамларына таң қалады.
Адамлар Қудайдың Өз халқы менен бирге болып, олардың дуўаларына жуўап берип атырғанын көреди.

6 – Исениўши емес адамлар Ийсаға қарай умтылады ҳәм мәңгилик өмирге ийе болыўға мүмкиншилик алады.

7 – Исениўши емес адамлар Ийсаға қарай умтылмайды ҳәм мәңгилик өмирге ийе болыўға мүмкиншилиги болмайды.

8 – Олар өзлерине бут ислеп табынбаў керек.

9 – Бутлардан айырмашылығы Қудай көреди, сөйлейди, қыймылдайды, жаратады, қутқарады ҳәм Өзиниң адамларын өзгертип, олардың дуўаларына жуўап береди.

10 – Мысалы:
- бизлердиң балаларымыз,
- әҳмийетли ҳәм таныҳлы адамлар,
- футбол командалары,
- өлген адамлар,
- телефонлар,

- үйлер,
- абырайымыз (оның ишинде және группада бизлердиң хатымыз ямаса фотоларымыз қанша адамлар лайк басқаны).

11 – Бизлер ҳәмме ўақытта өзимиздиң табынатуғын нәрсемиз ҳаққында ойлаймыз, ол ҳаққында ҳәр дайым сөйлесемиз, мақтаймыз, оның менен көп ўақыт өткизиўди қәлеймиз, егер келиспесе ашыўланамыз.

12 – Олар бузылып кетиўи мүмкин, бутлар соғып оларға табыныўы мүмкин.

13 – Олар бул дүньядан жоқ болып кетиўи мүмкин, халықлар арасына тарқалып кетиўи мүмкин, қолдан исленген ҳәм оларға жәрдем бермейтуғын қудайларға табыныўы мүмкин.

14 – Егер олар Қудайды шын жүректен ҳәм шын кеўилден излесе, Оны табады. Қудай оларды таслап кетпейди, оларды жоқ қылмайды. Ол Ибрайым, Ысақ ҳәм Яқып (Жаратылыс китабы) пенен дүзген Өзиниң мухаддес келисимин умытпайды.

15 – Ол Өз халқын гүнадан қутқарады.

16 – Мәңги (*Яҳўе*).

17 – Олар Оның нызам ҳәм тапсырмаларын орынлаўы керек.

18 – Ийсаға.

19 – Ийса бизлерге үйреткенлерине бойсыныўға басқа халықларды үйретиў.

## Нызамның қайталаныўы 6-Сабақ:

# **Он Буйрық** (1-бөлим)



Усы сабақта бизлер Қудайды қалайынша сүйиў кереклиги ҳаққында ойланамыз.

## Не себептен бизлер бойсынамыз

**Нзм. 5:1–15** аятларын оқың.

Израил халқы Мысыр патшасының қол астында ҳәлсиз қуллар болған. Олар ҳеш қашан өзлерин қутқара алмайтуғын болған. Олар қутқарылыўға ылайықлы болыў ушын ҳеш нәрсе ислемеген еди. Деген менен, Жаратқан Ийе оларды қутқарыўды ҳәм Өзиниң жерин бериўди шешти!

Енди олар Қудайдың буйрықларына бойсыныў керек, себеби Ол халықты қутқарды, енди олар — Оның халқы. Қудай — олардың жаңа Патшасы ҳәм Ийеси!

Жаратқан Ийе Өз халқына Он буйрықты берместен алдын 6-аятта не деди? [1]

Неге Ол солай деп атыр? [2]

Жаратқан Ийе — олардың жаңа Патшасы ҳәм Ийеси!

### Жаңа Келисим

Израил халқына уқсап, бизлер де қутқарылыўға ылайықлы болыўмыз ушын ҳеш нәрсе ислемедик. Бизлер шайтанның қол астындағы ҳәлсиз гүнакарлар едик. Бизлер өзимизди қутқара алмайтуғын едик. Бирақ Ийса бизлерди қутқарыўды ҳәм бизлерге мәңгилик өмирди бериўди шешти! Енди бизлерде жаңа Патшамыз ҳәм Ийемиз бар!

Бизлердиң жағдайымыз израил халқының жағдайына қайсы тәрепимиз бойынша уқсас? [3]

**Матта 22:37–40** аятларын оқың.

Жаңа Ийемиз Ийса бизлерге қандай еки ең әҳмийетли нызамларды орынлаўымызды айтты? [4]

Бул хабардың әжайып тәрепи — бизлер Оның буйрықларын орынлай алыўымыз ушын Ийса бизлерге Мухаддес Руўхын берди!

Енди бизлер Қудайдың Муўсаға берген Он буйрығын үйренип шығамыз. Олар қалайынша Жаратқан Ийени ҳәм жанындағы адамды сүйиў менен байланыслы екенин көремиз. Соның ушын, усы күнлерде барлық исениўшилер усы буйрықларға бойсыныўы керек.

# Биринши төрт буйрық

Биринши 4 нызамлар бизлерди Қудайды қалай сүйиўди үйретеди.

**Ең биринши** нызам қандай (Нзм. 5:7)? [5]

Тек ғана Жаратқан Ийе бизлердиң толық садықлығымызға ылайықлы.

Егер бизлерде кимдур ямаса бир нәрсе Қудайдан да әҳмийетли болса, ол бизлердиң қудайымыздай болады.

Бизлер усы буйрықты қалайынша орынламаймыз?

## 1-Шақырық

**Қудайдан гөре сизиң телефоныңыз қаншелли әҳмийетли екенин тексерип көриң:** сиз дуўа етип атырғаныңызда ямаса жыйналыста отырғаныңызда звонок ямаса хатларға жуўап бересиз бе? Егер аўа болса, бул сизиң телефонға болған қарым-қатнасыңыз Қудайға болған қарым-қатнасыңыздан әҳмийетли екенин көрсетеди. Телефонға сизиң Қудай менен болған қатнасыңыздан итибарыңызды тартыўға жол қоймаң! Телефоныңызды үнсиз режимге қойың! Ол тек ғана сизге емес, ал жыйналыстағы басқа адамларға да кесент етеди!

Бизлер басқа қудайларға сыйынбаўымыз керек. Барлық басқа қудайлар — жалған қудайлар.

## Жалған қудайлар

- Жалған қудай бул бизлер **биле алмайтуғын** қудай. Бирақ жақсы әке қалайынша өз балалары менен ўақыт өткизиўди қәлесе, Қудайымыз бизлер менен ўақыт өткизгиси келеди. Ол буны бизлердиң Оны танып билиўимиз ушын Өзи берген Сөзи ҳәм Мухаддес Руўхы арқалы ислейди.
- Кейингиси, жалған қудай — бул бизлер ушын бир нәрсе ислеўи ушын бизлер оған **төлем төлеўимиз мүмкин болған** қудай. Гей биреўлер, егер Қудай ушын бир нәрсе ислесек, Ол бизлер ушын бир нәрсе ислеўи шәрт деп ойлайды. Мухаддес Жазыўлар бизлерге жақсы әке өз балаларын сүйгениндей, Жаратқан Ийе бизлерди шексиз сүйеди деп үйретеди. Бизлер Оның сүйиспешилигин сатып алалмаймыз, тек ғана Оның сүйиспеншилигине сыйыныў ҳәм бойсыныў арқалы жуўап бере аламыз.

Гейбир адамлар Қудайдың оларға бир нәрсе ислеўи ушын пулларын исениўшилер жәмәәтине қурбан қылып бериў керек деп ойлайды: олардың дуўасына Қудайдың жуўап бериўин ҳәм берген пулларынан және де бир мәрте көбирек пул қайтарыўын қәлейди.

Егер бизлер Қудайдың жарылқаўын сатып алыўды қәлесек, бул Оның бизлер ушын ислеген исин түсинбегенимизди билдиреди. Бул бизлердиң ҳақыйқый Қудайға емес, ал жалған қудайға табынып атырғанымызды билдиреди.



Егер ҳақыйқый Қудайға сыйынып атырған болсақ, бизлер Оған сақыйлық пенен беремиз. Бул бизлердиң Қудайды сүйетуғынымызды көрсетеди. Себеби Ол бизлерге ең баҳалы сыйды берди — Ийса Масийх арқалы мәңгилик өмир берди!

Бизлер жалған қудайға емес, ал ҳақыйый Қудайға табыныўымыз ушын бар күшимизди салыўымыз керек!

**Екинши буйрық** неден ибарат (Нзм. 5:8–10)? [6]

- Көп жерлерде Қудайдың ямаса басқа қудайлардың **қолдан исленген сүўретлери** бар. Бизлер Қудайды көринетуғын нәрсеге айландырмаўымыз керек. Бут Қудайдың барлығын толығынша көрсете алмайды — егер бизлер Қудайды физикалық түринде көрсете аламыз деп ойласақ, бизлер Оны масқаралаған боламыз. Бул надурыс.

  Қолдан соғылған бутларға табыныўдағы машқала неден ибарат? [7]

- Бизлер дүньяда Қудайдың көринисин және қай жерде көриўимиз мүмкин (**Жар. 1:26**)? [8]

  Бизлер **адамларға** табынбаўымыз керек — керек болса президент, қосықшылар, ҳажда болған адам, молла, ата-бабаларымыз ямаса басқа өлген адамлар болсын.

## 2-Шақырық

Бизлерде бутлар бар ма? Бизлерде көз тиймеўи ушын тағыншақлар бар ма? Бул бизлер ушын бут болады. Тек ғана Жаратқан Ийе бизлерди қутқара алады. Қудайға тил тийгизбең!

Бизлер Екинши Буйрыққа қалайынша бойсынбаўымыз мүмкин? [9]

## *Қосымша:* **балаларымызда болатуғын ақыбетлер**



**Нзм. 5:9–10** аятларын оқың. Қудайдың 3–4 әўладларды жазалап атырғанын көрип таң қалыўымыз мүмкин. Бирақ сонша әўладлар сол ўақытта биргеликте жасаған, ҳәзирги дәўирдеги басқа мәмлекетлерге уқсап. Жаратқан Ийе егер балалар өзлериниң ата-аналарының гүнасын қайталамаса, оларды жазаламайды. Бирақ әдетте олар ата-аналарының гүналарын қайталайды! Балалар шаңарақ ағзаларының ислеген ислерин даўам етеди!

Гүналарымыз тек ғана бизлердиң емес, ал балаларымыз ҳәм ақлықларымыздың өмирин бузады. Сиз усыған мысал келтире аласыз ба?

Бирақ буған салыстырғанда, Қудайдың сүйиспеншилиги қанша ўақыт даўам етеди? [10]

Сүйиспеншиликтиң мың әўладқа дейин созылғаны, бул Қудайдың сүйиспеншилиги мәңги екенлигин билдиреди, себеби мың әўладты санап болмайды!

**Үшинши буйрық** неден ибарат (Нзм. 5:11)? [11]

Муўса Қудайдан атын сорағанда, Ол Муўсаға Өзиниң атын не деди (Шығ. 3:13–14)? [12]

Яҳудийлер тилинде Қудайдың аты «Яҳўе» болады. Ески Келисимде ол «мәңги» болып аўдарылған.

Муўса Қудайдың атын билиўге ылайықлы болды. Адамның аты ҳәм минези жүдә әҳмийетли. Адам ҳаққында егер жаман нәрсе айтса ямаса оның атын ҳәм минезин надурыс пайдаланса қорқынышлы.

Қудайдың аты жүдә баҳалы! Израил халқы Оның атына соншелли ғамхорлық пенен қараған, олар керек болса Оның атын сийрек пайдаланған.

Бизлер оның буйрықларын ҳәр түрли усыллар менен буза аламыз:

- Қанан халқы өз қудайларының атларын нәлетлеўде ҳәм сыйқыршылықта өзлери жек көрген адамларға қарсы пайдаланған. Қудай Израил халқына Өзиниң атын сол мақсетте пайдаланбаўы ҳаққында айтып атыр. Соған уқсаған ис-ҳәрекетлер қадаған етилген (Нзм. 18:9–13).

- Қудайдың Атын өз мәпине пайдаланыўдың және бир усылы — бул бизлердиң **ислеген исимиз ҳәм сөйлеген сөзимиз**. Елши Павел айтқанындай: *«Муҳаддес Нызам менен мақтанасаң, бирақ оны бузып, неге Қудайды ҳүрмет етпейсең? Өйткени былай деп жазылған: «Сизлер себепли, басқа миллетлер арасында Қудайдың атына тил тийеди».»* (Рим. 2:23–24) Егер өзимизди Қудайдың халқымыз деп айтсақ, бизлер Оған ҳәм басқаларға сүйиспеншилигимизди көрсетиўимиз керек. Бизлердиң ис-ҳәрекетимиз сөзлеримизге сәйкес келиўи тийис.

- Адамлар иси жүриспей атырғанда, Қудайдың атын қалай жөнсиз тилге алады? [13]

Бирақ адамлар әдетте иси жақсы жүрисип атырғанда да Қудайды алғысламайды!

Бизлер Қудайдың атын қалайынша жөнсиз тилимизге алмаўымыз керек? [14]

## *Қосымша:* **ант ишиў**

Ески Келисим ўақытларында адамлар судта ҳақыйқатты айтып атырғанын дәлиллеў ушын, өз қудайы менен ант ишетуғын болған. Қанан адамлары да өзлериниң қудайларының атлары менен ант ишетуғын болған, бирақ олар көбинесе алдаған.

Жаратқан Ийе халқына тек ғана Өзиниң аты менен ант ишиўди ҳәм ҳақыйқатты сөйлеўди буйырды (Нзм. 6:13 ҳәм 5:20).

Жаңа Келисимде Ийса бизлерге ҳеш қашан ант ишпеген жақсы болады деп үйретти. *Сизлердиң: «аўа» сөзиңиз «аўа», «яқ» сөзиңиз «яқ» болсын, буннан басқасы шайтаннан* (Матта 5:37).

Ол Израил халқының күнделикли ант ишиўи туўралы айтқан еди. Адамлар менен қарым-қатнасымызда бизлер тек ғана «аўа, ислеймен» ямаса «яқ, ислемеймен» деп айтыўымыз керек (Матта 5:37).

Бирақ гейпара юридикалық жағдайларда, мысалыға судта ямаса армияда әскерий хызметке кирип атырғанда, яғный усындай ўақытларда ант ишиў керек болады. Себеби басқа адамлар сизиң хызметке ҳәм ҳақыйқатқа садықлығыңызды көриўи керек. Бундай жағдайларда өз мәмлекетимизге ямаса ҳүкиметимизге садықлыққа ант етиўимиз гүна болып есапланбайды. Елши Павел былай деп жазды: *«Ҳәр бир адам басқарыўшы ҳүкиметке бойсынсын. Өйткени Қудайдан болмаған ҳеш қандай ҳүкимет жоқ. Бар болған ҳүкиметлердиң ҳәммеси де Қудай тәрепинен орнатылған»* (Рим. 13:1).

**Төртинши буйрық** неден ибарат (Нзм. 5:12–15)? [15]

15-аятта адамлар нени есте сақлаўы кереклиги ҳаққында айтылған? [16]

Қуллар ҳәр дайым жумыс ислеў керек еди. Бирақ Қудай Өз халқын қутқарды, енди олар қуллар емес! Сол себептен олар ҳеш бир дем алыс күни жоқ қул сыяқлы жасамаўы тийис еди. Олар ҳәр ҳәптениң толық бир күнин жумыс ислемей өзиниң қутқарылыўын байрамлаўы керек болды.

Егер бизлер дем алыс күн алсақ, бул өзимиздиң күшимизге емес, ал Қудайға болған исенимимизди көрсетеди. Егер бизлер ҳәптесине жети күн, ҳәр күни ислесек, бул Қудайға исенбейтуғынымызды көрсетеди. Бул қәлеўлеримизди қанаатландырыў ушын өз күшимизге исенетуғынымызды көрсетеди. Бизлер Қудайға сүйениўди үйрениўимиз керек!

Сол күнди пайдаланыўдың көп усыллары бар. Бул исениўшилер менен бирге ушырасыў, шаңарақ ҳәм жәмийет пенен бирге дем алыў ушын жақсы ўақыт.

Жәмәәт жетекшилерине де ҳәр ҳәптеде дем алыс керек. Себеби 7-күни олар көп жумыс ислейди, оларға басқа күнге дем алыс керек. Олар басқаларды сол күни звонок етпеўди ескертириўи керек, әлбетте егер айрықша жағдай болмаса. Солай етип, олар өзлерин шаршаўдан ҳәм депрессиядан сақлай алады. Егер олар ҳәптесине бир күн дем алса, олар жақсырақ хызмет ислей алады!

Бизлердиң Қудай ҳәм адамлар менен қарым-қатнасымыз жумыстан әҳмийетлирек!

Егер бизлер Шаббат күнин есте сақласақ ҳәм оған мухаддес түринде әмел қылсак, бул бизлерге Қудайды сүйиўде қалай жәрдем береди? [17]

## 3-Шақырық

Сиз жумысыңызда ҳәр ҳәпте дем алыс аласыз ба? Егер аўа болса, сол күнди сиз Қудай менен қарым-қатнасыңызды раўажландырыў ушын пайдаланып атырсыз ба?

### Қалай ойлайсыз, Масийхтың изинен ерип жүргенлерге усы төрт буйрықтың қайсы бирин орынлаў eң кыйыны болады?

### Усы төрт буйрықтың қайсысын орынлаўға Қудайдан жәрдем сораўыңыз керек?

### Сиз, Қудай көрсеткенлериниң ишинде, не нәрселерден тәўбе етиўиңиз керек?

Ол ашық өз гүналарын тән алғанларды ешейин кеширетуғыны ушын Жаратқан Ийеге алғыслар болсын! (1 Юхан 1:8–9)

*Жаратқан Ийени шын жүрегиңиз, жан-тәниңиз ҳәм бар күшиңиз бенен сүйиўиңиз ушын бир-бириңиз ушын дуўа етиңлер!* (Нзм. 6:5)

## Үйге тапсырма

**Нзм. 5:16–21** аятларын кейинги сабаққа шекем оқып шығың.

# Жуўаплар

1 – *Мен — сени Мысырдан, қул болған жериңнен алып шыққан Қудайың Жаратқан Ийемен.*
2 – Себеби Ол оларды қутқарды, енди олар — Қудайдың халқы.
3 – Израил халқына уқсап, бизлер де қутқарылыўға ылайықлы болыўмыз ушын хеш нәрсе ислемедик. Бизлер шайтанның қол астындағы ҳәлсиз гүнакарлар едик. Биз өзимизди қутқара алмайтуғын едик. Бирақ Ийса бизлерди қутқарыўды ҳәм бизлерге мәңгилик өмир бериўди шешти! Енди бизлерде жаңа Патшамыз ҳәм Ийемиз бар!
4 – Қудайың Жаратқан Ийени шын жүректен, жан-тәниң ҳәм пүткил ақыл-ойың менен сүй. Өзиңди сүйгениң сыяқлы, жаныңдағы адамды да сүй.
5 – *Сениң Меннен басқа қудайларың болмасын.*
6 – Өзиңе хеш бир нәрсениң көринисин соғып оған табынба.
7 – Бут Қудайдың барлығын толығынша көрсете алмайды — егер бизлер Қудайды физикалық түринде көрсете аламыз деп ойласақ, бизлер Оған тил тийгизген боламыз.
8 – Ҳәр бир адам — Қудайдың көринисинде жаратылған!
9 – Бизлер қолдан соғылған нәрселерге табынсақ, адамларға (тири болсын ямаса өли болсын) табынып ямаса дуўа етсек ямаса өзлеримизди қорғаў ушын тағыншақларды пайдалансақ, бизлер екинши нызамды бузған боламыз.
10 – Мың әўладқа!
11 – *Қудайдың атын жөнсиз тилиңе алма.*
12 – *Мен мәңги бар Болыўшыман.*
13 – Олардың иси жүриспей атырғанда, олар Қудайды айыплайды. («О Қудайым!»)
14 – Бизлер Қудайдың атын нәлет ямаса сыйқыршылықта пайдаланбаўымыз шәрт.
Бизлер гүна ислеп, Қудайдың атына дақ түсирмеўимиз керек.
Бизлер Қудайдың атын урысқанда пайдаланбаўымыз керек.
15 – Шаббат күнине әмел қыл, оны мухаддес сақла.
16 – Қудай оларды қуллықтан қутқарғанын есте сақлаўы керек еди.
17 – Бизлер Қудай ҳәм исениўшилер менен бирге көрисип, ўақыт өткизиўимиз мүмкин.

## Нызамның қайталаныўы 7-Сабақ:

# **Он Буйрық** (2-бөлим)



**Усы сабақты еркеклер ҳәм ҳаяллар еки топарға бөлинип өтиўи керек.**

Өткен сабақта Қудайды сүйиўди үйрететуғын биринши төрт буйрықларды көрип шықтық. Енди усы сабақта кейинги алты буйрықты көрип шығамыз. Олар бизлерге бир-биримизди сүйиўди үйретеди.

Егер алды менен Қудайды сүймесек (биринши төрт буйрық), бизлер бир-биримизди сүйе алмаймыз (кейинги алты буйрық).

**Нзм. 5:16–21** аятларын оқың.

## Әҳмийетлилик тәртиби



Он Буйрықтың тәртиби бизлерге Қудайға ңениң ең әҳмийетли екенин көрсетеди:

- Қудай бириншиден бизлердиң Оның менен болған қарым-қатнасымызды қайғырады.
- Кейин бизлердиң бир-биримиз бенен болған қарым-қатнасымыз турады.
- Тек ғана усылардан кейин бизлердиң мал-мүлкимиз әҳмийетли болыўы керек.

Бирақ бизлер көбинесе усыларды кери тәртипке қоямыз:

- Мал-мүлкимиз бизлер ушын барлығынан әҳмийетлирек.
- Усыдан кейин бир-биримиз бенен болған қарым-қатнасымызды қайғырамыз.
- Ал Қудай менен болған қарым-қатнасымыз туўралы қайғырмаймыз десек те болады!

Егер бизлер Қудайдың қәдирлегенлерин қәдирлесек, бизлерде тынышлық ҳәм қуўаныш болады. Бирақ егер бизлер Қудайдың қәдирли нәрселерин астын-үстин қылып қойсақ, бизлер ҳеш қашан ҳақыйқый тынышлық ҳәм қуўанышты биле алмаймыз.

Бизлер ушын болған Қудайдың әҳмийетлилик тәртиби қандай? [1]

**Нзм. 5:16** аятларын оқың. Бесинши буйрық неден ибарат? [2]

Балалар ата-аналарына бойсыныўы керек (Эфс. 6:1). Жасы үлкен балалар ата-аналарын ҳүрмет етип, (Нзм. 5:16) олардың мүтәжлиги болғанда, ата-анасын тәмийинлеўи керек (1 Тим. 5:8).

Ата-аналар балаларын өзлерине бойсыныўға үйретиўи керек, әкесине де ҳәм анасына да. Ул-балалар да, қыз-балалар да ата-аналарына бойсыныўы шәрт. Балалардың тәрбиясы, олардың сөйлеп үйрениўинен алдын басланады!

Жақсы ата-аналар өз шаңарағы ушын, балалары ушын жақсылықты қәлейди. Жақсы ата-аналар болыў ушын әке ҳәм ана бир-бирин сүйиўи ҳәм ҳүрмет етиўи керек. Балалар өз ата-аналарында көргенин қайталайды. Егер әке анаға ҳәр дайым бақыра берсе, балаларда соған үйренеди. Егер ана ҳәр дайым әкени айыплай берсе, балаларда соған үйренеди.

Әрмандағыдай ата-аналар болмайды. Тилекке қарсы гейпара ата-аналар балалары надурыс нәрселерди ислеўин қалейди. Елш. 4:19 аят бизлерге усындай жағдайда не ислеў кереклигин айтады? [3]

## Талқылаў

Енди жасы үлкен исениўшилер өз ата-аналары менен қандай қарым-қатнас қылыў керек?

### 1. Ақшаға тийсли:

- Егер ата-аналарымыз бизлердиң көп пул табыўымыз ушын ҳәптесине жети күн жумыс ислеўимизди қәлесе, не қылыўымыз керек?
- Егер олар бизлердиң оларды пул менен тәмийинлеўимиз ушын басқа мәмлекетке барып жумыс ислеўимизди қәлесе, не қылыўымыз керек?
- Егер олар бизлерге әҳмийетли болмаған нәрселерге бизлерден пул алғысы келсе, не қылыўымыз керек?

Бизлер өз сезимлеримиз туўралы ата-аналарымыз бенен ашық сөйлесе аламыз: оларды сүйемиз, бирақ олар бизлердиң көп жумыс ислеўимизди қәлегени ҳәм сол себепли жыллар даўамында өз балаларымызды көриўге мүмкиншилик болмай атырғаны қатты аянышлы.

Оларда қандай пикирлер бар, жасап атырған жеринде қалай ақша табыўға болады?

Мынадай мысаллар болыўы мүмкин:
- Олар кишкене дүкан қура ала ма? Егер оларға биреў затлар жиберип турса, оларды сатыўға бола ма?
- Олар басқаларды қандай да кәсип ямаса өнерге үйретиўди усыныс ете ала ма?
- Олар басқалар жумысында болғанында, олардың балаларына қарап тура ма?
- Сиз және қандай пикирлер усыныс етиўиңиз мүмкин?

### 2. Шаңарақтағы болған басым:

- Егер шаңарақта биреў басқа адамға қарсы жаман ис тутса, бизлер не қылыўымыз керек?

Жақсы үй — бул шаңарақтағы ҳәр бир ағза ушын қәўипсиз жер. Өзимизди ямаса басқаны болатуғын зыяннан сақлағанның ҳеш қандай уяты жоқ.

Егер жәмәәттиң ағзасы өзиниң үйинде қәўипли жағдайда болса, жәмәәт сол адамды қалай қәўипсиз жер менен тәминлеў кереклиги ҳаққында талқылаў керек.

**Нзм. 5:17** аятын оқың. Алтыншы буйрық неден ибарат? [4]

Сиз бул нызамды ҳеш қашан бузбадым деп ойлаўыңыз мүмкин, бирақ ...

**Матта 5:21–22** аятларын оқың. Ол жерде басқаларға болған ғәзеп ҳаққында не жазылған? [5]

## 1-Шақырық

Сизиң ашыўыңызға тийген биреў бар ма? Қудайдан сол адамды кешириўге ҳәм жүрегиңизде жасырын ғәзеп шынжырларынан азат етиўди сораң!

Аборт — ҳәттеки, бул ушын жақсы себеплер болса да, адам өлтириў екенлигин түсиниў жүдә әҳмийетли. Егер мысалыға зорлықтың нәтийжесинде ҳәмиледар болған болса ямаса бала майып болатуғын болса, аборт барлық жағдайда гүна болып қалады.

Балалар — олар Қудайдан болған сый. Бизлер Оның Өзи бериўди шешкен балаға ғамхорлық етиў ушын керек болған барлық мийримди береди деп Оған исениўимиз керек.

Егер бизлер (ҳәм бизлердиң турмыс жолдасымыз) аборт қылған болсақ, бизлер 3 нәрсени билиўимиз керек:
- Жаратқан Ийе бизлерди бурынғыдай сүйеди ҳәм кешириўге таяр.
- Қудай бизлердиң баламызды сүйеди ҳәм баламыз бизлерди аспанда күтип атыр.
- Қудай бизлерди ески айып ҳәм гүнадан азат қылғысы келеди.

Баланы өмирден айырғаныңыз себепли айып ҳәм қайғы сезимлери менен жасамаң.

Келиңлер, ҳәзир бир минутқа тоқтайық ҳәм өзимиздиң кеширим алыўымыз ушын тыныш дуўа етейик. Егер бизлер:
- биреўге ғәзепте болсақ.
- аборт ислеткен болсақ.

Өзлеримиз ушын Қудайдан сүйиспеншилик ҳәм кеширим кәраматларын алыўымыз ушын дуўа етейик!



**Нзм. 5:18** аятын оқың. Жетинши буйрық неден ибарат? [6]

Некеден өтип, турмыс қурмаған еркек ҳәм ҳаял арасындағы ҳәр қандай жынысый қатнаслар надурыс болып есапланады. Жас бир жубай турмыс қурмастан алдын керек болса сүйисиўге ҳәм бир-бирине қол тийгизиўге болмайды. Павел жазғанындай: «*Ҳеш қандай бузықшылық, ҳарамылық ҳәм нәпсиқаўлық араңызда тилге де алынбасын*» (Эфс. 5:3).

Жас ер адам еркек болыўды үйрениў ушын бузық ҳаялға барыўға болмайды. Күйеўдиң ең тийкарғы сыпаты — бул ҳаялына болған садықлық. Соның ушын, ер жеткенде бузық ҳаялларға барыў — бул ЖАМАН күйеў болыў сабағы болып табылады. Керисинше, бул оның өз ҳаялына ең баҳалы болған өз пәклигин той саўғасы етип бере алмағанын билдиреди. Және де, ол өз ҳаялын бузық ҳаял менен салыстырыўы мүмкин. Сондай-ақ ол еми жоқ ҳәм жағымсыз аўырыў менен кесел болып қалыўы мүмкин.

Күйеўлер егер ҳаяллары жынысый қатнасқа жағдайы болмаса бузық ҳаялларға барыўға болмайды. Мысалы, бала туўылғаннан кейин бир ай даўамында ямаса әдеттегидей етек кири келип жүрсе, ямаса ол узақ ўақыт даўамында аўырып жүрсе. Егер күйеў ямаса ҳаял басқа елде жумыс ислесе. Бизлердиң өмиримизде Муқаддес Руўхтың дәргайының гүўасы бул — өзимизди тутып билиў (Гал. 5:22–23). Ерли зайыптың узақ ўақыт бир-биринен айырылыўы жақсы емес (1 Кор. 7:5). Сол себептен көп турмыслар ўайран болып атыр. Күйеў ямаса ҳаялға болған садықлық бахытлы турмыс ушын зәрүр. Елши Павел жазғанындай: «*Денелериңиздиң Масийхтың мүшелери екенлигин билмейсизлер ме? Масийхтың мүшелерин алып, бузық ҳаялдың мүшелери қылыўға бола ма? Ҳеш қашан! Бузық ҳаял менен қосылған адам оның менен бир дене болатуғынын билмейсизлер ме? Себеби Муқаддес Жазыўда: «Екеўи бир дене болады», — делинген-го*» (1 Кор. 6:15–16).

Бузық ҳаялға барыўдың машқаласы неден ибарат? [7]

Жаратқан Ийе тек ғана бизлердиң исимизге емес, ал ойларымызға да қарайды.

**Матта 5:27–30** аятларын оқың. Ой-пикирлеримиз ҳаққында бул аятлар не дейди? [8]

## 2-Шақырық



Сизлер қандай фильм ямаса видеолар көресиз?

Эротикалық фильмлерди көриўдиң машқалалары мыналардан ибарат:

- Олар бизлердиң ойымызды бузық пикирлер менен толтырады.
- Бул көринислер пүткил өмиримизде есимизде қалыўы мүмкин.
- Олар бизлерди надурыс ис-ҳәрекет ислеўге қәлеў оятыўы мүмкин.
- Олар турмыс жолдасымызға қанаатланбаўшылық алып келеди ҳәм турмыстағы қарым-қатнасты бузады.
- Сондай фильмди тойға шекем көргенимиз келешек турмысымызды бузады.
- Сол фильмлер бизлерди мастурбацияға шақырады — бул жынысый ләззетти өз алдына излениўди билдиреди. Жынысый қатнас — бул тек ғана ерли-зайыплылар ләззетленетуғын сый. Муқаддес Китап өзимизди басқара алыўымызды ҳәм гүнакар тәбиятымыздың қәлеўлериниң изинен жүрмеўимизди айтады (Гал. 5:13).

Сизге фильмлердиң бир неше түрлерин көриўден бас тартыў керек пе?



Келиңлер, бир минутқа тоқтайық ҳәм Қудайдан ҳеш қашан кеширим сорамаған өзимиздиң ислеген ҳәр қандай жынысый гүналарымыз ушын тыныш кеширим сорап, дуўа етейик.

Келиңлер, бизлер көрген ҳәм ойымызда қалған ҳәр қандай бузық пикирлерди кешириўи ушын, Қудайдың алдында тәўбе етейик. Қудайдан бизлердиң ақыл ҳәм жүрегимизди тазалаўын сорайық.

Өзлеримиз ушын Қудайдан сүйиспеншилик ҳәм кеширим кәраматларын алыўымыз ушын дуўа етейик!

Ҳәр биримиз Мухаддес Руўхтың күши менен сондай нәрселерди көриўди ямаса ислеўди тоқтатыўымыз ушын дуўа етип сорайық.

**Нзм. 5:19** аятын оқың. Сегизинши буйрық неден ибарат? [9]

Бизлер бул буйрыққа қандай ўақытта бойсынбаймыз?

Егер бизлер керекли дәрежеде ислемеген жумысымызға айлық алсақ, бул урлық. Баслығыңыз анық бир жумыс ислегениңиз ушын пул төлейди, сол жумысыңызды ҳеш ким бақлап турмаса да, сиз керекли дәрежеде ислеўиңиз әҳмийетли (Эфс. 6:5–8 аятларына қараң).

Егер бизлер биреўден ямаса жәмәәт ағзасынан бир нәрсени (мысалы, тарелкалар, сүлгилер, китаплар, ойыншақлар) қарызға алған болсақ, бизлер оларды ҳәр дайым қайтарыўымыз шәрт. Әлбетте егер биреў бизлерге оларды саўға қылса, бул басқа мәселе. Егер қайтып бермесек, бул урлық ислегенимиз болады.

Егер бизлер қарызға ақша алсақ, бизлер қайтарып бериўимиз керек. Егер пулды қайтара алмайтуғын болсақ, бизлер сол адам менен сөйлесиўимиз керек. Оның менен қарызыңызды қалайынша қайтарып төлеп бериў мәселеси туўралы сөйлесиң. Көплеген жағдайда, адамлар жәмәәт ағзасына пулды қарызға бергенде, қарыздар адам Ибадатханаға келиўди тоқтатады, себеби сол пулларды қайтарып бере алмайды.

Келиңлер, бир минутқа тоқтайық ҳәм кеширим сорап, дуўа етейик. Егер бизлер:

- баслығымызды алдап атырған болсақ,
- бир нәрселерди урлаған болсақ,
- ямаса қарызды қайтармаған болсақ.



Қудай бизлерге қарызымызды ямаса урлаған нәрселеримизди қайтарып бериўге жәрдем берсин деп, дуўа етейик.

Қарыз себепли бузылған қарым-қатнаслар қайтадан тиклениўи ушын дуўа етейик.

Өзлеримиз ушын Қудайдан сүйиспеншилик ҳәм кеширим кәраматларын алыўымыз ушын дуўа етейик!

**Нзм. 5:20** аятын оқың. Тоғызынши нызам қандай? [10]

Бизлер басқалар ҳаққында жаман сөзлер айтқанымызда, олардың өмирин ўайран қыламыз. Солай етип, бизлер басқаларды өсек қылсақ, олардың өмирин ўайран қыламыз. Сол себептен де, адамлар өзлери туўралы басқа адамлардан жаман нәрселерди еситсе жәмәәтке келиўди тоқтатады.



Келиңлер, ҳәзир бир минутқа тоқтайық ҳәм басқалар туўралы айтқан жаман сөзлеримиз ушын кеширим сорайық.

Өзлери ҳаққында еситкен өсеклер себепли жәмәәттен кеткенлер ушын дуўа етейик.

Мухаддес Руўх ҳәр биримиздиң өзгериўимизге қалай жәрдем бере алатуғыны туўралы билип алыўымыз ушын дуўа етейик.

Өзлеримиз ушын Қудайдан сүйиспеншилик ҳәм кеширим кәраматларын алыўымыз ушын дуўа етейик!

**Нзм. 5:21** аятын оқың. Онынши буйрық неден ибарат? [11]

«Күсеў» деген сөз нени аңлатады? [12]

**Евр. 13:5** аят ақшаға болған қатнасымыз қандай болыўы кереклиги туўралы не дейди? [13]

Егер бизлер бар нәрселеримизге қанаат етсек:
- мәңги Қудай берген затларға миннетдаршылық билдиремиз,
- бизлерде жоқ нәрселерди сорап, налымаймыз,
- бизлерде жоқ нәрселер басқаларда бар екенин көрип, оларды күсемеймиз.

Адамларға қашан жетерли болады? [14]

Көп адамлар күнине көп саат жумыс ислегени себепли, олар өз балаларын аз көреди.

Базылар болса басқа мәмлекетке ақша табыў ушын кетеди ҳәм шаңарағын бир неше жыл көрмейди. Егер сиз шет елде ислейтуғын болсаңыз, қанша ўақыт шаңарақтан, үйден узақта болыў кереклиги ҳаққында Қудайдан даналық сорап, дуўа еткениң жүдә әҳмийетли.

Кейинги нәрсени сатып алыў ушын пул табыўды қәлеў соншелли аңсат. Бирақ балалар ушын ең баҳалысы — бул ата-аналарының олар менен бирге болыўы. Олар ата-аналарына мүтәж, олардың сүйиспеншилигин сезиўди ҳәм мәңги Қудайдың изинен жүриўди үйретиўин қәлейди.



Қудайдан сиз нелерди қәлейтуғыныңызды көрсетиўин сораң.

Қудайдан қәлейтуғын нәрселериңиз сизиң шешимлериңизге қалай тәсир ететуғынын көрсетиўин сораң. Усы нәрселерге ийе болыў қәлеўиңиз себепли көбинесе ким қыйналады?

Усы мәселе туўралы мәңги Қудай не айтқысы келеди?

# Қалайынша кеширим алыўға болады?

**1 Юх. 1:8–9** аятларын оқың.

Егерде гүнамыз жоқ деп ойласақ 8 аят не дейди? [15]

Кеширимди қалай алатуғынымыз ҳаққында 9 аят не дейди? [16]

Әлбетте, гүналарымызды Қудай менен жеке ўақыт өткергенде мойынласақ болады. Бирақ егер сиз өзиңиз исенетуғын адамның алдында мойынласаңыз, бул өмириңиздеги гүнаның ҳүкимдарлығын бузыў ушын күшли усыл екенин көресиз.

Сизиң топарыңыз — бул гүналарды мойынлаў ушын жақсы жер. Бирақ абайлы болың ҳәм **ҳешкимге топарда бөлискенлердикин айтып бермең**. Басқалар бизлерге исене алатуғын адам болыўды үйрениўимиз керек!

## Талқылаў

Сизиң жәмәәтиңиздиң ағзаларына усы буйрықлардың қайсы бирин орынлаў жүдә қыйын?

Өзиңизге усы нызамлардың қайсы бирин орынлаў жүдә қыйын?

**Жаратқан Ийеге алғыс, өйткени бизлер Ол қәлегендей жасай алыўымыз ушын Ол бизлерге Мухаддес Руўхты берди!**

**Бүгин бизлер жаңадан Мухаддес Руўхқа толыўымыз ушын, бир-биримиз ушын дуўа етейик!**

## Үйге тапсырма

**Нзм. 6-бапты** кейинги сабаққа шекем оқып шығың.

## Жуўаплар

1 – Жаратқан Ийе алды менен бизлердиң Оның менен болған қарым-қатнасымызды ойлайды. Кейин бизлердиң басқалар менен қарым-қатнасымыз әҳмийетли. Тек ғана усылардан кейин бизлер ушын мал-мүлкимиз әҳмийетли болыўы керек.
2 – Ата-анаңды ҳүрметле.
3 – Сизлер адамға емес, ал Қудайға бойсыныўыңыз керек.
4 – Адам өлтирме.
5 – Егер басқа биреўге ғәзепленсек, бизлер оны өлтиргенимиз сыяқлы жаман болады.
6 – Неке ҳадаллығын бузба.
7 – Бузық ҳаялларға барыў сизиң турмысыңызды, ой-пикириңизди ҳәм ден саўлығыңызды бузады.
8 – Егер бизлерде напәк пикирлер болса, бул жаман ис-ҳәрекет ислегенимиз сыяқлы жаман болады.
9 – Урлық ислеме.
10 – Жалған гүўалық берме.
11 – Ҳеш бир нәрсени күсеме!
12 – Бул бизлердиң бир нәрсени ырасында да соншелли қәлегенимизди билдиреди.
13 – Ақшаны сүйиўден аўлақ болың ҳәм бар нәрсеңизге қанаат етиң.
14 – Ҳеш қашан! Көп адамлар ҳәмме ўақытта көбирек мал-мүликке ийе болғысы келеди!
15 – Бизлер өз-өзимизди алдаймыз.
16 – Бизлер Қудайдың алдында гүналарымызды мойынлаўымыз шәрт.

## Нызамның қайталаныўы 8-Сабақ:

# Мәңги болған Құдайыңды сүй



Усы сабақта бизлердиң Құдайға болған сүйиспешилигимиз өмиримизде қалайынша көриниўи кереклигин билип аламыз.

**Нзм. 6-бапты** оқың.

## Жалғыз Ийе

4-аятта Құдай туўралы не деп атыр? [1]

Негизги еврей тилинде бул аятта былай жазылған: «*Яҳўе, бизлердиң Құдайымыз, жалғыз бир Яҳўе*».

Еврей тилинде «бир» деген сөз — «*эхад*» болады. Бул бирликти билдиреди. Бизлер усы «*эхад*» сөзин және:

- Құдай Мухаддес Шатырды қурыў ҳаққында айтып атырғанда көрдик: «Және де, елиў алтын илмек ислетип, олар жәрдеминде перделерди бир-бирине бириктир. Сонда шатыр бир тутас болады» (Шығ. 26:6).

- Құдай Езекиелге Израилдың еки халықты бир халық қылып бириктиремен деп айтады: «*оларға былай деп айт: «Құдай Ийе былай дейди: Мен Эфрайымның қолындағы таяғын, яғный Юсуп пенен бирлескен Израил урыўларының таяғын алып, Яҳуданың таяғына қосаман. Оларды бир таяқ қылып, Өз қолымда услайман*» (Ез. 37:19)

Биреўлер Масийхтың изинен ергенлерди үш құдайға табынады деп ойлайды. Бизлердиң Құдайымыз — тек ғана бир Құдай. Яҳўе — жалғыз тири ҳәм ҳақыйқат Құдайы. Ол бир Құдай ҳәм Ол «жалғыз». Жаратқан Ийе Өзиниң халқы Оған табынғанындай етип, басқа құдайларға табыныўын қәлемейди. Ҳаял адамда тек ғана бир күйеўи болғанындай, бизлерде де бир Құдай болыўы шәрт. Басқа нәрсеге табыныў — бул қорқынышлы бузықшылық. Соның ушын, Нызамның Қайталаныўы китабының 6-бабы

*«Қудайыңыз Жаратқан Ийени шын жүрегиңиз, жан-тәниңиз ҳәм бар күшиңиз бенен сүйиң»*, деп даўам етеди (5 аят).

Не себептен бизлер тек ғана бир Қудайға табынамыз? [2]

# Бизлердиң жалғыз Қудайымыз — бул үш Жеккелик

Үш-бирлик ҳаққында гүўалық Ески ҳәм Жаңа Келисимде де бар. Мысалы:

- **Жар. 1:26:** Қудай «Өзиме» деп емес, ал «Өзимизге» уқсатып дейди. Бул жерде бизлер Жалғыз Қудай бир тәрепинен биреўден көп екенин билип аламыз.

- **Жар. 18:22:** Қудай жерде ҳәм аспанда! Әлбетте, Қудай Әке әдеттегидей аспанда. Ҳәмде Қудай адам менен адам сөйлескендей Ибрайым менен сөйлесип атыр. Бул қандай болыўы мүмкин? Бизлер Жаратқан Ийе Жалғыз екенлигин, бирақ Үш Жеке екенин түсинип жетсек бул түсиникли болады. Сол Үш бирликтиң екинши Жеккелиги Қудайдың Периштеси көринисинде келип айтты: *«Сонда Жаратқан Ийе былай деди: «Мен ислейжақ исимди Ибрайымнан жасыраман ба?»* (Жар. 18:17). Ол адам болып туўылыўынан алдын, Ески Келисимде Үш бирликтиң екинши Жеккелигиниң көрингени туўралы бир неше жерлерде жазылған (мысалы, Жар. 32:22–31 ҳәм Дан. 3:24–25).

- **Шығ. 24:9–11:** Жазылған, Қудайдың жүзин көрип тири қалмайды (Шығ. 33:20). Онда қалайынша усы адамлар Қудайды көрип тири қалды? Егер бизлер Үш бирликтиң екинши Жеккелигин түсинсек, бәри түсиникли болады. Бир күни Ол адам көринисинде келеди ҳәм көплерге көринеди!

- **Матта 22:43–45:** Ийса 109 Забурды Масийх Қудай екенин көрсетиў ушын қайталайды. Жаратқан Ийе аспанда да ҳәм жерде да болған!

- **Юхан 14:16–17:** Ийса Қудайдың Улы, Қудай Әкеден Мухадесс Руўхты шәкиртлерине жибериўин сорайман дейди. Бул аспандағы Қудай Өз Улының дуўасын еситетуғынын билдиреди. Және де, Ол бизлердиң ишимизде жасайтуғын Өзиниң Мухаддес Руўхын жибермекши еди. Усы арқалы бизлер Үш бирликтиң барлық үш Жеккелигин көрип атырмыз.

Жаңа Келисимде болса бизлер Қудай Әке, Ул ҳәм Мухаддес Руўх екенин билип атырмыз. Қудай — Үш Жеккеликтиң бирлиги. Үш бирлик — бул Қудай ҳаққында әжайып көринис. Ол бизлерге Қудай узақта емес, ал бизлерге жақынлаған Қудай екенин көрсетип атыр. Жаратқан Ийе бизлерде жасайды ҳәм бир ўақытта Пүткил жер жүзиниң Ийеси болып қалады!

Жаратқан Ийе Әке, Ул ҳәм Мухаддес Руўх екени не себептен соншелли әжайып? [3]

## *Қосымша:* Кимниң аты менен?

**Матта 28:18–20** аятларын оқың. бизлер кимниң аты менен суўға шомылдырыўды өткиземиз? [4]

**Юхан 14:13** аятларын оқың. кимниң аты менен дуўа етиўимиз керек? [5]

**Еврейлер 10:19** аятларын оқың. Не себептен Ийсаның аты менен? [6]

Бул әжайып артықмашлық! Бизлер аспандағы Әкеге Ийса Масийх арқалы келе аламыз!

Нзм. 6:21 ҳәм 23 аятлары бизлерге Қудай ҳаққында не дейди? [7]

Тек ғана мәңги Қудай Израил халқын Мысырдағы қуллықтан қутқара алатуғын еди. Басқа қудайлар оларға жәрдем бере аламайтуғын еди.

Нзм. 6:10–12 аятлары Қудайдың қәсийети ҳаққында бизлерге не дейди? [8]

Жаратқан Ийе — сақый Қудай!

# Қудайдың халқы қалай жасаўы керек

Усы нәрселердиң орнына Нзм. 6:5 аятта Қудай Өзиниң халқына не қылыўды буйырды? [9]

Қудайдың халқы тек ғана Оны сүйиў керек! Ҳеш ким ҳәм ҳеш нәрсе олардың өмиринде биринши орында турмаўы тийис. Егер халық басқа нәрселерди Қудайдан гөре артық сүйсе, олар бут болады. Нәтийжеде олар Қудайға болған бойсыныўшылықтың жарылқаўын сезе алмайды.

## 1-Шақырық

Ески Келисимде **жүрек** — бул шешим қабыл етилетуғын жер. Тек ғана сизиң жүрегиңиз қандай шешим қылыў кереклигин шешеди. Мысалы, Ҳкм. 3:1–3: «*Буйрықларымды **жүрегиңде** сақла... **жүрегиңе** ойып жазып қой*».

Бизлер өз шешимлеримизде Қудайдың кеўлин табыўға ҳәрекет етип атырмыз ба?

- Ҳәр күни азанда жумысқа кетпестен алдын Қудайдың сөзин оқыўды ҳәм дуўа етиўди шештиңиз бе?
- Жумыс ямаса досларыңыз бенен ушырасыў ямаса дем алыўдың орнына исениўшилер жыйналысына барыўди шештиңиз бе?
- Жумыста ямаса үйде сизди ғәзеплентиретуғын адамлар ушын дуўа етиўди шештиңиз бе?
- Телефоныңызға қарап, ўақыт өткериўдиң орнына басқаларға хызмет етиўди шештиңиз бе?
- Телефон ямаса телевизорда тек ғана жақсы нәрселерди көриўди шештиңиз бе?

*Мәңги болған Қудайыңды **шын жүректен** сүй!* (Нзм. 6:5)

Ески Келисимде **жан** — бул өзимиздиң қәлеў ҳәм эмоция сезимлеримизди шығаратуғын жер. Мысалы Заб. 102:1 «*Жаратқан Ийеге алғыслар айт, ҳәй **жаным**!*»

Бизлер өз қәлеў ҳәм эмоциялар менен Қудайдың кеўлин табыўға ҳәрекет етип атырмыз ба?

Бизлер көбинесе нелерди қәлеймиз:

- Көп пул табыўды ма ямаса Қудайдың халқы менен қарым-қатнаста болыўды ма?
- Көп пул табыўды ма ямаса күйеў/ҳаялымыз ҳәм балаларымыз бенен ўақыт өткизиўди ме?
- Социал тармақлардағы жаңалықларды тыңлаўды ма ямаса Қудайдың сөзин еситиўди ме?
- Өмирлик жолдас таңлаўда, ол Масийхты сүйетуғынына я сүймейтуғынына қарамастан турмыс қурыўды ма ямаса исениўши өмирлик жолдасты күтиўди ме?
- Ашыўымыз келгенде, оны сыртқа шығарыў ма ямаса өзимизди тутып билиў ме?

*Мәңги болған Қудайды... **жан-тәниңиз** бенен сүйиң!* (Нзм. 6:5)

«**Күш**» деген сөз бизлердиң Қудайды қаншелли күшли сүйиўимиз керек екенин көрсетеди!

*Жаратқан Ийени **шын жүрегиң, жан-тәниң** ҳәм **бар күшиң** менен сүй...* (Нзм. 6:5)

Бизлер кимниң кеўлин табыўды қәлеймиз: өзимиздиң бе ямаса Қудайдың ба?

Қудайға болған сүйиспеншилик Ўәде етилген Қанан жериндеги халықтың табынған қудайларынан емес, ал Оннан қорқыўдан ибарат.

**Нзм. 6:13–17** аятлар Израил халқының Қудайдан қалай қорқыўы кереклиги туўралы айтып атыр? [10]

Солай етип, бизлер адамлардан ҳәм нәлетлерден қорықпаўымыз тийис. Бизлер басқалар пал аштырып, «мухаддес адамларға» барып ямаса қәбирлерге дуўа қылып атырғанда, оларға қосылмаўымыз керек.

## **Массада болған жағдай** (Нзм. 6:16)

Израил халқы Муўсаға ҳәм Қудайға ашыўланды. Олар қатты шөллегенде, мүтәж болған суўды Қудай бере алатуғынына исенбеген еди. Сонда олар Муўсаны тас боран қылып өлтириўге таяр турды. Олар Қудай қанша кәраматлар ислесе де, Оның ырасында халық пенен бирге екенлигине екиленди. Қудайдың оларға ғәзепленгени ҳеш қандай таң қаларлық емес! (Шығ. 17:1–7)

Израил халқы усы аятларда *Қудайды қалайынша сынаған еди*? [11]

Бизлер Қудайды қалай сынаўымыз мүмкин? [12]

**Нзм. 6:6–9** аятларын оқың.

> ***«Бүгин мен сизлерге берип атырған бул буйрықларды жүрек төриңизде сақлаң».*** — олар бизлердиң ҳәр бир қабыл қылған шешимлеримизге тәсир етиўи керек!

Израил халқы усы буйрықларды жүрегинде сақлаў ушын не қылыўы керек? [13]

# 2-Шақырық



Қудайдың сөзин жүрегимизге қалай қабыллаўымыз мүмкин? [14]

Бизлер қалайынша перзентлеримизди Құдайдың сөзине үйрете аламыз? [15]

***Буларды белги қылып, қолларыңызға байлап қойың:*** қолларымыз бенен бизлер жумысымыздың бәрин ислеймиз. Сол себептен Құдайдың сөзи ислеген барлық ислеримизди басқарып турыўы керек.

## 3-Шақырық

Қолымыз бенен ислей алатуғын жақсылықлардың мысалларын келтириң. [16]

Ҳәр дайым Құдайдан: «Мен усы жағдайда қалайынша хызмет ислей аламан?» деп сораўымыз керек.

Қолларымыз бенен ислей алатуғын жаман нәрселердиң мысалларын келтириң. [17]

Өзимизден: «Ийса не қылған болар еди?» деп сораған пайдалы болады.

***Маңлайыңызға нышан сыпатында тағып қойың:*** бул Құдайдың сөзи бизлердиң қай жерге барыўымызды көрсетиўи кереклигин аңлатады. Құдайдың Сөзин үйренип атырып, Ийсаның бизлердиң қандай жерлерге барыўмызды ҳәм қандай жерлерге бармаўымызды қәлейтуғынын көбирек билип аламыз.

## 4-Шақырық

Бизлер барыўымыз керек болған жақсы жерлердиң мысалларын келтириң. [18]

Бизлер бармаўымыз керек болған жаман жерлердиң мысалларын келтириң. [19]

***Үйиңиздеги есигиңиздиң жақлаўларына, ... жазып қойың:*** Бул үйимизде жасап атырған ямаса келип атырған адамлардың ҳәр бири бизлердиң Құдайды сүйетуғынымызды билиўи ушын барлық нәрсени ислеўди билдиреди.

## 5-Шақырық



Үйимизде жасап атырған ямаса келип атырған адамлардың хәр бири бизлердиң Қудайды сүйетуғынымызды билиўи ушын не нәрселер ислей аламыз? [20]

Аятларды жазып, оларды көринетуғын жерлерге қыстырып қойсақ хәм олар Қудайдың сөзи ҳаққында хәр бир адамға еслетип турса жақсы болады. Аятларға тез-тезден қарап турыў ушын айна ямаса есиклерге қыстырып қойсақ жақсы болады.

Дийўалға қыстырып қойыўға жақсы болатуғын аятларды мысал келтире аласыз ба? [21]

Өмириңизде хәм үйиңизде Қудайдың сөзи әҳмийетлирек болыўы ушын, сиз не қылыўыңыз мүмкин?

***Оларды ... қалаларыңыздың дәрўазаларына жазып қойың:*** сол ўақытлары дәрўазалар қаланың ақсақаллары әҳмийетли мәселелерди талқылап, соларды шешетуғын орын болған. Ҳәзирги күнлери бул қалалық ҳәкимиятқа уқсап кетеди **(Рут 4:1–4)**.

Солай етип, бул буйрықлар қаланың хәр бир тарауларына тәсир ете алыўы ушын Қудайдың халқына тийисли болған.

Бүгин Қудайдың халқы — бул бир миллет емес. Олар дүнья жүзи бойынша тарқалып кеткен. Пүткил дүнья бойлап олар өз жәмийетлериниң жақсылығы ушын жумыс ислеп атыр: кәмбағалларға жәрдем бериў; қашқынларға жәрдем бериў; жетим балаларға жәрдем бериў; қамақтағылардан хабар алыў; зорлық қуллығындағы ҳаялларға азат болыўына жәрдем бериў, майып адамларға хызмет етиў; ишимлик ямаса наркотикке қул болған адамларды азат етиў; парклердеги тасландыларды тазалаў хәм басқа көп нәрселер.

Қудайдың халқы — бул сүйиспеншилик адамлары: олар жақынларына хәм жаман адамларға сүйспеншилик көрсетеди. Оларға саўғалар береди хәм олардың мүтәжлигин көрип, жәрдем береди (Рим. 12:14–21).

## 6-Шақырық

Жасап атырған жериңизде Қудайдың сүйспеншилигин әмелде қалай көрсете аласыз?

### Бүгин бизлер Қудай ҳаққында нени үйрендик?

### Сиз усы сабақтан кейин өмириңизге қандай өзгерислер киргизгиңиз келип атыр?

## Үйге тапсырма

Кейинги сабаққа өтпестен алдын **Нзм. 7:1–11** аятларын оқып шығың ҳәм биринши еки таблицаларын (5 ҳәм 6 сораўлар) толтырың. Топар биргеликте көрискенинде, өзлериниң жуўаплары ҳаққында талқыласа болады.

## Жуўаплар

1 – Мәңги — Жалғыз.
2 – *Яҳўе* — жалғыз тири ҳәм ҳақыйқый Қудай. Басқа нәрсеге ямаса биреўге табыныў — бул қорқынышлы садықсызлық.
3 – Қудай — Ол узақтағы емес, ал бизлерге жақынлаған Қудай. Қудай бир ўақытта бизлерде жасайды ҳәм Пүткил жер жүзиниң Ийеси болып қалады!
4 – Бизлер адамларды Әке, Ул ҳәм Мухаддес Руўхтың атынан суўға шомылдырамыз.
5 – Ийса Масийхтың аты менен.
6 – Бизлер Ийса Масийх атынан дуўа етемиз, себеби тек ғана Ийсаның қаны арқалы тазаланып, бизлер Қудай Әкеге бара аламыз.
7 – Қудай Израил халқын Ўәде етилген жерине алып келиў ушын қуллықтан қутқарды.
8 – Жаратқан Ийе — сақый Қудай, оларды ўәде етилген жеринде байлығы менен мүтәжликлерин тәмийинлейди.
9 – Олар Қудайды шын жүректен, жан-тәни ҳәм пүткил ақыл-ойы менен сүйиўи керек.
10 – Олар тек ғана Оған хызмет етиўи керек, тек ғана Оның аты менен ант ишиўи керек, басқа қудайлардың изинен ермей, Оның буйрықларына бойсыныўы керек.
11 – Олар Қудайдың керекли нәрселер менен тәмийинлейтуғынына исенбеди, сонлықтан Ол ғәзепленди.
12 – Бизлердиң мүтәжликлеримизди Қудайдың тәмийинлеўине исенбесек ҳәм тоңқылдасақ.
13 – Олар балаларына муқыятлы түрде үйретиўи ҳәм күн даўамында олар ҳаққында айтыўы керек еди. Олар Қудайдың Сөзин колларына байлап, маңлайынларына тағып қойыўы, есиклерине ҳәм дәрўазаларына қыстырып қойыўы керек еди.
14 – Қудайдың сөзин күн даўамында бизлердиң шешимлеримизге тәсир етиўи ушын, оны оқып, ол ҳаққында пикир жүргизиўимиз ҳәм оған бойсыныўымыз керек.
15 – Бизлер Мухаддес Китапты ямаса балаларға арналған Мухаддес Китапты балаларымызға оқып бериўимиз керек. Сондай-ақ руўхый қосықлар айтыўымыз керек. Бизлер Мухаддес Китаптан ўақыяларды жолда кетип баратырып, айтып бериўимиз керек. Дуўаларымызға Қудайдың жуўап бергенлери ҳаққында айтып бериң. Олар Ийсаның өмиримизди ҳәр минутта өзгертип атырғанын көрсин!
16 – Саўғалар берип, басқа аўыр жағдайдағы адамларға жигерлендиретуғын хатлар жазып, үйде, жәмәәттеги исениўшилерге ҳәм жәмийетимиздеги адамларға хызмет етип, жәрдем бериў.
17 – Урлаў, урыў, жәрдем бермеў (ериниў), телефонда бузық нәрселерди көриў, жерди патасландырыў (мусор таслаў).
18 – Ибадатханаға барыў, аўырып ямаса ағайынынан айырылған адамлардың үйлерине барып, Ийса туўралы айтып бериў.

19 – Жаўыз ямаса эротика фильмлерди көрмең, телевизор ямаса телефонларда көрмең. Ибадатханаға барыўдың орнына жумысқа бармаң. Досларыңыз жаман нәрселер ислейтуғынын билсеңиз, олардың үйлерине қыдырып бармаң.

20 – Ең әҳмийетлиси, олар сизлердеги Қудайдың сүйиспеншилигиниң жарқырап турғанын көрсин. Аўқаттан алдын дуўа етиң. Қудай туўралы ҳәм дуўаларыңызға Оның жуўап бергени ҳаққында айтып бериң. Адамлар үйиңизден шығып баратырғанында, олардың жарылқаныўы ушын дуўа етиң. Оннан қала берсе, егер үйиңизде Қудайдың сөзинен аятлар қыстырылып турса, бул адамларға сизге Қудайдың Сөзи жүдә әҳмийетли екенин көрсетеди.

21 – Мысалы:
- Евр. 13:6
- 2 Кор. 12:9
- Заб. 22
- Ҳкм. 3:5–6
- Заб. 39:2–4

## Нызамның қайталаныўы 9-Сабақ:

# Жерди ийелеп алыў



Усы сабақта бизлерде қандай әжайып Қудайымыз бар екенлиги ҳәм Ол бизлер ушын не қылғаны ҳаққында ойланыўға жәрдем беретуғын «5 сораў» усылын пайдаланып көремиз!

**Нзм. 7:1—11** аятларын оқың.

## Қанан халқының қыйратылыўы

Қанан жеринде жасаған халық жаўыз еди. Олар керек болса өз ул-қызларын қудайлары ушын қурбанлық етип, отта жандырған (Нзм. 12:31). Жаратқан Ийе усы халықты сондай гүналары себепли жоқ қылғысы келди.

Қудай Қанаан жерин Өз халқына бергиси келди. Олар сол жерде пүткил дүньяға жақсы өрнек болыўы мүмкин еди. Олар басқаларға қалай жасаў кереклигин көрсетиўи керек еди. Сол ўақытта басқа халықлар Қудайдың қаншелли қүдиретли ҳәм дана екенин көретуғын еди ҳәм қалайынша Қудайдың кеўлинен шығыўды да билип алатуғын еди.

Дүньяның тарийхында усы халықтың жоқ қылыныўы айрықша ўақыя болған еди. Бүгинги күнлери бизлер басқа мәмлекетлерди басып алып, сол ўақыяны қайталай алмаймыз!

Жаўыз халықтың қыйратылыўы, бул Өз Қудайына бойсынбай жасап атырғанлар ушын **ескертиў** болып есапланады. Заманның ақырында Қудай барлық халықларды ҳүким етеди ҳәм барлық жаўызлықты жоқ қылады.

Жаратқан Ийе Израил халқын ўәде етилен жерге киргизип, әжайып түрде Өзиниң Ибрайымға ҳәм оның урпақларына берген ўәдесин оранлады. Бул және де бизлерге, Өзиниң халқы ушын таярлап қойған **мәңгиликке ўәде етилген жер** ҳаққында еслетеди. Жақын арада Ийса келип, халқын Жаңа Ерусалимге алып кетеди! Ол минсиз жер — ол жерде өлим де, қайғы да, жылаў да, азап та болмайды! (Аян 21:4)

Не себептен Қанан жериндеги адамлар қыйратылыўы керек еди? [1]

Қанан жериндеги халықтың қыйратылыўы бизлерди не ҳаққында ескертип атыр? [2]

Бүгин ўәде етилген жер не нәрсени еслетеди? [3]

**Юхан 3:16–17** аятларын оқың. Бизлер ол жерге қалай кирип, мәңги жасай аламыз? [4]

# Үзиндини изертлеў

Мухаддес Китаптағы ҳәр бир үзиндини изертлеў ушын пайдаланылатуғын 5 сораў:

1. Бул үзинди бизлерге Қудай ҳаққында не деп атыр (Әке, Ул ҳәм Мухаддес Руўх)?
2. Бул үзинди бизлерге адамлар ҳаққында не деп атыр?
3. Бул жерде
   - бойсыныў керек болған буйрық,
   - тыңлаў керек болған ескертиў,
   - ямаса изинен ериў керек болған өрнек...бар ма?
4. Усы үзинди арқалы Қудай бизлерди не нәрсеге үйретип атыр?
5. Усы ҳаққында мен ким менен бөлисе аламан?

Келиң, Нзм. 7:1–11 аятларын изертлеўге жәрдем бериў ушын усы сораўларға гезек пе гезек жуўап берейик.

# 1. Усы аятлар Қудай ҳаққында бизлерге не деп атыр? (Әке, Ул ҳәм Мухаддес Руўх) [5]

Усы таблицаны толтырың, кейин оны (5) сораўға берилген жуўаплар менен салыстырың.

Қосымша колонкада сиз Жаңа Келисимнен өзиңиз билетуғын ҳәм усы ҳаққында айтып атырған ҳәр түрли аятларды жазып қойсаңыз болады.

Егер сиз усыны үйиңизде ислеген болсаңыз, топарыңыз тапқан талқылаўлар менен бөлисиң.

| 7:1–11 аятлардан | Қудай ҳаққында нени билип атырмыз. | Усы ҳаққында Жаңа Келисимде жазылған жерлер. |
|---|---|---|
| | | |

| | | |
|---|---|---|
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |

## 2. Усы аятлар бизлерге адамлар ҳаққында не деп атыр? [6]

Усы таблицаны толтырың, кейин оны (6) сораўға берилген жуўаплар менен салыстырың.

| **7:1–11 аятлардан** | **Адамлар ҳаққында нени билип атырмыз.** | **Усы ҳаққында Жаңа Келисимде жазылған жерлер.** |
|---|---|---|
| | | |
| | | |
| | | |

Ески Келисим Қудайдың халқын Жаңа Келисимде келген Масийхқа таярлады. Ески Келисим бизлерге Қудай ҳәм адамлар ҳаққында үйреткенлерин Жаңа Келисимде де үйретеди. Олар өзгермеди. Тек ғана Мухаддес Руўхтың күши менен адамлар Қудай шақырып атырған мухаддес адамларға айланады!

Усы сораўға жуўап берместен алдын, бизлер контекст ҳаққында ойланып көриўимиз керек!

## Контекстти есте сақлаң!

Ески Келисимди изертлер екенбиз, бизлер атанақ ағаштан кейин, яғный Ийсаның өлип ҳәм қайта тирилгенинен соң жасап атырғанымызды есте сақлаўымыз керек. Бул дегени:



- Ийса минсизликте Қудайдың ҳәр бир берген буйрықларын орынлады ҳәм бизлердиң гүналарымыз ушын минсиз қурбан болды. Енди Ол бизлерге жаңа мухаддес келисим, яғный жаңа буйрықлардан ибарат келисим берди.

- Бүгинги күнде ҳеш қандай физикалық ўәде етилген жер жоқ. Бизлер гүресиўимиз керек болған жер жоқ. Исениўшилер тек ғана бир географикалық жерде жасап атырған жоқ, ал олар дүньяның барлық еллеринде! Бизлер сабырсызлық пенен Ийсаның қайтып келиўин ҳәм ўәде етилген жерде Өзи менен бирге жасаўымыз ушын алып кетиўин күтип атырмыз!

Сол себептен, Ески Келисимдеги Қудайдың берген буйрықларын оқып атырғанда, бизлер өзимизден: *«Усы буйрықлар ҳаққында Жаңа Келисимде не айтылған?»* — деп өзимизден сораўымыз керек.

# 3. Усы аятларда Қудайдың халқы бойсыныўы керек болған буйрықлар, тыңлаў керек болған екертиўлер, ямаса изинен жүриў керек болған өрнеклер бар ма? [7]

Усы таблицаны толтырың, кейин оны (7) сораўға берилген жуўаплар менен салыстырың.

| **7:1–11 аятлардан** | **Буйрықлар/ Ескертиўлер/Өрнек.** | **Бүгин бизлер усыны ислеўимиз керек пе?** | **Не ушын? Усы ҳаққында Жаңа Келисимде не жазылған?** |
|---|---|---|---|
| | | | |
| | | | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | |
| | | | |

Еки әҳмийетли пунктлер:

1. Исениўши исениўши емес пенен турмыс қурғанда, әдетте исениўшиниң өмири ҳәр тәреплеме қыйын болады. Көбинесе оларға жыйналысларға барыўға ямаса балаларын Ийсаның изинен ериўди үйретиўге рухсат бермейди. Оларда көп жағдайда урыс болады. Исениўшиниң жүреги Қудайға тез суўып қалады.

2. Бизлер басқа қудайларға табыныўға мәжбүр ететуғын нәрселерден қутылыўымыз керек. Мысалы, көз тийгизбейтуғын затлар ҳәм басқа тағыншақлар, гороскоплар, басқа диндеги адамлар мухаддес деп есаплайтуғын китаплардағы аятлар. Әлбетте егер сиз үйиңиздиң ийеси болмасаңыз, ол нәрселерден қутыла алмайсыз. Үйиңиздегилердиң усы арқалы Қудайға тил тийгизип атырғанын түсинип жетиўи ушын дуўа етиң!

Бүгинги күнде Ески Келисимде берилген қайсы нызамларға әмел қылыўымыз кереклиги туўралы кейинги сабақта көрип шығамыз.

# 4. Усы аятлар арқалы Қудай бизлерди неге үйретип атыр?

# 5. Мен ким менен усы ҳаққында бөлисе аламан?

## Үйге тапсырма

Усы ҳәпте даўамында ҳәр күни Нызамның Қайталаныўы китабынан бир үзиндини оқың ҳәм 5 сораўға жуўап бериң:

1. 7:12–26
2. 8:1–20
3. 9:1–6
4. 9:7–29
5. 10:1–11
6. 10:12–22
7. 11:1–32

# Жуўаплар

1 – Олар жаўыз болғаны себепли жоқ қылыныўы керек.
2 – Заманның ақырында барлық адамлар ҳүким етиледи ҳәм жаўызлық жазаланады.
3 – Ўәде етилген жер бизлерге мәңги жерди еслетеди. Сол жерди Қудай Өзиниң адамлары — жаңа жаратылыс ушын таярлап қойыпты!
4 – Ийсаның бизлерди қутқаратуғынына ҳәм мәңгилик өмир бере алатуғынына исеним арқалы.
5 –

| Аятлар | Қудай ҳаққында не билип атырмыз. | Усы ҳаққында Жаңа Келисимде жазылған жерлер. |
|---|---|---|
| **1 аят.** (биринши бөлими) | Қудай Өз халқына жаңа үй — Қанан жерин бермекши. | *Бирақ бизлер Қудайдың ўәдеси бойынша ҳақлық орнаған жаңа аспан менен жаңа жерди күтемиз* (2 Пет. 3:13). |
| **1–2, 10 аят.** | Қудай Оған қарсы турғанлардың барлығын жоқ қылады. | *Олар мәңги набыт болыўға ҳүким етилип, Ийемиздиң жүзинен ҳәм қүдиретли салтанатынан алыслатылады. 10 Ийемиз келген күни...* (2 Сал. 1:9–10). |
| **6 аят** | Қудай анық белгили бир адамларды Өзине тийисли болыўы ушын таңлайды. | *Бирақ сизлер Қудай тәрепинен таңланған адамлар...* (1 Пет. 2:9). |

| | | |
|---|---|---|
| **7–8 аят.** (биринши бөлим) | Қудай Өз халқын соншели сүйгенликтен, оларды қутқарыўды шешти. Бул ҳеш қандай ылайықлы сүйиспеншилик емес! | *Қудай бул дүньяны соншелли сүйгенликтен, Өзиниң жалғыз Улын берди. Оның Улына исенген ҳәр бир адам набыт болмай, мәңгилик өмирге ийе болады* (Юхан 3:16). |
| **8–9 аят.** | Қудай Өзиниң ўәделерин қанша ўақыт өтсе де орынлайды! Ол Ибрайым, Ысақ ҳәм Яқыпқа Жаратылыс китабында берген ўәдесин орынлады. | *Бизлер де сизлерге Қудайдың ата-бабаларымызға ўәде еткен Хош Хабарын жәриялап атырмыз. Ол Ийсаны тирилтиўи арқалы олардың урпақлары болған бизлер ушын сол ўәдени әмелге асырды. Забурдың екинши жырында былай деп жазылған: «Сен Мениң Улымсаң, Бүгин Мен Саған Әке болдым»* (Елш. 13:32–33). |
| **9–10 аят.** | Қудай Өзин сүйгенлерге Өзиниң сүйиспеншилик келисимине садық қалады, ал Оны жек көретуғынларды жоқ қылады. | *Масийхтың сүйиспеншилигинен бизлерди ким айыра алады? Ҳеш ким. Қыйыншылық та, қайғы да, қуўдалаў да, ашлық та, жалаңашлық та, қәўип те, қылыш та айыра алмайды* (Рим. 8:35).<br><br>*Ал ҳәзирги аспан ҳәм жер болса, отта жаныў ушын Қудайдың сол сөзи менен сақланып, қудайсыз адамлардың ҳүким етилип набыт болатуғын күнине шекем қорғалып турыпты* (2 Пет. 3:7). |

6 –

| Аятлар | Адамлар ҳаққында нени билип атырмыз | Усы ҳаққында Жаңа Келисимде жазылған жерлер |
|---|---|---|
| **6 аят** | Қудайдың халқы Ол ушын мухаддес (пәк болыўға ажыратылған). | *Бирақ сизлер Қудай тәрепинен таңланған адамлар, Патшаның руўханийлери, мухаддес миллет ҳәм Қудайға тийисли халықсыз* (1 Пет. 2:9). |
| **7–8 аят.** | Қудайдың Өз халқына болған мийрими ылайықлы болғаны себепли емес. Қудайдың халқы сол сүйиспеншилик ҳәм мийримге ийе болыў ушын, ҳеш нәрсе менен мүнәсип болғаны жоқ. | *Бирақ, мийрим-шәпәәтке бай болған Қудай бизлерди соншелли сүйгенликтен, гүналарымыз себепли өли болсақ та, бизлерди Масийх пенен бирге тирилтти* (Эфс. 2:4–5). |
| **8 аят** | Олардың қуны төленди (қуллықтан сатып алынды). | *Масийх бизлер ушын нәлетленгенликтен, ....Масийх бизлерди Мухаддес Нызамның нәлетинен қутқарды* (Галат 3:13). |

7 –

| Аятлар | Буйрықлар/ Ескертиўлер/ Өрнек. | Бүгин бизлер усыны ислеўимиз керек пе? | Не ушын? Усы ҳаққында Жаңа Келисимде не жазылған? |
|---|---|---|---|
| **2 аят** | Қудай оларға Қанан жериндеги барлық халықты, яғный сол жерде басқа қудайларға табынатуғын адамларды жоқ қылың, деп буйырды. | Яқ! | Қудай бизлерге *душпанларыңызды сүй деп буйырды* (Матта 5:43–44).<br><br>Бизлердиң негизги душпанымыз — шайтан (1 Пет. 5:8). Әлбетте бизлер шайтанды сүйиўимиз керек емес! |
| **3 аят** | Қудай Өз халқына басқа халықлардың адамлары менен турмыс қурмаң деп буйрық берип атыр (бул дегени, басқа қудайларға табынатуғын халықтың адамлары). | Аўа | *Исенбейтуғынлар менен бирге бир мойынтырықтың астына кирмеңлер. Өйткени ҳақлық пенен нызамсызлықтың арасында қандай уқсаслық бар? Нур менен қараңғылықтың арасында қандай байланыс бар?* (2 Кор. 6:14)<br><br>*Ҳаял күйеўи тири ўақтында басы байлаўлы болады. Күйеўи өлсе, ҳаял қәлеген адамына турмысқа шығыўға ерки бар. Тек ол адам Ийемизге тийисли болсын* (1 Кор. 7:39). |
| **5 аят** | Израил халқы сол халықлардың: қурбанлық орынларын бузыўы керек еди, кийели тасларын сындырып таслаўы керек еди, кийели ағашларды шаўып ҳәм бутларды жағып таслаўы керек еди. | Аўа | *Сыйқыршылық пенен шуғылланатуғын көп адамлар да китапларын жыйнап, ҳәмминиң көз алдында жағып жиберди. Китаплардың баҳасын есаплағанда, елиў мың гүмис теңге болды* (Елш. 19:19). |

| | | | |
|---|---|---|---|
| **11 аят** | Қудайдың Муўсаға берген нызам ҳәм буйрықларына бойсыныў. | Аўа — Қудайдың халқы Оның Жаңа Келисимде тастыйқланған барлық нызамларына бойсыныў керек. Олардың бәрин Жаратқан Ийени ҳәм жақыныңды сүй деген нызам ишине киргизеди. | *— Сизлер Мени Мухаддес Нызамды ямаса пайғамбарлардың Жазыўларын бийкар етиўге келди, деп ойламаңлар. Мен бийкар етиў ушын емес, ал орынлаў ушын келдим* (Матта 5:17).<br><br>*Ийса оған:*<br>*— «Қудайың Жаратқан Ийени шын жүректен, жан-тәниң ҳәм пүткил ақыл-ойың менен сүй». Бул — биринши ҳәм ең баслы буйрық. Екиншиси де сол сыяқлы: «Өзиңди сүйгениң сыяқлы, жаныңдағы адамды да сүй». Пүткил Мухаддес Нызам да, пайғамбарлардың Жазыўлары да усы еки буйрыққа тийкарланған, — деди* (Матта 22:37–40). |

Нызамның қайталаныўы 10-Сабақ:

# Қудай Тааланың буйрықлары



Усы сабақта бизлер Қудайдың нызамлары қаншелли әжайып екенин түсинип аламыз!

Қудайдың Муўсаға берген нызам ҳәм ўәсиятлары туўралы бизлер 12–26-бапларда оқыймыз. Егер сиз сол бапларды оқымаған болсаңыз, усы ҳәпте даўамында оқыўға ҳәрекет етиң.

**Нзм. 26:16–19** оқың.

Қудай Өз нызамлары менен халыққа не қылыўды айтып атыр (16 аят)? [1]

Қудайға ярым бойсыныўшылық жетерли емес. Ол халықтың толық бойсыныўшылықтың қуўанышын билип алыўын қәлейди!

Нызамлар барлық адамлардың Қудайды ҳәм бир-бирин сүйиўи ушын берилген еди.

Бизлер нызамларды орынлаў қыйын ҳәм егер оларды орынласақ, онда өмиримиз жағымсыз болып қалады, деп ойлаў аңсат. Бирақ негизинде бойсыныўшылық қуўаныш ҳәм ҳүрмет алып келеди!

Кейинги аятлардан бизлер Қудай ҳаққында нени билип аламыз:

**Заб. 18:9** [2]

**Заб. 118:97–99** [3]

## Нызамның қайталаныўы

Усы китаптағы нызамлар Қудайдың халқының ўәде етилген жердеги өмириндеги ҳәр түрли аспект, яғный тараўларды өз ишине алады. Олардың ишинде:

- Қудайға қай жерде табыныў керек
- Нени жеўге болады, нени жеўге болмайды
- Оннан бирлерди бериў
- Байрамларды байрамлаў
- Патша не қылыўы керек
- Әдил ҳүким қандай болады
- Урысты Қудайға мақул түрде алып барыў
- Неке ҳәм жынысый пәклик

# Қудайдың нызамлары

## Қудайға қай жерде табыныў керек



Израил халқы Қудайға тек ғана Ол көрсеткен жерде табыныўына болатуғын еди (Нзм. 12:1–14). Бул Қанан халқының өзлериниң көплеген қудайларына ҳәр түрли жерлерде табынғанынан жүдә өзгеше еди. Қудай жалғыз биреў болғанлығы себепли, Оған тек ғана бир жерде сыйынады.

Израил халқы шөлистанда жасап атырғанда, олар Жаратқан Ийеге мухаддес шатырда табынған еди. Олар бир жерден басқа жерге көшип жүргенде, шатыр олар менен бирге саяхат ететуғын еди (Шығ. 25–27).

Олар ўәде етилген жерге жайласқанда, Сулайман Ибадатхананы әжайып қылып қурды. Ибадатхана Жаратқан Ийениң Өз халқы менен көрисетуғын орын болыўы керек еди (3 Пат. 6–8).

Қудайға сыйыныў — бул Қудайдың халқының ең әҳмийетли ўазыйпасы!

Нызам Израил халқының қай жерде Қудайға сыйыныўы кереклиги ҳаққында не дейди? [4]

## Аўқат



Израил халқына гөштиң бир неше түрлерин жеўге болмайтуғын еди (Нзм. 14:1–21). Бул олардың мухаддес, яғный Қудайға бағышланғанын билдиретуғын белги сыпатында хызмет етиўи керек еди. Олар ҳақыйқый Қудайды билмейтуғын сыяқлы өмир сүрмеўи ҳәм табынбаўы керек еди.

Гөш байлықты көрсететуғын еди. Базы адамлар оны сийрек ўақытлары жейтуғын еди. Соның ушын, оны жеген ўақытта айрықша ўақыя болған еди, әдетте ол Қудайға табыныў менен байланыслы болған.

Жеўге қадаған етилген ҳайўанлардың ишине басқа ҳайўанлардың гөшлерин жейтуғын ҳайўанлар киретуғын еди.

Усы нызамды орынлаў халықты Қудайға бойсынбайтуғын адамлардан қорғайтуғын еди. Олар Израил халқынан болмаған адамның үйинде гөш жей алмайтуғын болған.

Нызам аўқат ҳаққында не деп атыр? [5]

## Оннан бири



Израил халқы өзлери ислеп шығарған өнимлериниң оннан бирин алып қойыўы керек еди (Нзм. 14:22–29). Олар кейинги мақсетлер ушын пайдаланыўы тийис еди:

- Мухаддес шатыр ҳәм Ибадатханада байрамлаў ушын,
- Мухаддес шатыр ҳәм Ибадатханада ислеп атырған лебийлер ушын,
- кәмбағалларға тарқатыў ушын.

Мухаддес Китап бойыынша қарасақ, Қудай бойынша кәмбағал адамларға ғамхорлық қылыўымызды қәлейди. Қудайдың нызамлары жазылған бапларда (12–26-бап) кәмбағалларға жәрдем бериңлер деп алты мәрте жазылған.

Нызамда оннан бири туўралы не жазылған? [6]

## Байрамлар

Ҳәр жылы Израил халқы үш байрамды байрамлаў керек еди:



- **Қутқарылыў байрамы,** олар Мысырдағы қуллықтан азат болғанлығы ҳаққында еслегенде.

- **Ҳәптелер байрамы,** егинди орып баслаған ўақыттан баслап, жети ҳәпте өткеннен кейин. Грек тилинде бул «Елиўинши күн» деп аталады.

- ҳәм **Қос байрамы,** гүзги жыйын-теримди баслағаннан кейин, олар шөлдеги жүрген жолын еслеген.

Бул Қудайдың олар ушын ислеген ислериниң бәрин еслеў усылы еди. Қудай олардың тек ғана Қудайды еслеўин емес, ал жумыстан дем алып, ләззет алыўын қәледи! (Нзм. 16:1–17)

Нызам байрамлар ҳаққында не дейди? [7]

## Патша



Патша Израил халқынан болып, Жаратқан Ийеге сыйынатуғын болыўы керек. Ол жүдә бай болыўға ҳәм көп ҳаялға ийе болыўға болмайды. Оның орнына ол Қудайдың нызамын үйренип, оларға бойсыныўы керек. Сол ўақытта ол Қудайдың халқын қалайынша дурыс басқарыў кереклигин биле алады (Нзм. 17:14–20).

Ески Келисимди оқып атырып, бизлер Израил халқының патшалары бул нызамды орынламай атырғанын көрип атырмыз. Олар Қудайдың халқын Қудайдан узақластырып атыр еди. Ҳәттеки, Сулайман патша қаншелли дана болса да, усы нызамға бойсынбады (1 Пат. 11:1–8).

Нызам патша ҳаққында не дейди? [8]

## Әдиллик



Израил халқы адамлардың жынаяты ушын әдил ҳүким етилиўине әмел етиўи керек еди. Олар ҳеш кимниң ислемеген жынаяты ушын ҳүким етилиўине жол қоймаўы тийис еди. Жазалар орынлы ҳәм ҳәдден тыс болмаўы керек еди (Нзм. 19:1–20).

Нызам әдиллик ҳаққында не дейди? [9]

## Урыс



Урыс әййемги дәўирде әддетеги өмирдиң бир бөлеги болған. Патшалар ҳәмме ўақытта өз патшалығын кеңейтиўди қәлейтуғын еди. Егер олар басқа еллерге хүжим етпесе, олар басқалардан өз шегарасын қорғаўы керек еди.

Израил халқы урысты Қудайға мақул түрде алып барыўы тийис еди. Урыс әлбетте ҳәр дайым қорқынышлы. Бирақ Қудай урыстың ең жаман аспектлерин азайтыў ушын нызам берди (Нзм. 20:1–10).

Олар өзлериниң урысқа таяр емес әскерлерине мийрим көрсетиўи керек еди. Және де, олар өзлери хүжим қылып атырған душпан қалаларында жасап атырған адамларға да мийрим көрсетиўи керек.

Тек ғана ўәде етилген жердеги Қанан халқы пүткиллей жоқ қылыныўы керек еди. Себеби олар жүзлеген жыллар даўамында жаўызлық ислеп жүрген еди. Қудай сол жерди Өзиниң халқына бергиси келди. Олардың басқа халықларға Жаратқан Қудайға қалай мақул болыў кереклигин көрсетиўин Қудай қәледи.

Нызам урыс ҳаққында не дейди? [10]

## Неке



Неке — бул пүткил өмирге болған миннетлеме ҳәм ҳаяллардың ҳуқықлары қорғалған болыўы керек. Бул нызам ер адамға да, ҳаялға да некесиз ҳәр қандай жынысый қарым-қатнасты қадаған етеди. Буның ишине жақын туўысқанлар арасындағы ҳәм зорлық киреди (Нзм. 22:13–30). Сондай нәрселер тек ғана зорланған адамды емес, ал оның пүткил шаңарағына ўайраншылық алып келеди. Жынысый гүналар ҳеш қашан Қудайдың көз-қарасынан жасырын бола алмайды.

Жетинши бапта бизлер израиллы болмаған халық пенен (исениўши емес адамлар) турмыс қурыў қадаған екенин билемиз. Бундай некеден туўылған балалар мәңги болған Қудайдың жолынан жүриўи гүманлы болады (Нзм. 7:3–4).

Нызам неке ҳаққында не дейди? [11]

Усы нызамлардың барлығы әййемги дүнья ушын хеш қашан еситилмеген нәрселер еди! Хеш қандай халықта усындай нызамлар болмаған еди! Құдай Өз халқының жақсы болыўы ушын сондай жақсы нызамлар берди.

# Құдайдың халқы Оның нызамларын орынламағанда

Бул нызамлар халықтың жақсылығы ушын болғанына қарамастан, олар хеш қашан нызамларды ҳадал орынлайтуғын жағдай да болмаған. Сол себептен Құдай халыққа ҳайўанларды Мухаддес шатырда қурбанлыққа бериўди, соңынан Ибадатханада бериўди буйырды. Бул оларға кейинги нәрселерди еслетиў керек еди:

- гүна ҳәмме ўақытта қорқынышлы! Гүна ислеп жүрген адам өлимге ылайықлы.
- гүнасы кеширилиўи ушын, олардың орнына бир нәрсе өлиў керек еди.

Сол қурбанлықлар Құдайдың халқының гүна мәселесин мәңгиге шешип беретуғын Биреў келетуғын күнге таярлап атырған еди. Ол Адам:

- минсизликте Құдайдың барлық нызамларын орынлайды!
- Ол мәңгиликке жалғыз бир минсиз Қурбанлыққа айланады!
- Ол жаңа «Ибадатхана» болады, Құдайдың халқы келип гүнадан кеширим алатуғын орын болады.
- Ол Құдайдың халқының өмиринде олардың Құдайға ырасында да бойсына алыўы ушын, Мухаддес Руўх болып жасайды!

**1 Юхан 4:9–10** аятларын оқың. Бир күни Құдай жиберетуғын сол минсиз Адам ким екен? [12]

Сол Минсиз Адам не қылады? [13]

# Ески ҳәм Жаңа мухаддес келисимлер

Нызамның қайталаныўы китабында Хореб таўында Құдай Өз халқы менен дүзген мухаддес келисим түсиндирилип бериледи (Нзм. 5:2):

- Жаратқан Ийе Өзиниң халқын қуллықтан қутқарды
- Егер олар Құдайға **исенгенде** ҳәм Оған **бойсынғанда**, Құдай оларды жарылқап, ўәде етилген жерде дәўлетли өмир берген болар еди.
- Құдайға бойсынбағаны ушын нәлеттен қутылыў ушын, халық **қурбанлық** алып келиўи керек еди.
- Егер олар ҳәр дайым Құдайға **бойсынбаса**, Құдай оларды нәлетлейди ҳәм ўәде етилген жерден қуўып шығарады.

Бул ески мухаддес келисим деп аталады. Сол себептен бизлер Мухаддес Китаптың биринши бөлимин **Ески Келисим** деп атаймыз.

Мухаддес Китаптың екинши бөлимин бизлер **Инжил, ямаса Жаңа Келисим** деп атаймыз. Енди Құдай жаңа мухаддес келисим дүзди:

- Құдайдың Улы Ийса Масийх Өзиниң халқын гүна қуллығынан **қутқарды** (Рим. 6:20–22).

- Егер бизлер Құдайға **исенсек** ҳәм Оған **бойсынсақ**, Құдай бизлерди Өз балалары сыпатында қабыл етип, мәңгилик өмир берип жарылқайды (Юхан 1:12 ҳәм 3:16).

- Бир мәрте ҳәм мәңгиге берилген Ийсаның **қурбанлығы** гүналарымызға тәўбе еткенимизде, бизлерге кеширим бериўди даўам етеди (1 Юхан 1:9).

- Егер бизлер ҳәмме ўақытта Қудайға бойсынбасақ, сол жарылқаўларды жойтып алыўмыз мүмкин (Евр. 10:26–31).



Ески Келисимде Жаңа Келисимдегидей Қудайдың халқы Оған бойсыныўы ушын **исенимге** ийе болыўы керек! Еврейлерге жазылған хат 11-бапта жүдә әҳмийетли тема айтылған.

**Лука 22:20** аятын оқың. Ийса Өз қаны менен не қылды? [14]

**Евр. 9:15** аятын оқың. Жаңа мухаддес келисим дегени не? [15]

# Ески Келисимниң қайсы нызамларын бизлер бүгин орынлаўымыз керек?

Бүгин бизлер Жаңа мухаддес Келисимге тийкарланып жасап атырмыз.

## Бизлер не <u>қылмаўымыз</u> керек?

**1. Бизлер Ибадатханаға ҳәм қурбанлыққа тийсли нызамларды орынлаўымыз шәрт емес.**

- Себеби Ийса барлық адамлардың гүналары ушын минсиз қурбанлық алып келди (1 Юхан 2:2)! Ол — бизлердиң Жаңа Ибадатханамыз! (Юх. 2:19, 21)

- Қурбанлық бериў шәрт болмағаны себепли бизлерге физикалық Ибадатхана да керек емес. Яхудийлердиң Ибадатханасы 70-жыллары римлилер тәрепинен ўайран қылынған еди. Ийса өлип, қайта тирилгенинен соң Ибадатханаға мүтәжлик болмағаннан соң, Қудай буған жол қойды.

- Исениўшилердиң (бул дегени Ийсаның изинен ериўшилер) жыйналысы енди Қудайдың Ибадатханасы ҳәм Масийхтың денеси болып есапланады (1 Кор. 3:16).

**2. Бизлерге бир неше өнимлер менен азықланыўдан қашыў керек емес**

- Ийса Петрге енди ол Ийсаның өлип ҳәм қайтадан тирилгеннен соң ҳәр түрли гөш пенен азықланыўына болатуғынын айтады (Елш. 11:1–18). Енди Қудайдың халқы басқа халықлардан өзлерин мухаддес ямаса Қудай ушын ажыратылғанын көрсетиў ушын өзлерин бөлиўи шәрт емес. Оның орнына олардың мухаддеслиги сүйиспеншиликте, қуўанышта, тынышлықта, сабырлылықта, мийримлиликте, қайырқомлықта, садықлықта, мүләйимликте ҳәм өзин тутып билиўде көриниўи керек (Гал. 5:22–23).

- Ески Келисимдеги қандай нызамларды бүгин орынлаўымыз шәрт емес? [16]

## Бизлер не қылыўымыз керек?

**Ерм. 31:31–33** аятларын оқың. Қудайдың айтыўы бойынша жаңа Мухаддес келисимде нызамлар нелер менен айрықша болады? [17]

Бизлер Ийсаның изинен жүрип баслағанымызда, Ол бизлерди Өзиниң Мухаддес Руўхы менен толтырады. Сондай-ақ **Ол бизлерге өмиримизде нелерди өзгертиўимиз кереклигин көрсетеди.** Қудайдың сөзин оқып, Ол сизлерге не айтып атырғанына қулақ салыўыңыз керек!

- Ийсаның айтыўы бойынша, орынлаў керек болған ең әҳмийетли нызамлар қандай екен (**Марк 12:30–31**)? [18]

  Буны айтыў жүдә аңсат ҳәм орынлаў жүдә қыйын!

Пүткил Ески Келисимдеги Нызам — бул Қудайды ҳәм жақынымызды қандай қылып сүйиў керек екенлиги ҳаққында нызам.

- Он буйрық (Нзм. 5:6–21) бүгинги күнде де бизлер ушын әҳмийетли. Олар бизлерге Қудайды ҳәм жақынларымызды сүйетуғынымызды билиўимиз ушын жәрдем береди.
- Жаңа Келисим жынысый пәкликтиң әҳмийетлигин тастыйықлайды. Бул бир-биримизге болған сүйиспеншиликтиң бөлеги ҳәм он буйрықтың орынланыўы. (Евр. 13:4 аятын оқың.) Жынысый садықсызлықтың мәниси жоқ деп ҳеш қашан ойламаң (1 Кор. 6:15–16). Шайтан көп жақсы жетекшилерди усы тараўда қулатты. Бул исениўшилер жәмәәти, оның шаңарағы ҳәм Қудай ушын ҳәр дайым қорқынышлы.

Қандай нызамларды бизлер бүгин орынлаўымыз керек? [19]

## Не себептен бизлер Ески Келисимниң нызамларын оқыўымыз керек?

Бизлерге Ески Келисимниң нызамларын кейинги нәрселерди билиў ушын оқыў пайдалы болады:

- Қудайдың минезин.
- Нениң жақсы, нениң жаман екенин.
- Бизлер қаншелли гүнакар екенимизди.
- Бизлердиң гүналарымыз тек ғана биреўдиң өлими менен төлениўи мүмкин екенлигин.
- Бизлер Қутқарыўшыға қаншелли күшли мүтәж екенимизди.



Бизлер Ийсаның кимлиги ҳәм Ол бизлер ушын не қылғаны ҳаққындағы түсинигимиз Ески Келисимди оқығанымызда жақсырақ болады.

Ески Келисимди оқыў, әсиресе ондағы барлық нызамды оқыў шәрт емес дейтуғын адамларға не деп жуўап берген болар едиңиз?

**Өмириңизди Ийсаға өзгертиўге жол қойып атырсыз ба ямаса өзиңизди жетерлише жақсы деп ойлайсыз ба?**

**Сиз қалайынша Ийсаға көбирек уқсаўыңыз мүмкин?**

## Үйге тапсырма

**Нзм. 27 ҳәм 28-бапларын** кейинги сабаққа шекем оқып шығың.

# Жуўаплар

1 – Қудай Өз халқына Өзиниң берген нызамларына әмел қылыўын ҳәм шын жүреги, жан-тәни менен муқыятлы түрде орынлаўды буйырып атыр.
2 – Қудайдың нызамлары бизлердиң жүреклеримизди қуўандырады.
3 – Қудайдың нызамлары бизлерди дана қылады.
4 – Израил халқының Қанан халқынан айырмашылығы, олар Қудайға тек ғана Мухаддес шатырда сыйынады, кейин ала Ибадатханада.
5 – Израил халқына гөшлердиң бир неше түрлерин жеўге қадаған болды. Бул олардың мухаддес ҳәм Қудайға ажыратылғанын көрсететуғын белги еди.
6 – Израил халқы Мухаддес шатырда ямаса Ибадатханада байрамлаў ушын, сол орында хызмет етип атырған лебийлерге ҳәм кәмбағалларға тарқатыў ушын өзлери ислеп шығарған өнимлериниң оннан бирин әкелиўи керек еди.
7 – Ҳәр жылы Израил халқы Қутқарылыў байрамын, Ҳәптелер байрамын ҳәм Қос байрамын байрамлаў керек еди. Бул Қудайдың олар ушын ислеген ислериниң бәрин еслеў ушын еди.
8 – Патша израиллы болыўы ҳәм Жаратқан Ийеге сыйынатуғын болыўы керек. Ол жүдә бай ҳәм көп ҳаяллы болыўға болмайды. Оның орнына ол Қудайдың нызамын үйренип, оларға бойсыныўы тийис. Сол ўақытта ол Қудайдың халқын қалай дурыс басқарыў кереклигин билип алады.
9 – Адамлар жынаятлары ушын әдил ҳүким етилиўи тийис еди. Ҳеш ким ислемеген жынаяты ушын ҳүким етилмеўи керек еди.
10 – Олар өзлериниң урысқа таяр емес әскерлерине мийрим көрсетиўи керек. Сондай-ақ, олар ҳүжим қылып атырған душпан қалаларында жасап атырған адамларға да мийрим көрсетиўи тийис. Тек ғана ўәде етилген жердеги Қанан халқы пүткиллей жоқ қылыныўы керек еди.
11 – Неке — бул пүткил өмирге болған миннетлеме ҳәм ҳаяллардың ҳуқықлары қорғалған болыўы керек. Бул нызамлар ер адамға да, ҳаялға да некесиз болған ҳәр қандай жынысый қарым-қатнасты қадаған етеди. Оның ишине жақын туўысқанға жақынламаў ҳәм зорлық киреди. Қудайдың халқы тек ғана исениўшилер менен турмыс қурыўы керек.
12 – Қудайдың Улы, Ийса Масийх.
13 – Ол минсизликте Қудайдың барлық нызамларын орынлады, мәңгиликке жалғыз минсиз Қурбанлыққа айланды, жаңа «Ибадатхана» болады, Қудайдың халқының өмиринде Мухаддес Руўх болып жасайды.
14 – Өз қаны менен Қудай менен адамлардың арасында Жаңа Мухаддес Келисим дүзди.
15 – Ийсаның өлими бизлерди гүналарымыз ушын болған жазадан қутқарды ҳәм енди бизлер мәңгилик өмирге ийе болдық!
16 – Бизлерге Ибадатхана ҳаққында, қурбанлық ҳаққында ҳәм нени жеп, нени жемеў ҳаққындағы нызамларға бойсыныўымыз шәрт емес.
17 – Қудайдың Нызамлары бизлердиң сана-сезимлеримизге орналыстырылады ҳәм жүреклеримизге жазылып қойылады.
18 – Қудайың, Жаратқан Ийени шын жүрегиңнен, жан-тәниң, пүткил ақыл-ойың ҳәм бар күшиң менен сүй. Жаныңдағы адамды өзиңди сүйгениң сыяқлы сүй.
19 – Қудайды ҳәм жақыныңды сүй. Бул он буйрықты ҳәм жынысый пәкликти өз ишине алады.

Нызамның қайталаныўы 11-Сабақ:

# Жарылқаўлар ҳәм нәлетлер



Усы сабақта бизлер Ески Келисимдеги жарылқаўлар менен нәлетлер туўралы, және де, бүгинги күнде оларды бизлер қалай қолланыўымыз мүмкинлиги туўралы ойланып көремиз.

## Еки таў




**Нзм. 11:29** аятты оқың.

Израил халқы Ўәде етилген жерге киргенде, Қудай оларға еки таўға тийсли тапсырмалар берди. Елдиң орайында жайласқан сол еки таў Қудайдың халық пенен дүзген мухаддес келисими ҳаққында мәңги ескертиў болыўы керек еди. Жаратқан Ийе Өзине бойсынғанлардың жарылқаныўы ҳәм бойсынбағанлардың нәлетлениўи ҳаққында оларға еслетип қоймақшы еди.

Қайсы таўда олар жарылқаўларды жәриялаў керек еди? [1]

Ал қайсы таўда олар нәлетлерди жәриялаў керек еди? [2]

**Нзм. 27:1–8**-аятларын оқың.

Муўса Израил халқына Эбал таўында (олар нәлетлерди жәриялаған жер) таслардан бир нәрсе қурыўын буйырды.

Олар **2–4 аятларда** не қурыў керек еди? [3]

Ал **5 аятта** олар не қурыў керек еди? [4]

Эбал таўында Қудай Израил халқына Өзиниң жазылған Нызамын орнатыўды буйырды. Соның қасына Қудай қурбанлақ орын қурыўды буйырды. Қудай Өз халқының нызамларды минсиз түрде орынлай алмайтуғынын билген еди. Қурбанлықлар арқалы гүнадан ақланыўы ушын хызмет етеди. Соның ушын да қурбанлық орын оларға әўел бастан Қудай тек ғана қурбанлық арқалы кеширимди усыныс етип атырғанын еслетип турады.

Усы қурбанлық орында қандай 2 түрли қурбанлық алып келиниўи керек (**6–7 аят**)? [5]

## Жандырылатуғын қурбанлық

Жандырылатуғын қурбанлық тек ғана ақланыўды алып келмейди, ал жәнеде пүткил жанымыздың Қудайға қурбанлық қылынып атырғанын билдиреди. Усы қурбанлықтың басқа қурбанлықлардан айырмашылығы, руўханийлер олардан жеўге болмайтуғын еди.

**Эфс. 5:2** аятын оқың. Бизлер кеширимге ийе болыўымыз ушын, ықтыярлы түрде Ким Өз жанын берип, қурбанлық қылды? [6]

**Рим. 12:1** аятын оқың. Ийсаның бизлер ушын қылған исине тийкарланып, енди бизлер не қылыўымыз керек? [7]

Бул не дегени? [8]

Сондай болса, жандырылатуғын қурбанлық бизлерге нени еслетиўи керек? [9]

Өмиримизди Қудайға толық бағышласақ, Ол бизлерди Өз қуўанышы менен толтырады!

## Татыўлық қурбанлығы

Әдетте қурбанлыққа берилип атырған ҳайўанлардың гөшин тек ғана руўханийлерге жеўге болатуғын еди. Ал тек ғана татыўлық қурбанлығының гөшин басқа адамларға да жеўге болатуғын еди. Оны шаңарақ ҳәм қоңсылар менен бирге жеўге болатуғын еди.

Бул қурбанлық Қудай бизлердиң гүналарымызды кеширгеннен соң, Оның менен қарым-қатнасымыздың тиклениўин билдиретуғын еди. Бул басқалар менен бөлисиўге болатуғын қуўаныш!

Жаңа Келисимде бизлер татыўлық қурбанлығының орнына не қыламыз (Лука 22:19)? [10]

Ийса бир мәрте ҳәм мәңгиге минсиз қурбанлық болды! Енди бизлер кеширилгенбиз ҳәм қайтадан Қудай менен қатнаста бола аламыз!

Ҳәзирги ўақытта исениўшилердиң көп жәмәәтлеринде Еслеў кешеси өткизилип атырғанда, толық дастурхан жайылмайды. Оның орнына тек ғана Ийсаның атанақ ағаштағы өлиминиң белгиси ретинде киши дастурхан жайылып өткизиледи. Татыўлық қурбанлығы бизлерге Қудайдың халқы биргеликте отырып, аўқат жеўи қаншелли әҳмийетли екенин көрсетеди. Сол себептен егер сизлер Еслеў кешесин кишигирим қылып өткизсеңиз, исениўшилер жәмәәти өз ўақтында биргеликте аўқатланыўы жүдә әҳмийетли екенин билиң.

Татыўлық қурбанлығы бизлерге не ҳаққында еслетеди? [11]

# Жарылқаўлар ҳәм нәлетлер

Нызамның қайталаныўы китабының 27 ҳәм 28-бапларында айтылған:
- Қудайдың нызамларын орынлап атырғанларға көп жарылқаўлар бар.
- Қудайдың нызамларын орынламай атырғанларға көп нәлетлер бар.

**Нзм. 28:1–24**-аятларын оқың.

Ески Келисимде Қудай Өзиниң халқын өзлери ҳеш қашан ылайықлы болмаған жарылқаў менен жарылқады. Бәрибир олар Қудайға бойсынбады. Сол себептен Қудай Өз халқына нәлетлер жиберген ўақыялар көп болды.

Бийлер китабында Қудайдың халқы ҳәр дайым сол циклдан өткен:

- Қудайдың жақсы нызамларын орынламады ҳәм жаўыз өмир сүрди.
- Қудай оларды көп жыллар даўамында қыйнайтуғын душпанларының қолына тапсырды.
- Қудайдың халқы Оған жәрдем сорап жалбарынады.
- Қудай оларды қутқарыў ушын қутқарыўшыны (Бийди) жиберетуғын еди.
- Бирақ жақын арада Оған және бойсынбай баслап, жаўыз өмир сүрип баслайды.

Бундай жағдай тынбастан шама менен 300 жылдай даўам етти.

Көп жыл өткеннен соң Ахаб Израилдың патшасы болған ўақтында, ол Баал қудайына табынып баслады. Сол ўақытта Қудай үш жыл даўамында қурғақшылық жибереди (3 Пат. 17:1).

Ақырында халық Қудайға пүткиллей бойсынбағаны себепли Қудай оларды жазалады. Ол ҳеш ойға кирмейтуғын нәрсе қылды. Ол Бабилония әскерлерин елди басып алыўы ушын, Ибадатхананы ўайран қылыўы ушын ҳәм адамларды сүргинге алып кетиўи ушын алып келди. Бул ўақыя бизлердиң эрамызға шекемги 586 жыл болды (2 Жлн. 36:15–21).

## *Қосымша:* Еремияның жоқлаўы китабы

Еремияның жоқлаўы китабы — бул Ерусалим ўайран болғаннан соң Қудайдың халқының қайғылы қосықлар топламы.



*«Әттегене-ай!*
*Бир ўақытлары адамға толы қала,*
*Қалайынша енди жалғызланып қалды!*
*Миллетлер арасында уллы саналған,*
*Жесир ҳаялға уқсап қалды.*
*Ўәлаятлардың ханымы болған,*
*Енди күңге айланды»* (Жоқлаў 1:1).

Деген менен, ҳәттеки усындай қайғылы жағдайда автор былай дейди:

*«Жаратқан Ийениң сүйиспеншилиги себепли,*
*Биз жоқ болып кетпедик,*
*Оның реҳимлилиги таўысылмайды.*

*Ҳәр күни азанда олар жаңара береди,*
*Оның садықлыгы уллы!*
*Мен ишимнен: «Жаратқан Ийе — мениң үлесим,*
*Сонлықтан мен Оган үмит байлайман», — дедим»* (Жоқлаў 3:22–24).

Автор бул Қудайдың халқы ушын соңы емес екенин билген еди! Ҳәм көп исениўшилер әсирлер даўамында усы аятларда жубаныш тапқан. Олар ҳәр қандай қыйын жағдайларға түскенимизде, бизлерге үмит береди.

Бүгинги күнлери бизлер Мухаддес Китапты оқып атырғанымызда, усы жарылқаўлар ҳәм нәлетлер негизинде үлкен нәрселерди бизлерге көрсететуғынын түсиниўимиз керек. Олар бизлерге Ийса ҳүким етиў ушын қайтып келгенде, алып келетуғын мәңгилик жарылқаўлардың ҳәм нәлетлердиң мазасын татып көриўге жәрдем береди.

**Матта 25:34** аятын оқың: Ийса Өзиниң изинен садық болып жүргенлерге не дейди? [12]

Бул бизлер бир күни еситетуғын әжайып сөзлер!

**Матта 25:41** аятын оқың: Ийса Өзиниң изинен ермегенлерге не дейди? [13]

Бул бир күн келип, базылардың еситетуғын қорқынышлы сөзлер!

Ески Келисимниң жарылқаўлары ҳәм нәлетлери нени аңлатады? [14]

Бирақ бизлердиң жарылқаўларымыз тек ғана келешекке арналмаған.

**Эфс. 1:3–8** аятларын оқың: Ҳәзир бизлер рәҳәтлениўимиз ушын Жаратқан Ийе қандай жарылқаўлар берди? [15]

Бул жарылқаўлар бизлер ҳәзир алыўға болатуғын ҳәр қандай физикалық жарылқаўлардан да жақсырақ!

## Қудай тәрепинен берилген басқа жарылқаўлар

Бизлерге ҳәзирги ўақытта әҳмийетлирек болған аятларды табың.

- Ол бизлерге Мухаддес Руухты береди (1 Кор. 3:16).
- Бизлер ҳәр сапары Оның алдына келип, Оны қапа қылғанымыз ушын өкинемиз, деп айтсақ, мәңги Қудай бизлерди кеширеди (1 Юхан 1:9).
- Ол бизлердиң қайғыларымызда жубаныш береди (2 Кор. 1:3–4).
- Ол кеўли қабарғанларға жақын (Заб. 33:19).
- Ол бизлерге даналық береди (Яқып 1:5).
- Ол бизлердиң дуўаларымызға жуўап береди (Юхан 14:13).
- Ол бизлерге басқа исениўшилерден ибарат болған шаңарақ береди (Гал. 6:10).
- Ол бизлерди сүйеди (Эфс. 5:1).

- Ол бизлерге негизинде ким екенлигимиз ҳаққында түсиник береди: тири Қудайдың балаларымыз! Бул бизлер ким болсақта, абырай ҳәм өзимизге болған ҳүрметшилик береди, себеби бизлер Ийса Масийх пенен бирлесип, бир болдық (Гал. 3:28).

Бул ҳәзир рәҳәтлениўимиз ушын бизлерге берилген жарылқаўлардың биреўи.

Ҳәзир бизлер рәҳәтлениўимиз ушын және қандай жарылқаўларды сиз айта аласыз?

## Ал бүгинги күндеги нәлетлер ҳаққында не?

Ийса *«бизлерди Мухаддес Нызамның нәлетинен қутқарды. Ол бизлер ушын нәлетленгенликтен ...»* (Гал. 3:13). Енди бизлер Қудайдың жарылқаўының астындамыз, ал Оның нәлетиниң астында емес!

Егер бизлер Ийсаның изинен ерсек, Ол бизлерди адамлар бизлерге жиберетуғын ҳәр қандай нәлетлерден қорғайды! Эфеслилерге жазған хатында Павел оларға Қудайдың уллы күши ҳаққында еслетип атыр: *«Және де, Ийсаға исенген бизлерде үлкен қүдирет пенен ҳәрекет еткен Қудайдың күшиниң қаншелли уллы екенин билиўиңиз ушын да дуўа етип атырман. Қудай усы күш пенен Масийхта ҳәрекет етип, Оны өлимнен қайта тирилтти ҳәм аспанда Өзиниң оң жағына отырғызды. Қудай Масийхты барлық ҳәкимшилик ҳәм бийликтен, пүткил қүдирет ҳәм ҳүкимдарлықтан, тек усы заманда емес, ал келешек дәўирде де аталатуғын ҳәмме атлардан жоқары қойды»* (Эфс. 1:19–21).

Егер сизди биреў нәлетлегенин билсеңиз, сиз қүдиретли болған Ийсаның аты менен қорғаўы ушын дуўа етсеңиз болады.

Енди, бизлерге ҳеш қандай нәлетлерден қорқыўдың ҳәжети жоқ!

# Ден-саўлық ҳәм байлық



Базыда Қудай бизлерге әлле қашан ҳәзир ден-саўлық ҳәм байлық ўәде етеди деп айтады. Бирақ бул жалған.

Ески Келисимде Жаратқан Ийе Өзиниң халқына егер олар бойсынатуғын болса байлық ҳәм гүллеп-жаснаў ўәде етти. Бизлер сол ўәдениң Сулайман патшалық еткен дәўиринде орынланып атырғанын көремиз: *«Израил халқының ҳәр бири өзлериниң әнжир ҳәм жүзим ағашлары астында тыныш өмир сүрди»* (3 Пат. 4:25).

Бирақ бул байлық ҳәм гүллеп-жаснаў тек ғана материаллық ҳәм ўақтынша еди.

Қудайдың нийети бойынша пүткил дүнья **мәңгилик жарылқаўды** алыўы керек еди. Ол өзгерген жүрек ҳәм Қудай менен жаңа қарым-қатнас арқалы келеди (Езк. 36:26, Эфс. 2:18). Мәңгилик жарылқаныў ҳеш қашан материаллық жақсы жағдайдан келип шықпайды.

Ийса да, Оның елшилери де бай болмаған. Бизлер Павелдиң физикалық аўырыўдан қыйналғанын билемиз ҳәм ол Қудайдан оны жоқ қылыўды сораған еди (2 Кор. 12:1–10). Әлбетте Ийса да қорқынышлы түрде азап шекти, соңынан ақылға сыйдыра алмайтуғын дәрежеде ең қорқынышлы өлимниң түри менен өлтирилди.

**Рим. 8:18** аятында Павел не деп айтады? [16]

Бизлер Қудай менен Жаңа Ерусалимде жасаў қандай әжайып екенин еле көз алдымызға келтире алмаймыз!

Жаңа Ерусалимге шекем бизлер Ески Келисимдеги жарылқаўларды бүгин талап ете алмаймыз. Қудай бизлердиң дуўаларымызға жуўап бериўди жақсы көреди, бирақ усы өмирде қыйналатуғын ўақытлар да болады. Жаратқан Ийе қыйыншылықларды бизлер Ийсаға уқсаўымыз ушын пайдаланатуғынын билемиз (Евр. 12:7–11). Бирақ көп жағдайларда бизлер Қудай не себептен сол қыйыншылықларды өмиримизге жиберип атырғанын билмеймиз (Ийш. 55:9). Егер бизлер молшылықта, денемиз саў ўақтында, ҳеш қандай қыйыншылықларға дуўшар болмай жасасақ — бул Қудай басқаларға қарағанда бизлерден кеўли толған, дегенди билдирмейди. Егер бизлер ҳәзир қыйыншылықлардан, аўырыўлардан ҳәм мүтәжликлерден өтип атырған болсақ — бул бизлердиң Қудайдың нәлетиниң астында жасап атырғанымызды билдирмейди.

Сол себептен бизлер биреўлер қыйыншылыққа түскенде, оны Қудай жазалап атыр деп ҳеш қашан ойламаўымыз керек. Бизлердиң ўазыйпамыз — сүйиў, жигерлендириў ҳәм бир-биримизди қоллап-қуўатлаў!

Өмир ҳәзир қыйын болыўы мүмкин. Бирақ Қудай бизлерге ҳеш қашан таслап кетпеймен деп ўәде берди! (Евр. 13:5). Оның Мухаддес Руўхы Ийсаның изинен ақырына дейин ериўимиз ушын, бизлерге күш ҳәм қуўаныш береди! Сонда бизлер ҳақыйқый ден-саўлық ҳәм байлықты танып билемиз! (Аян 21:3–4 ҳәм 22:1–5)

Бүгин бахытлы адам қандай? [17]

Сизиң ойыңызша бизлер қалайынша көбирек Қудайдың жарылқаўлары менен рәҳәтлене аламыз? [18]

## Үйге тапсырма

**Нзм. 29 ҳәм 30-бапларын** кейинги сабаққа шекем оқып шығың.

# Жуўаплар

1 – Гериззим таўы.
2 – Эбал таўы.
3 – Қудайдың Нызамы жазылған тасларды.
4 – Қурбанлық орын.
5 – Жандырылатуғын қурбанлық ҳәм Татыўлық қурбанлығы.
6 – Ийса Масийх.
7 – Бизлер денелеримизди тири қурбанлық қылыўымыз керек.
8 – Бул пүткил өмиримиз бойы Қудайға мақул болып, Ол ҳаққында басқаларға айтып жасаўды қәлеймиз, дегенди билдиреди.
9 – Жандырылатуғын қурбанлық бизиң гүналарымыз ушын қурбанлық кереклигин еслетеди. Жәнеде Ийса Өзин бизлердиң орнымызға қурбан қылғаны себепли, бизлер өз жанымызды Қудайға қурбан қылыўымыз керек.
10 – Бизлердиң орнымызға Ийса қурбан болғанын еслеўимиз ушын, биргеликте еслеў кешесинде қатнасамыз (нан ҳәм шарапты бөлисемиз).
11 – Татыўлық қурбанлығы бизлер тәўбе еткенимизден соң, Қудай менен қарым-қатнаста рәҳәтлениўимиз мүмкин екенин еслетеди! Бул тек ғана Ийса бизлердиң гүналарымыздан тазалағаны себепли мүмкин болады! Бул соншелли әжайып, соның ушын оны бизлер басқалар менен байрамлаўымыз мүмкин!
12 – *Келиңлер, Әкемнен жарылқанғанлар, дүнья жаратылғаннан берли сизлер ушын таярлап қойылған патшалықты мийрас етип алыңлар.*
13 – *Ҳәй, ғарғыс алғанлар! Мениң қасымнан арман, шайтан ҳәм оның периштелери ушын таярлап қойылған мәңгилик отқа кетиңлер!*
14 – Ийса усы дүньяны ҳүким етиў ушын келгенде, алып келетуғын мәңги болған жарылқаўлар ҳәм нәлетлерди аңлатады.
15 – Ол Өзиниң алдында бизлер мухаддес ҳәм пәк болыўымыз ушын бизлерди дүнья жаратылмасынан алдын таңлады. Бизлер Оның балалары болыўымыз ушын, қутқарылып, кеширилиўимиз ушын таңлады.
16 – *Мениң ойымша, ҳәзирги қыйыншылықлар келешекте бизлерге берилетуғын уллылыққа салыстырғанда ҳеш нәрсе емес.*
17 – Бахытлы адам бул кейинги нәрселерди билетуғын адам:
- Қудай оны дүньяның жаратылысынан алдын таңлады.
- Ол Қудайдың баласы.
- Оның гүналары кеширилди.
- Өмиринде не нәрсе жүз бермесин, Қудай оның менен ҳәмме ўақытта бирге болады.
- Қудай оны әжайып, мәңги ўәде етилген жерге пүтин ҳәм саў қылып алып келеди!

18 – Бизлер Қудайдың жарылқаўлары менен ләззетли түрде жасаўымыз мүмкин, егер:
- Оның сөзин оқып, ой жуўыртсақ ҳәм оны орынласақ.
- Мүмкин болғанынша көп дуўа етсек.
- жыйналысларға барып, исениўшилер менен ушрасып жүрсек.
- Басқаларға Ийса ҳаққында айтып жүрсек.

Нызамның қайталаныўы 12-Сабақ:

# Мухаддес Келисимниң жаңаланыўы



Усы сабақта бизлер хәр бир әўлад ушын өзиниң Қудай ушын болған бойсыныўшылығын жаңалаў қаншелли әҳмийетли екенин көрип шығамыз.

29 ҳәм 30-бапларда бизлер Жаратқан Ийениң Муўса ҳәм Қудайдың халқының кейинги әўлады менен қалайынша мухаддес келисимин жаңалағаны ҳаққында оқыймыз. Хореб таўында Қудай менен келисим дүзген биринши әўлад өлип кетти. Соның ушын, енди олардың балалары ҳәм ақлықлары Қудай менен мухаддес келисимди жаңалаў керек еди.

Пүткил Нызамның қайталаныўы китабы сыяқлы 29 ҳәм 30-баплар да сол заманда патшалардың басып алған халықлар менен дүзген келисимлерге уқсаған. Бул келисимлер ҳәр дайым бирдей болмаған, бирақ олар 5 тийкарғы бөлимнен ибарат болған:

1. Тарийхый кирисиў.
2. Келисимниң улыўма талаплары.
3. Келисимниң бузылыўы ҳаққында ескертиў.
4. Жарылқаўлар ҳәм нәлетлер.
5. Гүўалар.

**29 ҳәм 30-бапларды оқың** ҳәм оқыў даўамында усы 5 бөлимге итибар бериң.

Енди усы мухаддес келисимниң 5 бөлимин көрип шығамыз.

## 1. Тарийхый кирисиў (29:2–8)

Қудай оларға өтмиш туўралы еслетип атыр. Муўса олар менен тап сол Хореб таўында болғандай етип сөйлеп атыр (3 аят).

## 1-Шақырық

Тарийх жүдә әҳмийетли. Бизлер ушын Қудай өтмиште не нәрсе ислегени ҳаққында оқығанда, бизлер Қудайдың мийрими менен қутқарылғанымызды еслеймиз. Егер Қудай бизлер ушын не қылғанын умытсақ, бизлер менмен болып кетемиз ҳәм басқа адамларды Ийсаның дәўириндеги фарисейлердей ҳүким етип баслаймыз. Сол себептен бизлер ҳәр дайым Қудайдың сөзин оқыўымыз керек. Сол арқалы бизлер өзимизге Қудай бизлерге нелер ислегени ҳәм бизлер — Қудайдың мийрими арқалы қутқарылған гүнакарлар екенимизди өзимизге еслетемиз!

## 2-Шақырық

Қудайдың сөзин оқып атырып, бизлер сол ўақыяда болып атырғанымызды көз алдымызға келтирген пайдалы болады. Муўса тап усы нәрсени Израил халқы менен сөйлескенде иследи: «*Сизлер өз көзлериңиз бенен көрдиңиз...*» (29:3). Бул сол сөзлердиң тәсирин сезиўге жәрдем береди.

# 2. Келисимниң улыўма талаплары (29:9–15)

Нызамның Қайталаныўы китабы бизлерге Қудайдың нызамлары ҳаққында әлле қашан айтып берди. Соның ушын, бизлерде ҳәр бир адам (ҳаяллар, балалар ҳәм келгиндилер) келисимниң шәртлерин орынлаўы керек болған шақырық бар (29:11). Бизлер Қудайдың Сөзи тек ғана еркеклерге, жасы үлкенлерге ямаса бизлерге уқсаған адамларға тийисли деп ойламаўымыз тийис.

- Ата-аналарда жүдә әҳмийетли ўазыйпа бар. Олар балаларын Қудайдың сөзине кишкене гезинен баслап бойсыныўды үйретиў керек. Олар ҳеш қашан Қудайдың балаларға қадаған еткен нәрселерин ислеўге болады деп ойламаўы керек.

- Бизлер өзимиздиң ул ҳәм қызларымызға ата-аналардың екеўине да қулақ салыўды ҳәм оларды ҳүрмет етиўди үйретиўмиз керек.

- Бизлер балаларымызды басқа адамларды сүйиўди ҳәм оларға ғамхор болыўды үйретиўмиз керек.

- Бизлер басқа миллеттеги ямаса халықлардағы адамларды итибарсиз қалдырмаўымыз тийис. Олар да Қудай ҳаққында билиўи керек!

## 3-Шақырық

Сиз өзиңиздиң шаңарағыңызда ҳәм жәмәәтиңизде исениўшилер (балалар ҳәм шет елдиң адамлары) Қудайды сүйиўди ҳәм Оны қуўантыўды үйрениўи ушын не ислеп атырсыз?

# 3. Келисимниң бузылыўы ҳаққында ескертиў (29:16–29)

Басқа халықлардың не нәрсеге табынып атырғанын Қудай қалайынша сүўретлеп атыр (29:17)? [1]

Басқа қудайлардың изинен ерип жүрген адамлардың тәлимин Қудай қалай сүўретлеп атыр (29:18)? [2]

Басқа қудайларға табынып атырған Қудайдың халқына не болады (29:20)? [3]

Қудай Өзиниң халқы гүна ислеп атырғанда ғәзепленеди. Ол қарсы болмайды ямаса Ол көрмей қалады деп бизлер ҳеш қашан ойламаўымыз керек! Қудай Өзи жаратқан дүньяны сүйеди. Бизлер қарым-қатнасымызды ҳәм дүньямызды бузғанымызда, Ол қыйналады.

*«Араңызда ҳеш бир адам усы келисимдеги нәлетлерди еситип турып, кеўлинде: «Өз қәлеўим бойынша жасасам да, бахытлы боламан», — деп ойламасын. Бундай пикир ҳәммеңиздиң басыңызға апат алып келеди»* (19 аят): Шайтан бизлердиң Қудайдан басқа нәрселерге табыныўымыздың ҳеш қандай қорқынышлы жери жоқ деп ойлаўымызды қәлейди. Шайтан бизлердиң жасырын гүнаның ҳеш бир қорқынышлы жери жоқ деп ойлаўымызды қәлейди. Гүнаның қорқынышлы болмаўының еки себеби бар:

1. Гүна **ҳәр дайым** бизлердиң жүреклеримизге, қарым-қатнасымызға зыянын тийгизеди ҳәм ең жаманы Қудайымыз буған қатты қыйналады.

2. Гүна жуғатуғын нәрсе — ол басқа адамларға да өтеди. Елши Павел айтқанындай: *Сизлердиң мақтанғаныңыз дурыс емес. Азғантай ашытқы пүткил қамырды ашытатуғынын билмейсизлер ме?* (1 Кор. 5:6)

Бизиң гүналарымыз жәмәәттеги, жәмийеттеги ҳәм елимиздеги адамларға үлкен зыян алып келиўи мүмкин екенлигин умытпаң. Өмиримиздеги гүнаға бизлер реҳимсиз болыўымыз керек. Ийса айтқанындай: *Егер сени оң қолың азғырса, оны шаўып тасла. Пүткил денеңниң дозаққа түскенинен гөре, бир мүшеңниң жоқ болғаны саған жақсырақ болады* (Матта 5:30).

Егер бизлерде бир нәрсе гүна емес, деп ойлап атырған болсақ, өзимизге еки сораў бергенимиз жақсы: «Усы ҳаққында Муҳаддес Китап не дейди?» ҳәм «Ийса сондай қылған болар ма еди?»

Қанан халқының қудайы «Баал» бизлердиң гүллеп-жаснаў (раўажланыў) «қудайына» уқсап кетеди. Оған дерлик ҳәмме адам табынған. Көп адамлар ушын бүгинги күнде ең әҳмийетлиси — бул көбирек пул табыў. Адамлар пул бахыт, қәўипсизлик ҳәм тынышлық алып келеди, деп исенеди.

Израил халқы Қудайға ҳәм Баалға бир ўақытта табына аламыз деп ойлағанындай, ҳәзирги күнде де адамлар Қудайға ҳәм пулларға табына аламыз деп ойлайды.

Усы ҳаққында Ийса Матта 6:24 аятте не деди? [4]

## 4-Шақырық

Пул тести: сизиң өмириңизде ең әҳмийетли нәрсе не?



- Көбирек пул табыў ушын сиз исениўшилер менен болған жыйналысларды қалдырып атырсыз ба?

- Жаңа телефон сатып алыў ушын сиз оннан бир бөлегин өзиңизге алып қаласыз ба?

- Мүтәж адамларға сақыйлық көрсетесиз бе?

- Қудайдан өз пулларыңызды қалай пайдаланыўды сорайсыз ба?

Усы сораўларға берген жуўапларыңыз сизиң Қудайға ҳәм пулға хызмет етиўди қәлейтуғыңызды көрсетеди. Ийса бул мүмкин емес деп айтады. Сиз ҳәм Қудайға, ҳәм пулға хызмет ете алмайсыз.

## **Келисимди бузғанлар ушын үмит** (30:1–15)

Бизлер жарылқаўлар ҳәм нәлетлер ҳаққында оқымастан алдын, Мууса келисимди бузғанлар ушын өзгеше қосымша береди.

Қудай Өз халқының барлық ескертиўлерине қарамастан, бойсынбайтуғынын билетуғын еди. Бирақ бизлер 4-бапта көрип турғанымыздай, Жаратқан Ийе — ақылға сыймайтуғын мийримли Қудай: Ол гүнаны ҳүким етеди, бирақ сол ўақыттың өзинде Ол шын жүректен тәўбе еткенлерди тиклейди (30:1–10).

«Жүреклерин сүннет етиў» (жүреклерин өзгертеди) дегени нени билдиреди? [5]

Мууса халықтың Қудайды шын жүрегинен сүйетуғын ўақтын сабырсызлық пенен күтип тур! Елши Павел «жүреклерин сүннет етиў» деген сөзди, бир адамның Ийсаға исенип тәўбе еткенин айтыў ушын пайдаланып атыр — Кол. 2:11 аятына қараң.

Бизлер гүнаға рак кеселине қарағандай қараўымыз керек: бизлер оны жайылып кетип бизлерди өлтирип үлгеремесинен алдын дәрҳәл кесип таслаўымыз керек! Әлбетте бул жүдә аўыр болыўы мүмкин, бирақ бул жасаўымыз ушын керек!

Мүтәжликлеримизди бизлерге бериўге жалғыз кимниң қолынан келеди? (Нзм. 30:9) [6]

***Қудайыңыз Жаратқан Ийе сизлерди қол урған ҳәр бир исиңизде табыслы қылады. Сизлер үбирли-шүбирли боласыз, малларыңыз көбейеди ҳәм жерлериңиздиң өними мол болады*** (9 аят): Қанан халқы Баал деген қудайы ден саўлығы жақсы балаларды ҳәм мол өнимлер бере алатуғынына исенген. Жаратқан Ийе буларды беретуғын Баал емес, ал тек ғана Оның Өзи соның барлығын бериўге қәдир екенин Өз халқының билиўин қәлейди.

Адамлар шын жүректен өз гүналарынан тәўбе еткенинде Қудай не қылады (Нзм. 30:9)? [7]

***Қудай сизлер ҳаққында және қуўанады!*** (9 аят): Бул дүньядағы ең әжайып сөзлер! Олар шын жүректен тәўбе еткенлерге қаратылған. Бул Ийса айтып берген тымсалдағы жойтылып қалған қойдың ийеси болған шопанның қуўанышына уқсайды (Лук. 15:6–7).

Ҳәр күни ҳәм ҳәр минут даўамында қандай таңлаў берилип атыр? (Нзм. 30:19–20) [8]

***Өмирди таңлаң... сонда сизлер жасайсыз*** (19–20 аят): Мууса Қудайдың халқына таңлаў берип атыр: өмир ҳәм гуллеп-жаснаў, ямаса өлим ҳәм жаўызлық (15 аят). Солай етип, Юхан жазған Хош Хабарда да бизлер *«жол, ҳақыйқат ҳәм өмир»* болғанның изинен ериўге шақырылып атырмыз (Юхан 14:6). Тек ғана Ийсаға исенип бизлер мәңгилик өмирге ийе боламыз (Юхан 17:3).

## 4. Жарылқаўлар ҳәм нәлетлер (30:16–18)

16–18 аятларында бойсыныўшылық ушын қандай жарылқаўлар ҳәм бойсынбаўшылық ушын қандай нәлетлер айтылып атыр? [9]

Бүгинги күнде бизлер ушын қандай жарылқаўлар ҳәм нәлетлер бар екенлиги ҳаққында 11-сабақта көбирек мағлыўмат табыўыңыз мүмкин.

## 5. Жуўмақлаўға гүўаларды шақырыў (30:19)

Әййемги дүньяда елин басып алған патша менен жеңилген халықтың арасындағы келисим дүзилген ўақытта қудайларды гүўа болыўға шақыратуғын болған. Олар басқа қудайларды гүўа болыў ушын шақырмайтуғыны анық. Енди, сол себептен Қудай Өзиниң жаратылысын гүўалар сыпатында пайдаланады.

Үйлениў тойы көпшилик алдында өткизилетуғын ўақыя болып табылады, өйткени адамлар сол жигиттиң усы қызды өзиниң ҳаялы қылып алып атырғанын билиўи керек. Еки жастың бири неке келисимине садықсыз болмаўы ушын, олардың арасына гүўлар қойылады. Солай етип, Қудай менен халықтың ортасында дүзилип атырған келисим көпшилик алдында өткизилди. Қудайдың жаратылысы Оның халқы садықсыз болса оларға қарсы шығады. Нзм. 28-баптағы нәлетлер усы ҳаққында ескерткен (Нзм. 28:16–19).

Жаңа Келисимде елши Павел бизлерге жаратылыстың сабырсызлық пенен набыт қылыўшы қуллықтың жоқ қылыныўын күтип атырғаны ҳаққында айтады (Рим 8:21). Алдымызда әжайып, минсиз жаратылыс күтпекте! Бирақ одан алдын бизлер қыйыншылыққа толы өмирде жасаймыз (Жар. 3:17–18).

Ҳәзир Қудайдың бизлерге берип қойған қымбатлы жаратылысқа ғамхорлық етиў — бул бизлердиң ўазыйпамыз! (Жар. 2:15)

## Келисимниң жаңаланыўы

Енди бизлер кейинги әўладтың Қудайға болған бойсыныўшылық келисимин қалай жаңалағанын көрдик. Сонлықтан бизлер бүгинги күнде исениўшилердиң балалары көпшиликтиң алдында өзиниң Ийсаға болған бойсыныўшылығын тастыйықлаўына ҳәр қандай мүмкиншиликлерди жаратыўымыз керек. Хызмет жыйналысыңызда сиз буны қалай ислеўиңиз мүмкин?

### Нызамның Қайталаныўы китабының усы еки бабы арқалы Қудай сизлерге нелерди айтты?

## Үйге тапсырма

**Нзм. 31 ҳәм 32-бапларын** кейинги сабаққа шекем оқып шығың.

# Жуўаплар

1 – Олар жеркенишли.
2 – Зәҳәр ҳәм ашшы миййўе беретуғын тамыр.
3 – Құдай оларды толығынша ҳүким қылады.
4 – *Ҳеш ким еки хожайынға хызмет ете алмайды. Себеби ол биреўин жек көрип, екиншисин жақсы көреди ямаса биреўине садық болып, екиншисине итибарсыз қарайды. Сизлер ҳәм Құдайға, ҳәм байлыққа бирдей хызмет ете алмайсызлар.*
5 – Бул бизлердиң жүрегимизден ҳәр қандай гүна әдетлеримизди Құдай жоқ қылады дегени.
6 – Тек ғана мәңги Құдай бизлер мүтәж болып атырған нәрселерди бере алады.
7 – Олар себепли Құдай қуўанады!
8 – Бизлер өмир жолын таңлаўымыз керек, ал өлим жолын емес.
9 – Жарылқаўлар дегени — бул олар Ўәде етилген жерде жасайды, үбирли-шүбирли болады ҳәм Құдайдан жарылқаўлар алады. Нәлетлер — бул олар ўайран қылынады ҳәм Ўәде етилген жерде узақ ўақыт жасай алмайды дегени.

Нызамның қайталаныўы 13-Сабақ:

# Келешекке болған нәзер



31 ҳәм 32-бапларда Муўса әлле қашан айтқан нәрселерин қайталап атыр. Бирақ оларды жаңадан айтып атыр, соның ушын ески ҳақыйқатлар бизлердиң жүреклеримизге жаңадан тәсир етиўи мүмкин. Бул баплар бизлерге Қудайдың — садық, жақсы ҳәм минсиз Патша екенин еслетип атыр. Бизлер Оған сондай арқайын садықсыз болыўымыз мүмкин, бирақ бәрибир Ол бизлердиң бузылған қарым-қатнасларымызды тиклеўди даўам ете береди. Сол себептен бизлер минетдаршылық сыпатында күш салып, Оған болған сүйиспеншилигимизди көрсетейик ҳәм Оның сөзине бойсынайық.

## Қудай бизлер менен бирге

**Нзм. 31:1–8** аятларын оқың.

Усы бапта Муўса өзи болмайтуғын ўақытқа Қудайдың халқын таярлап, оларға сөз сөйлеўин даўам етип атыр.

Муўса халықты Ўәде етилген жерге Иордан дәрьясын кесип өтиўге жетелемейди.

Нзм. 31:3 аятында Муўса халыққа не деп атыр? [1]

Ол халықтың жаңа жетекшиси Ешуа болатуғыны ҳаққында оларға еслетип атыр, бирақ негизинде Қудай олардың Патшасы ҳәм Жеңилмейтуғын Әскери болып есапланады.

8 аятта Муўса Ешуаға не айтып атыр? [2]

Бундай әжайып тастыйықнама Ешуа ушын Ешуа китабында (Ешуа 1:5) ҳәм бизлер ушын Жаңа Келисимде (Матта 28: 20 ҳәм Евр. 13:5) қайталанып атыр! Жетекшилеримиз ҳәм устазларымыз бизлерди таслап кетиўи мүмкин, бирақ Қудай ҳеш қашан таслап кетпейди!

## 1-Шақырық

Муўсаның Қудай туўралы айтқан: *«Ол сени ҳеш қашан таслап кетпейди!»* (Нзм. 31:8) деген қымбатлы сөзлерин көбинесе сиз қандай ўақытта еслеўге мүтәжсиз?

Егер өмириңизде үлкен өзгерис болып атырса, сизиң жасап атырған жериңизде, жумыс ислеп атырған жериңизде, ямаса шаңарағыңызда, сиз усы әҳмийетли сөзлерди есте тутыўыңыз керек. Егер Қудайды сүйиўге ҳәм Оған бойсыныўға умтылып атырған болсаңыз, Ол бизлерди ҳеш қашан таслап кетпейди!

Сиз усы сөзлерге екиленген ўақтыңыз болды ма?

# Ҳәр бир адам Қудайдан қорқыўды үйрениў керек

**Нзм. 31:9–13** аятларын оқың.

Муўса халыққа Қудайдың нызамларын билиў кереклигин еслетип атыр.

Оның нызамын ким тыңлап, үйрениў керек еди (12–13 аят)? [3]

Муўса Қудайдың буйрықларын жазып, оларды Израилдың руўханийлерине ҳәм ақсақалларына тапсырды. Тек ғана оларда Қудайдың сөзиниң экземплярлары бар еди. Олардың жумысы, Қудайдың халқына (ҳаяллар ҳәм балаларды қосқанда) сол сөзлерди үйретиўи керек еди. Бүгинги күнде исениўшилердиң көбисинде өзи менен өзи отырып, Қудайдың Сөзин оқыўға мүмкиншилик бар. Олар ҳәм китаптан ҳәм телефоннан оқый алады. Бирақ исениўшилер балаларын Қудайдың сөзин ҳәр дайым үйретпейди. Балалардың жас ўақтынан баслап Қудайдың сөзин үйрениўи жүдә әҳмийетли.

## 2-Шақырық

Ата-аналар Қудайдың сөзин оқыўды өзиниң балаларының өмириниң бөлеги қылыў керек. Исениўшилердиң жыйналысы балаларға түсиникли қылып, Қудайдың сөзин еситиў мүмкиншилигин бериўи мүмкин. Сол ўақытта олар Қудайдың сөзин сүйиўди үйренеди.

Сизиң үйиңизде ямаса жәмәәт ушырасыўында усындай болып атыр ма? Егер яқ болса, сиз балалардың Қудайдың сөзин сүйиўи ушын не нәрсе ислей аласыз?

# Қудай бизлердиң Оны тез умытып кететуғынымызды биледи

**Нзм. 31:14–29** аятларын оқың.

Муўса Қудайдың халқы өзлерин қутқарған, өзлерине ғамхорлық қылған ҳәм ўәде етилген жерге алып келген Қудайға опасыз болатуғынын билетуғын еди (15–29 аят).

***«Мен олардан жүзимди жасыраман»*** (17–18 аят): бул бизлерде жүз бериўи мүмкин болғанлардың ең қорқынышлысы; Қудайдың бизлерден Өз жүзин жасырыўы.

Рууханийдиң ақ пәтиясында Қудайдың жүзине тийсли не нәрсени сорайды (Сан 6:24–26)? [4]

Жаңа Келисим бизлерге әжайып ўәде берип атыр: егер кимде ким Ийсаның изинен ерсе, ол бир күни Қудайдың жүзин көреди! (Аян 22:4)

Жаратқан Ийе Өз халқынан жүзин бурмағаны қаншелли қуўанышлы! Бизлер қаншелли Оны қапа қылсақ та, Ол хәмме ўақытта Өзине қайтып келиўге бизлерге мүмкиншилик береди.

Хош Хабар — бул шынында да Жақсы Хабар!

## 3-Шақырық

Бизлер Қудайға аңсат ғана садықсызлық қылып қойыўымыз мүмкин. Сиз хәр күни гүнаңызды көрсетиўди Қудайдан сорайсыз ба? Сиз хәр күни жүрегиңизди Ийсаның қаны менен тазалаўын Қудайдан сорайсыз ба?

Бизлер хеш қашан өмиримиздеги гүна менен көнлигип қалмаўымыз керек! Бир гүна арқайын басқа гүнаға алып келеди. Бизлер гүна өсип кетпеўи хәм бизлерди Қудайдан алып кетпеўи ушын хәр күни тәўбе етиўимиз шәрт.

# Муўсаның жыры



Муўса халықты 32-бапта бизлер оқып атырған қосыққа үйретти. Бул күшли қайғының қосығы. Бул Қудайдың Өзи сүйген халқына болған қапашылығын көрсетеди. Ол халықты Қудайға болған садықсызлықтан қорғаў ушын усы жырды кейинги әўладлардың айтыўын қәледи (Нзм. 31:19).

## 4-Шақырық

Қосықлар — бул әхмийетли ҳақыйқатларды ядлап қалыўдың жақсы усылы. Олар көп ўақытқа бизлердиң жүрегимизде хәм ойымызда қалыўы мүмкин. Сол себептен бизлердиң исениўшилер жыйналысларымызда өмиримизди өзгертетуғын хәм Қудайдың сөзине муўапық ҳақыйқатларға толып атырған қосықларды таңлаўымыз керек. Сизиң жыйналысыңызда қосықлар таңлайтуғын адамлар қосықлардың сөзлери Қудайдың сөзине муўапық екенлигин жақсылап тексере ме?

**32-бапты** оқың. Қудай хәм Оның халқы ҳаққында бизлерге нени үйретип атырғанына итибар бериң.

Муўса Қудай хәм Оның халқы туўралы ең әхмийетли ҳақыйқатларын Израил халқы еслеп жүриўин қәлейди.

- **Қудай ҳаққында бизлер нелерди билип аламыз? (4, 6, 10–14, 16, 18, 19, 21 аятларға қараң)** [5]

- **Қудайдың халқы туўралы нелерди билип аламыз? (9–10 аятлар)** [6]

***Мүлик пайы*** (9 аят): Қудайдың халқы енди Қудайға тийисли. Және де, бир күни Қудай Өз халқы менен ләззетленип, мәңгиге минсиз ҳәм бузылмайтуғын қарым-қатнасқа ийе болады!

Бул атастырылған қызға уқсайды. Ол өзиниң келешек күйеўине тийсли, бирақ қарым-қатнаста толығынша тек ғана тойдан кейин ләззетлениўи мүмкин. Аян китабында Ийсаның қайта келиўи Оның тойындай қылып жазылған (Аян 19:7). Сондай-ақ, Нызамның қайталаныўы китабында да Жаратқан Ийе Өз халқының сүйиспеншилигин қызғанып атыр.

***Көзиниң қарашығындай*** (10 аят): қарашық — бул бизлердиң соншелли күшли қорғалып турған денедеги ең сезгир бөлеги. Қудай Өзиниң халқын басқалар сүйгенинен гөре күшлирек сүйеди ҳәм ҳәр қандай зыян келтиретуғын нәрселерден қорықпайды!

- **Қудайдың халқы қандай ўақытта Оннан жүз бурыўға жүдә мейилли болып қалады? (15 аят)** [7]

***Олардың жүзим шақалары Содом шақасынан, бағлары Гомора бағларынандур*** (32 аят): булар соншели жаўыз болған еки бай қала еди, сонда Қудай оларды жоқ қылыўды шешти. Усы туўралы сиз Жар. 19-бапта оқып көрсеңиз болады. Израил егер Қудайға ҳәм Оның жақсы нызамларына қарсы шыға берсе, оларды да сондай тәғдир күтип турған еди.

- **Адамлар табынып атырған жалған қудайлар ҳаққында бизлер нелерди билемиз? (17 ҳәм 21-аятларға қараң)** [8]

Жалған қудайлар ҳеш нәрсе қыла алмайды ҳәм оларда ҳеш қандай кәрамат ямаса қутқарыў тарийхы жоқ.

***Олар жинлерге қурбанлық берген*** (17 аят): Ҳәр бир адам бир нәрсеге ямаса биреўге табынады. Бирақ адамлар өзлериниң табынып атырған затлардың артында шайтан турғанын билмейди. Шайтан бизлерди Қудайдан табыныўдан қайтарып, өзине табыныўға алып кетиўди жақсы көреди.

- **Қудай Өз халқының опасызлығы ушын не қылатуғыны туўралы бизлер не билемиз? (Нзм. 30:20–23)** [9]

***Мен де халық болмаған бир халық пенен, олардың қызғанышын оятаман*** (21 аят): елши Павел бул аятты Рим. 10:19 аятта не себептен Қудай Өз халқынан бас тартып, басқа халықлардың адамларын Патшалығына қабыл еткенин түсиндириў ушын пайдаланады. Израил басқа қудайларға табынып, Қудайдың қызғанышын оятты. Сол себептен Қудай басқа халықларға қутқарылыў берип, оларда қызғаныш оятып баслады (**Рим. 11:11, 14** аятларға қараң).

***Олардың басына апат жаўдыраман*** (23 аят): Қудай сондай қорқынышлы ис ислеў керек еди. Егер Ол усыны ислеменгенде, Оның халқының исеними бузылған ҳәм жойтылған болар еди. Сондай-ақ, Ибрайымға Қудай тәрепинен берилген Аян жоқ болып кеткен болар еди. Қудай, Оның

Келисими, Оның нызамы, Оның жери, Оның халқы ҳәм Оның мақсети ҳаққындағы ҳақыйқат Оның жалғыз Баласы келгенге дейин беккем сақланыўы керек еди (Юхан 3:16).

- **Қудайдың халқының даналығы ҳаққында бизлер нени билемиз? (28 аятқа қараң.)** [10]

Қыйыншылықлар арқалы Қудай оларды үйретип атырғанын олар ҳеш түсинбеген. Бул соншелли тарқалып кеткен машқала еди, ҳәттеки Ески Келисимдеги пайғамбарлар өз халқын қойлар деп атаған (Ийш. 53:6, Ерм. 50:6). Олар ақылсыз еди ҳәм басқалар қылған ислерди қылған еди. Деген менен, Қудайдың жақсы Шопан көриниси, егерде бизлер Оның изинен ерсек, қәўипсизликте болып, Ол бизлерге ғамхорлық етеди (Заб. 23). Бул бизлерди таң қаларлық ҳақыйқатқа алып келеди:

- **39–43-аятларда Қудай ислеген исинен нени билип аламыз?** [11]

Қудайдың халқы жүдә ҳәлсиз болғанда (36 аят), Жаратқан Ийе оларға жәрдемге келеди ҳәм олардың душпанларын қыйратады (41–42 аят).

Ол ***Өз жерин ҳәм Өз халқын пәклейди*** (43 аят): Қудайдың Өзи олардың гүналарын пәклейтуғыны қандай әжайып. Әдетте руўханий адамлардың гүналары ушын қурбанлық беретуғын еди (Леб. 6:7), ал бул жерде болса Қудайдың Өзи ислеп атыр!

Жаңа Келисимде бизлер тек ғана Қудайдың Улы дүнья ушын берген жалғыз минсиз қурбанлық арқалы пәклениў мүмкин болғанын билип атырмыз! (1 Юх. 4:10) Бирақ гүналарымызды тек «ашық тән алсақ» ямаса Қудайдың алдында мойынлап, тәўбе етсек ғана гүналарымыз кешириледи (1 Юх. 1:9).

## 5-Шақырық

Сиз ҳәр күни Қудайдың ким екенин, өзиңниң ким екениңди, өзиңниң қаншелли гүнакар екениңди ҳәм Хош Хабар қаншелли қуўанышлы екенин тән аласыз ба?

## *Қосымша:* Жаратқан Ийе — бизлердиң Жартасымыз

«Жартас» деген сөз усы қосықта Қудайды сүўретлеў ушын 5 мәрте пайдаланып атыр (4, 15, 18, 30 ҳәм 31 аят.).



Үлкен Жартасты шөлдиң ортасына көз алдыңызға келтирип көриң. Бул сөз бизлерге Қудай ҳаққында не айтады? [12]

Бул сөзди сүўреттен бизлер және түсиниўимиз мүмкин болған басқа пикирлер бар. Базыда таслар аўқат береди:

**Оны жартастан аққан пал менен, Таслы жерден шыққан зәйтүн майы менен тәмийинледи** (13 аят): жабайы пал ҳәррелер уяларын жартаслар арасына қуратуғын болған. Ал зәйтүн тереклери болса басқа тереклер өспейтуғын жерлерде, және де таслар арасында да өсетуғын болған.

Үйди шеге қум үстине қурғанға қарағанда жартас үстине қурған жақсырақ. Ийса бул туўралы тымсал айтып берди (Матта 7:24–27).

Енди, «Жартас» деген сөз бизлерге Қудай исенимли ҳәм Ол бизлерди тәмийинлейди дегенди билдиреди. Басқа «қудайлардың» дым пайдасы жоқ. Олар бизлерди қорғай алмайды, жәрдем бере алмайды ямаса тәмийинлей алмайды. Олар өмиримизди қурыўымыз ушын ҳеш қандай беккем тийкар бола алмайды. Егер өз өмиримизди жалған қудайлардың үстине қурсақ, бизлер набыт боламыз (Матта 7:27).

## Усы сабақта Қудай бизлерге нелерди айтты?

## Усы 5-Шақырықтың қайсы бири ҳаққында ойланып, дуўа етиў керек?

# Үйге тапсырма

**Нзм. 33 ҳәм 34-бапларды** кейинги сабаққа шекем оқып шығың.

# Жуўаплар

1 – *«Сизлер Қудайыңыз Жаратқан Ийениң басшылыгында Иорданның аргы жагына өтесиз. Ол сол жерде жасайтугын халықларды жоқ қылады. Сизлер олардың еллерин мүлик етип, ийелеп аласыз».*

2 – *«Жаратқан Ийениң Өзи сениң алдыңда жүрип, саган яр болады. Ол сени тәрк етпейди ҳәм таслап кетпейди. Қорқпа ҳәм қәўетерленбе».*

3 – Еркеклер, ҳаяллар, балалар ҳәм олардың қаласында жасап атырған келгендилер.

4 – *«Жаратқан Ийе сизлерге Өз жүзиниң нурын шашсын, реҳимли болсын! Жаратқан Ийе сизлерге Өз нәзерин салсын ҳәм тынышлыгын берсин!»*

5 – *Ол жартасымдур* (4 аят); *Оның ислери минсиздур* (4 аят); *Барлық жоллары әдилдур* (4 аят); *Наҳақлық қылмайтугын садық Қудайдур. Ол әдил ҳәм ҳақыйқатдур* (4 аят); *Ол Әкеңиз ҳәм Жаратыўшыңыз* (6 аят); *Жаратқан Ийе оларды таўып алды, орап алып, гамхорлық қылды, қоргады* (10 аят); *Қанатларын жайып, палапанларын көтерип жүрген бүркиттей* (11 аят); *Қудай оларды тәмийинледи* (13 аят); *Қудай оларды туўды, дүньяга келтирди* (18 аят); *Ол қызганатугын ҳәм гәзепленетугын Қудай* (21 аят).

6 – *Оның халқы — Оның үлеси, Оның пайына түскен мүлкидур, Көзиниң қарашыгы.*

7 – Адамлардың байлығы көбейген сайын, олар Қудайға болған мүтәжлигин сезбей баслайды. Оларды Қудайдың жаратқанын, сүйетуғынын, қутқарғанын ҳәм ҳәр түрли жоллар менен жарылқағанын умытып кетеди... *олар өзлерин жаратқан Қудайды таслап кетти.*

8 – Олар «*жақында пайда болган*» жинлер.

9 – Қудай *халықтан жүзин жасырады; Өзиниң халқы болмаган халық пенен, олардың қызганышын оятты; олардың басына апат жаўдырды.*

10 – *Олар ақылын жойтқан халықдур, оларда ҳеш қандай сезим жоқдур.*

11 – Қудай халықты тирилтеди, шыпа береди, оның душпанларынан өш алады ҳәм Өз халқының елин пәклейди.

12 – Ол ҳәр қандай «даўыллардан» қорғайды ҳәм саратан «ыссыда» көлеңке болады.

Нызамның қайталаныўы 14-Сабақ:

# Ақырғы ескертиў ҳәм жигерлендириў



33 ҳәм 34-бапларда Муўсаның халыққа болған ақырғы ескертиўи ҳәм жигерлендириўи туўралы оқыймыз. Усы сабақты үйренип атырған ўақтыңызда, Қудайдың сизлерге қандай ескертиў ҳәм жигерлендириў бериўди қәлеп атырғанына итибар бериң.

33-бапта бизлер Муўсаның 12 урыўға пәтия берип атырғаны ҳаққында оқып атырмыз. Бул 500 жыл бурын Яқып 12 улына пәтия берип атырғанына уқсайды (Жар. 49:1–27). Буны ислеп, Муўса халыққа Қудайдың Өз Келисимине 500 жыл даўамында садық болғанлығы туўралы еслетип атыр! Олар Иордан дәрьясын Муўсасыз кесип өтпекши еди, ал бирақ Қудайсыз емес! Ол кейинги ўақытларында да Өз халқына садық болады!

Өткен 40 жыл даўамында Муўса усы халықты жақсы билип алды. Бул ең әҳмийетли нәрсе ҳаққында айтыўға оның ақырғы мүмкиншилиги еди. Ўәде етилген жер олардың үлкен байлыққа ийе болатуғын жери еди, соның менен бирге олардың руўхый қәўипли жери еди. Сонлықтан жақсы шопан сыпатында, Муўса оларды және бир мәрте ескертип, жигерлендирип атыр.

## Муўса 12 урыўды жарылқап атыр

**Нзм. 33-бапты** оқып шығың — бир неше атларды танымасаңыз ҳеш кеўлиңиз түспесин. Тек ғана өзиңизди олардың арасында турып, Муўсаны тыңлап атырғандай қылып сезиң. Сизге көбинесе тәсир етип атырған сөзлерге ҳәм аятларға итибар бериң. Бапты оқып болғаннан соң, олар ҳаққында топар менен бөлисиң.

Муўсаның Израил халқына ескерткиси келген базы ҳақыйқатлар:

- Қудай Мысырдан алып шыққан Өз халқы менен Келисим дүзиў ушын келди (1–5 аят). Солай етип, Жаңа Келисимде де Жаратқан Ийе Ийсаның көринисинде келди (Юхан 1:14).
- Урыс ҳәм қарсылықлар өмирдиң бир бөлеги болып есапланады (7, 11, 20, 22 аят).
- Жетекшилер Қудайды өмиринде биринши орынға қойып, өрнек болыў керек (8–10 аят).

- Қудай Өз халқын қорғайды ҳәм оларға ғамхорлық қылады (12 аят).
- Руўхый жақсы өним қыйыншылықлардан келип шығады — Юсуп жақсы «жемисли» болмасынан алдын, ол көп жыл қуллықта, кейин қамақханада жасады (13–17 аятлар).
- Тек қуўанып жүргенлер ҳәм басқаларды Қудайға табыныўға шақырғанлар ғана Қудайдың халқы бола алады (18–19 аятлар).
- Қудай Өзине қулақ салғанларды жарылқайды — Гад урыўы өзине жер алғанына қарамастан, Қанан жерин ийелеп алыўға басқалар менен бирге барды (20–21 аятлар). (Бул ҳаққында бизлер Сан. 32:16–19 аятларында оқыймыз.)
- Қудай Өзиниң халқына жәрдем береди (23–29 аятлар).
- Жаратқан Ийе — Өз халқына ғамхорлық қылатуғын қүдиретли Патша (26–29 аятлар).

Усы ҳақыйқатлардан қайсы бирин сиз өзиңизге бүгинги күнде еслетип турыўыңыз керек?

## 1-Шақырық

Сиз Қудайды ҳәр күни ислеген кәраматлары ушын, сизди қутқарғаны ушын ҳәм ғамхорлық қылып атырғаны ушын алғыслайсыз ба? Егер яқ болса, өз әдетиңиздиң бири қылыў ушын, буны қалайынша өмириңиздиң бөлеги етиў туўралы ойланып көриң.

# Муўсаның өлими



**Нзм. 34-бапты** оқып шығың.

Муўса өлиминен алдын не иследи (1–4 аятлар)? [1]

***Сол жерде Қудай оған пүткил елди көрсетти*** (1-аят): Израил халқы ушын «жерди көзден өткериў» оны ийелеп алыўдың бир бөлеги болды. Ибрайым сол жерди Жар. 13:14–15-аятларында көрип шықты. Шайтан Ийсаны пүткил дүньяның патшалықларын көрсетип, өзине табындырыў ушын азғырған еди (Матта 4:8). Ийса үлкен тойға мирәт етилгенлер туўралы тымсал айтып бергенде, сол тымсалдағы бир адам енди ғана «жер сатып алған едим, соны барып көриўим керек» деп айтады (Лука 14:18). Солай етип, Муўсаның ўәде етилген жерди көриўи, бул Қудайдың халқы атынан сол жерди нызамлы түрде ийелеўи айрықша жетискенлик еди.

Муўсаға ўәде етилген жерге кириўге мүмкиншилик қашан пайда болды? Матта 17:1–3 аятларына қараң. [2]

Муўсаға уқсап, бизлерде де ўәде етилген жерге (Жаңа Ерусалим) узақтан қараўға мүмкиншилик бар, бирақ ҳәзирше бизлер ол жерге кире алмаймыз. Еврейлерге жазылған хатта жазылғанындай: «*Алдын айтылған бул адамлардың ҳәммеси де өмирлериниң ақырына дейин исенимин сақлап қалды. Ўәде етилгенлерди алмаса да, оларды узақтан көрип қуўанды. Олар өзлериниң жер жүзинде жат ҳәм қонақ адамлар екенин ашық мойынлады*» (Еврей. 11:13).

Петр де солай деп жазған: «*Ийемиз Ийса Масийхтың әкеси — Қудайға алғыслар болсын! Себеби Ол Өзиниң шексиз мийрим-шәпәәти менен бизлерди жаңадан туўылдырды. Сонлықтан Ийса Масийхтың өлимнен тирилиўи арқалы бизлерге сөнбейтуғын үмит берди. Ол бизлерди ширимейтуғын, пәк ҳәм ескирмейтуғын бир мийрасқа еристирди. Усы мийрас сизлер ушын аспанда сақлаўлы тур. Заманның ақырында аян болыўға таяр турған қутқарылыўға ерисиўиңиз ушын, сизлер исенимиңиз арқалы Қудайдың қүдирети менен қорғалмақтасыз*» (1 Пет. 1:3–5).

Бизлер Қудайдың мийрасхорларымыз, өйткени бизлер Оның балаларымыз (Юхан 1:12), бирақ аспанның мына тәрепинде бола турып, бизлер толығынша өз артықмашылығымыз бенен ләззетлене алмаймыз. Тек ғана Жаңа Ерусалимде бизлер ўәде етилген нәрселер менен ләззет алыўымыз мүмкин: минсиз қарым-қатнаслар, мәңгиликке саў дене ҳәм шексиз гуллеп-жайнаў!

Муўсаның ўәде етилген жерге болған көз-қарасы бизлердикине қай тәреплеме уқсас? [3]

Ўәде етилген мәңги жерге көзимизди үзбей қарап жасаўымыз ушын, не ислей аламыз? [4]

***Мәңгиликтиң Қулы*** (5 аят): Елшилер өзлерин усылай атайтуғын еди (мысалы: Рим. 1:1, Яқып 1:1, 2 Петр 1:1). Ҳәр бир исениўши адам мәңги Қудайдың қулы болыўы керек. Бизлер ҳәмме ўақытта Ийемиздиң кеўлин қалай табыўды ҳәм Оған даңқ алып келиўди ойланыўымыз керек. Өзлеримизге ҳәзлик ямаса алғыс излемеўимиз керек.

Қулдың ўазыйпасы қандай? [5]

## *Қосымша:* **Мәңги Қудайдың қулы**

«Мәңги Қудайдың Қулы» деген атама Ийшая китабында әҳмийетли.* Төрт үзиндиде Ийшая мәңги Қудайдың Қулы ҳаққында айтып атыр. Сол Қул израилдың Қудайға қайтыўына мүмкиншилик береди. Керек болса басқа халықлардың Қудайға келиўине мүмкиншилик береди. Ол буны Өз өлими менен адамлардың гүналары ушын қун төлеп, әмелге асырады (Ийш. 53:5–6).

*Ийшая 42:1–9, 49:1–12, 52:13–53:12

***Ҳеш ким оның қәбири қай жерде екенин билмейди*** (Нзм. 34:6): бәлким бул Қудайдың Муўсаға ўәде етилген жерге кириўине рухсат бермегениниң және бир себеби болған шығар. Қудай халқының арқайын надурыс ислер ислеўи мүмкин екенин билетуғын еди. Муўса Израил халқы ушын соншелли әҳмийетли инсан болғанлықтан, олар аңсат ғана Муўсаның қәбирин табынатуғын орын қылыўы мүмкин еди. Бүгинги күнлери адамлар әўлийелерге барып, «мухаддес адамлар» деп билген қәбирлерге табынғаны сыяқлы, халық Муўсаның қәбирине баратуғын еди. Енди Қудай Муўсаға ўәде етилген жердиң сыртында өлиўге жол қойды, сонлықтан ҳеш ким оның қәбири қай жерде екенин билмейди.

***Жаратқан Ийе жүзбе-жүз көрисип, сөйлесетуғын еди*** (Нзм. 34:10): ҳәр күни болатуғын қыйыншылықларды шешиў ушын, исениўшилердиң Қудай менен ҳәр күни көрисиўи жүдә әҳмийетли. Әсиресе бул жетекшилерге тийисли.

## 2-Шақырық



Сизде Қудай менен ҳәр күнлик ушырасыў бар ма?

Егер жоқ болса, өзиңизден сораң, қанша ўақыт телефоныңызда ямаса телевизорыңызда өткизесиз. Сиз ушын не нәрсе әҳмийетлирек: келген хатларды көриў ҳәм социал тармақларды тексериў ме ямаса Қудайдың сөзин оқыў ма?

Сиз Қудай менен жақын қарым-қатнаста болып, ләззетленип атырғаныңызға исенимли болыўыңыз ушын, сиз қандай өзгерислер киргизиўиңиз керек?

***Израил халқының көз алдында қүдиретли, уллы ҳәм қорқынышлы ислер ислеген Муўса сыяқлы ҳеш ким ислемеген*** (Нзм. 34:12): Нызамның қайталаныўы китабы негизинде Муўсаның сөзлери болып есапланады. Бирақ кейинирек биреў сол китапты редакторлап, бүгин бизлердеги бар китапқа айландырғанын көремиз. Сол себептен бизлер «Мен айттым» дегенниң орнына, «Муўса айтты...» дегенди көремиз. Және де, китаптың ақырында оның өлими ҳаққында оқыймыз. Китапты редакторлаған адам Муўсадан кейинлеў жасағанын көрип турмыз. Қудай Муўсаны усы китапты жазыўға жигерлендиргениндей, усы китапты редакторлаған адамды да жигерлендирген. Редакторлаған адам Израилдың тарийхына қарап, көп пайғамбарлардың келип ҳәм кеткенин көрген. Бирақ ҳеш қайсысы Муўсадай уллы болмаған еди.

Муўсаның Қудайдың уллы қулы болыўына не нәрсе тәсир етти? Муўса Шығ. 33:13 аятында не ҳаққында дуўа етти? [6]

Муўсаның өмири даўамында мотивациялары мыналар болды:
- Қудайдың жолын билиў
- Қудайды билиў
- Оған ләззет алып келиў, яғный Қудайдың кеўлин табыў

## 3-Шақырық

Сизге не нәрсе мотивация береди?

Сол мотивациядан сиз қандай нәтийжелер көрип атырсыз?

Қудай сизди шақырған Оның минсиз хызметкери болыўыңыз ушын, сиз қандай өзгерислер киргизгиңиз келип атыр?

Муўса Қудайдың халқын тек ғана қуллықтан азат етип, ўәде етилген жерге алып шыққан жоқ. Ол және де, Қудайдың халқы үш ярым мың жылдан берли оқып киятырған Қудайдың Сөзлерин жазып алды!

Мухаддес Жазыўдағы биринши бес китап, яғный Таўрат китабы Муўсаға Қудайдың руўхландырыўы арқалы берилди. Қудайды түсинип билиў ушын ҳәм Оны танып билиў ушын, бизлерге усы китаплар жүдә үлкен мәниске ийе.

Қудайдың халқының барлық көтерилисине қарамастан, Қудай оларға садық болыўды тоқтатпады.

Ҳәттеки, Өзиниң мақсетине ерисиў ушын, Қудай Таала ҳәзир де жумыс ислеўин тоқтатпады. Бир күни Ол кейинги нәрселерди алады:

- мухаддес халық (Аян 20:6),
- ҳәр бир халықтан (Аян 7:9),
- олар қәўипсизликте, тынышлықта ҳәм гүллеп-жаснаўда мәңгиге ўәде етилген жерде жасайды (Аян 22:1–5),
- олар сүйетуғын Патшалар Патшасының қол астында жасайды! (Аян 19:16)

## 4-Шақырық

Қудайдың ҳәр түрли миллетлерден Өзине адамларды жыйнап алыў жобасына қосылыў ушын, сиз не ислеп атырсыз?



### Жаратқан Ийе усы сабақ арқалы сизге не деп атыр?

# Жуўаплар

1 – Ол ўәде етилген жердиң ҳәммесин көриў ушын, таўдың басына көтерилди.
2 – Петр, Яқып ҳәм Юханның көзинше Ийсаның түр-түсиниң өзгерген ўақтында.
3 – Бизлер мәңгиге ўәде етилген жерге узақтан қараўымыз мүмкин, бирақ ҳәзирше бизлер ол жерге кире алмаймыз. Бизлер мийрасхормыз, бирақ аспанның мына тәрепинде бола турып, бизлер толығынша өз артықмашылығымыз бенен ләззетлене алмаймыз.
4 – Қудайдың сөзин оқып, ой жуўыртып, басқа исениўшилер менен көрисип ҳәм олардан Ийсаның изине қалай ериў кереклиги ҳаққында көбирек билип алып, бизлер мәңгиге ўәде етилген жерге кире аламыз.
5 – Қулдың ўазыйпасы — өзиниң ийесине бойсыныў ҳәм оның кеўлин табыў.
6 – *Егер мен Сениң мийримиңе ерискен болсам, өтинемен, маған Өз жолыңды көрсет. Сени еле де жақсы билип, мийримиңе ерисип барайын. Бул халықтың Өз халқың екенин умытпа.*

# **Қутлықлаймыз!**
# Сиз Нызамның Қайталаныўы китабы бойынша сабақлығын питкердиңиз!

Усы китаптан Қудай туўралы жүдә көп нәрселер билип алыўға болады. Ал усы китаптың тәсирин Мухаддес Жазыўдың басқа китапларында да көриўимизге болады! Бул сабақлық сизиң өмириңиз бойы усы китапқа болған ҳәм әлбетте Қудайға болған сүйиспеншилигиңизди оятыў ушын исленип шығарылған!

**Усы сабақлық пенен сиз ким менен бөлисе аласыз?**

# Мазмуны


| | | |
|---|---|---|
| **Нызамның қайталаныўы 1-Сабақ:** | Пайғамбар ҳәм Ўәде | 7 |
| **Нызамның қайталаныўы 2-Сабақ:** | Жетекшилер ҳәм шәкиртлер | 16 |
| **Нызамның қайталаныўы 3-Сабақ:** | Бирлик ҳәм Жаңа жетекшилик | 24 |
| **Нызамның қайталаныўы 4-Сабақ:** | Өмирди таңлаң! | 31 |
| **Нызамның қайталаныўы 5-Сабақ:** | Жаратқан Ийениң ҳүкими ҳәм реҳими | 37 |
| **Нызамның қайталаныўы 6-Сабақ:** | Он Буйрық (1-бөлим) | 44 |
| **Нызамның қайталаныўы 7-Сабақ:** | Он Буйрық (2-бөлим) | 51 |
| **Нызамның қайталаныўы 8-Сабақ:** | Мәңги болған Қудайыңды сүй | 59 |
| **Нызамның қайталаныўы 9-Сабақ:** | Жерди ийелеп алыў | 67 |
| **Нызамның қайталаныўы 10-Сабақ:** | Қудай Тааланың буйрықлары | 76 |
| **Нызамның қайталаныўы 11-Сабақ:** | Жарылқаўлар ҳәм нәлетлер | 85 |
| **Нызамның қайталаныўы 12-Сабақ:** | Мухаддес Келисимниң жаңаланыўы | 92 |
| **Нызамның қайталаныўы 13-Сабақ:** | Келешекке болған нәзер | 98 |
| **Нызамның қайталаныўы 14-Сабақ:** | Ақырғы ескертиў ҳәм жигерлендириў | 105 |

Усы 14 сабақтан ибарат болған сабақлық сизди әжайып Нызамның Қайталаныўы китабынан өткизип шығады. Нызамның Қайталаныўы китабы Ески ҳәм Жаңа Келисимдеги қалған китапларды түсиниў ушын тийкарғы китап болып есапланады. Усы китап тек ғана Ески Келисимдеги Израил халқына емес, ал бүгинги күнде бизлер ушын да жазылған. Бул сабақлық Орта Азиядағы исениўшилердиң кишкене топарларының биргеликте үйрениўи ушын ислеп шығарылған. Ҳәр бир сабақта көплеген сораўлар бар, ал олардың жуўаплары ҳәр сабақтың ақырында жайласқан. Бизлердиң Әжайып Қудайымыз ким екени ҳәм Ол бизлер ушын не ислегени ҳаққындағы түсинигимизди Қудайдың Өзи усы сабақлық даўамында кеңейтсин!

KAA